

SERAT CENTHINI PEGON

PUPUH I DHANDHANGGULA

01

Bismillahirrahmantirrahim, wong angripta atembang artati, anglengkara wong angapus gita, tan patut lan yatmakane, dening wong mudha punggung, cumanthaka paksa kuwawi, kewala sung paguywa, nira kang wus luhung, wonten janma linengkara dyah susela warnanira ayu luwih, wasta Ken Tambangraras.

02

Tambangraras tansah brangta kingking, kasaputan betaning manah bawa, lawase tilar kakunge, anembang pangan turu, yrn raina anggung prihatin, raga anggung asmara, angging den selamur, cihnawe wong among karsa, warna angling jiwa tandhane prihatin, sinamun ing asmara.

03

Sampun lingsir, Sangyang Swandagni meh sumurup tungganging ancala, ternalate samya sare, Sangyang Arka sumurup, Tambangraras mangke ginupit, mungguh ing pagulingan, ing sakapat arum, asare kalih pawongan, kakungira kepi ngeruwangi guling, ngipi pulang asmara.

04

Karagan-ragan swapenaneni, angrok asmara apulang raras, rageming jro swapenane, kadya duk uripipun, ing jro swapena apulang rasmi (hlm. 1), leliwatan den tilar, meh prapta ing kayun, kagyat dening wong anggentang, sanglilire gaguling den sungkemi, Tambangraras karuna.

05

Dennya anangis anjerit kapati, awor lulu ting asmara nala, rageming jro swaapena, bantal teles dening luh, penangise angler sundari, sesambat lir taluktak, tangise ambarung, sinrang lan krosoking toya, panangise tan pindah swarane, oreg anggepok parang.

06

Tan pindhah brebara ngusweng sari, aneng tawang tangise raras, asor kang madu manise, sesambatnya mlas ayun, amumpuni kang sarwa sari, tan pindah madu brata, kalatya mangun yun, lawase dyah jrone pura, penangise katon langene jro puri, duk jinatening tilam.

07

Pawongane iku matur aris, paran marmane sang dyah karuna, ayun wruh ing darurane, suwapenane tutur, gustinira babu Centhini, ing wau kaswapena, ngruwa ing atur, teka ambantali asta, sraya ngayuh madya tur angaras pipi, marma nangis karuna.

08

Tigang warsa kirang kalih sasi, patilare babu gustinira, during katon ing pangipen, balik duk uripipun, lamun lunga ing wengi kepi (hlm. 2), angirimi asmara, babu watekipun, anging wau kaswapena, lelewane kaya saban duk aurip, marmaningsun karuna.

09

Gustine mangke den pituturi, sampun panjang pinreming wardaya, yekti luluh puwarane, balikan sinalemur, depun tulus pamrataning ati, akewet wong dadi edan, dening manah nglampus, sinamun ing brangta mreng Hyang, sinengker tan birahi maring Hyang Widi, rena satitahing Hyang.

10

Meneng sang dyah anuksma ing ati, amiarsa ature kawula, amicareng jro driyane, aris wijiling wuwus, mengkonoa babu Centhini, polahe gustinira, kadya amamungu, polahe brangta angarang, awak ingsun mangsa gagapa basuki, angur matiyeng wana.

11

Lampusing manah atemah brangti, arsa tilar sireng kawibawan, anggangge tambal karsane, Ni Centhini winuwus, asalina bawa tah nini, lah lunga angrubiyah, sun tilar bapebusun, ataki-taki, lampahsun, pepareb Ken Rubiyah Selabrangti, sun lunga anglelana.

12

Cangcalane twas lan anggung brangti, marteguh kesthi westining angga, lucita tinemu rehe, marmane anggeng wuyung kagrahita ing manah rusit, ing mangsa murgedha twan, kerwan ngangken tanu, apakara ing kawiryan, kewala santa pangringing-ringing ati, marmarening antara.

13

Adan mintar sira majing sasi, wus angganggya tambal tinambalan, mintar den cangking kaskule, kalih tatiyangepun, nora etang yaya bibi, muwah kang wong sakadang, donya nora ketung, lungane apekarasan, Selabrangta kesahing tilar rarepi, lampahnya majang wulan.

14

Lepas lampah Ni Selabangti, anglampahi parang jurang sekan, nora kandheg ing lampah, larinya lon andayung, nora etang durgaming margi, marga tan kinabayan, dening manah ngelampus, merak munya kidul kilen, panguwunge lir rena amituturi, kadya ken awangsul.

15

Panjriting wana (hlm. 3) munya tri, Kidang Menjangan samya srang-srangan, Bantheng jejawen rowange, mung Warak lawan Senuk, bal gedaba kelawan Bawi, ramya samya subawa, ing pangidhepipun, yen wonge kadya anapa, lah bagya dingaren, kampir teng riki, Selabrangti graita.

16

Ken Selabrangta angling ing ati, aningali badhagan wurahan, nora gingsir ing manahe, lir janma idhepipun, ing semune kadya mangsiti, byakta sira nambrana, ing pangadhepipun, tan akarsa kira-kira, yen during wruh polahe sajrone ati, kumambang karsaning Hyang.

17

Marga tumurun titisnya terbis, jengjem kasrambing sewala, kaumukan dukut mure, prapteng walahar ageng, panimpangan durgameng margi, galintungan ing sela, sinaput ing lumut, udaka adres garuntal, parang rejeng ing tepi curing angringin, sek tuwuhing cindhaga.

18

Kidul kile pagagan sumyak swaraning tunggu tanduran, karungwa mandra jelungan, ramya sinrenging wijung, tan pantara kukulan muni, parenhg lawan taluktak, lan sorak aumung, kewran Ni Selabrangta, kang kaesti punika rasaning pati, ing twas ngesthi durgama.

19

Riniring-niring datan kariring, karungrungan arungrung tan kintar, amireng wong tanpa gawe, mongmomg ing sipta ngungun, anggonitang anggeng prihatin, titir katiban warsa, datan kena jinum, jumput panjrahing rudita, kelawen-lawe puspita mwang kang sari, lali tan wringan maka.

20

Jurang sangkan tanjeg aneng margi, Cemara geng-geng sumyak kanginan, Kungkang munya ngerung arame, sih raina sumunuh, Yang Aruna nalika mijil, mega abang sumirat, alangen dinulu, byakta jingga teturuta, tiningalan asawang wastra manjethi, rinengga ing kanaka.

21

Saka matyan Yang Aruna mijil, wayah bangun rarasing tumingal, manaha anggeng wirage, angimbuhi atanu, rarasing twas anggeng akingkin, yaya upamakena (hlm. 4), warnane dinulu, wijilira Yang Aruna, kadya netra inguga apulang rasmi, kataman dening priya.

22

Sawijile saking desa Wadi, anuju kaleka mangsat kappa, tanggal ing dalukartine, sinungsung dening kang rum, pinerem mangke warnaning sari, mekar dangune lirang, anjrah sekaripun, rinubung dening jarahan, amrik minging gandaning jangga kasturi, mangeh Ni selabrangta.

23

Salangkah-langkah mandheg pan sarwi, tumingal maring langen kadriyan, amungun brangta rarase, we raksa pada palu, mung Saryalata adan aseme, titir katibe warsa, kang pepeteng alas gung, marga sumare sewengka, wuryane marga kadya angrujit siti, inggar kadusing warsa.

24

Ara-ara lurak lir jeladri, andedel tuwuhe kulampiyon, pacing anedheng sekare, Sembung awor singgugu, puspa Limbak lan Sanggalangit, kaselan wraksa praba, dukut merak agung, anerasah adan-adan, kakayone Wayha lawan Pedhali, lemah lebak galintang.

25

Antya langene kang aneng marga, panjrahing puspa tepining jurang, Srigadhing abra sekare, Tanjung Cempaka wungu, munggeng ken sekar Tengguli, Bakung tatar awarsa, anjrah sekaripun, Angrik lawan Mandhalika, sungsung guyup amilet lawan Wedani, tinon yaya ing surat.

26

Pakis sata tinon yayang tulis, alangu tuwuh tepining jurang, Seruni kuning rupane, kelayan Pacar banyu, Kembag sore lan Gandasuli, tirnon abra asinang, weneh rakta dadu, ana jingga teturutan, tiningalan asawang wastra tinulis, tinon agawe rimang.

27

Anggeger punang puspita ngrawit, Kanigara mekar kapawanan, Priyaka nedheng sekare, tino asri alangu, puspa sinang anglaying bumi, kang sela semayana, awor lumut-lumut, Bramara munya liweran, asrang amyang awor swaraning Sengkuni, kadya ken araryana.

28

Pararyane antya tuhwa ngrawit (hlm. 5), sauring angdana abra kang sekar, ruruh sumawur sarine, lwir wasa kencana rum, pindha-pindha warnaning sari, lir langsi langsing tilam, ing apulang luluh, sabpada ingsep sekar, pangrengihe kadya sambate anjahi, sajroning pakasutan.

29

Ni Centhini mangke angaturi, tan pantara ature kawula, Ni Nyai nedha areren, arsa ngremaken suku, Ni Centhini angasih-asih, arsa nginoma toya, ika karsanipun, baya tembelah lumampah, tanpa turu sawengi angesthi pati, mesem Ken Selabrangta.

30

Sangken-sangken atut iring-iring, pringga jro serambaning katernan, tan ana sabeng wuryane, asanepa marga gung, pinimpangan resik aradin, tinetahing lumampah, sang brangti alungguh, ing sela abning rejasa, mangu miyat satpada angringing sari, sarining sara sijya.

31

Pandan rangkang ing parang awingkis, pudhaknya nem weneh angudhadha, byakta wentis kumelab, pangoling jangga lumung, amilet ing wirana denti, molah dening pawana, la si embannya muwus, arerasan ing cipta osiking ati, mangeh Ni Selabrangta.

32

Ararywan mangke Ni selabrangti, alinggih ing sela sumayana, sarwasa denira reran, alinggih amangun yun, madya anglih angrus angrawit, asindua ing sela, angimbuhi ayu, pawongane atur sekar, ing karsane caraka pan amut brangti, sang dyah asesumpinga.

33

Sang dyah asumping sekar Warsiki, Gambir inganggit kelawan Noja, Wiraga munggeng gelunge, tumurun maring banyu, dipun wawas warnanireki, mangeh Ni Selabrangta, sekare den racut, ayu emane tan dermat, tanpa ngrasa sarira awit aurip, baya leheng pejaha.

34

Alinggih mangke tepining beji, mina mijil asrang aliweran, ana pa ing pangidhepe, mina asrang aselur, asrang-srangan sang mina mijil, kadya yun anambroma, ing pangisthinepun, Pakung amaraking sela, delenya ngolong yen wonga ngaturi maring Ni Selabrangta.

35

Aliyangan ing parang tumawing, respati (hlm. 6) sarya angapus sekar, menggep yen tipan warnane, tenggeknya gelunging gadhung, wastra lungsir kang den waoni, asindua ing sela, angimbuhi ayu, pantes yen agawe rimang, lesu lah wong masayung aluwung brangti, mangsa inggua.

36

Kalaswan mangke Ni Selabrangti, asare ing sela sumayana, sakeca denira reren, kasongan andulu, tirta muncar ilinya wening, mijil saking patala, swaranya kumrusuk, ririse ana ing tawang, angrerengih Bramaranya ngusyang sari, lwir, kakung mriyembada.

37

Ambarung punang kitiran muni, Derkuku munya sauran, kukila kadya asengseng, Kepudhang munya celung, mincok ing pang ing tarurasim, Cucak mreking wohan, polahe ataliksik ing pang, sajalwestri ing tahe angarih-arih, lwir wong arabi anyar.

38

Umyang gumuruh swaraning paksi, Kapudhang kadya anabuh kendhang, Junggareret lwir kangsine, Kukila kadya ngedung, paksi miyak kadya nuhling, Cucak kadya ngamanak, Cabak kadya ketur, ingigelan ing Manyura, paksi Jalak amgalak kadya guyoni, Cicica latah-latah.

39

Awurahan swaraning Sengkuni, Srigunting kadya adarbe karya, polahe byakta kakre, paksi asrang aselur, lwir kundangan pangidhepneki, myang angundang-undang, Pencuk wus alungguh, Pelatuk asewagara, kadya mamut sulindhit angeladeni, garba anapeng bangsa.

40

Asrang Kuthilang Gelatik muni, kadya sawala wiring lan besan, murine kurang tukone, Jalak lan paksi Jiung, umek ramya kadya jaksani, lwir akon agadhea, Bebeluk marengut, kadya jogging palinggihan, paksi Johan miber kadya wong apurik, lwir amedal pasilan.

41

Paksi Dhangdhang lawan Gedhaweki, Rongkok Bondhol lawan kalinglingan, Puyuh Badhegul lan Bethet, Punglor lawan Dalemok, Kakadhalan manuk maningting, cetah urung-urungan (hlm. 7), Jejodhok lan Jangkung, swarane samya wurahan, arak-arakan sata wana kang den iring, kadya asrah tamanan.

42

Geger gumuruh swaraning paksi, kadya sawala ing panginuman, Bibidho ulung lan Dares, alap-alap pitutur, paksi miyak ajerit-jerit, Minco asurak-surak, kadya jaluk tulung, Cabak anabuh gendhongan, Sesikatan kadya wong asikep rangin, kadya wong atetandang.

43

Kagyat awungu Ni Selabrangti, amiarsa paksi awurahan, papunggun gleng driyane, pan wus washiling semu, paksi ika kadya ngruruhi, polahe brangta mring Yang, prapteng gon aturu, angur aja ngelonaha, tekeng paran napsune den kuranteni, kadya angucap mangkana.

44

Tumurun asris Ken Selabrangti, arsa ngambil suci asembayang, ashalat ashar karsane, Ni Centhini pan tumut, wus angambil er pangastuti, arsa tumut ashalat, ku karsanepun, sampun ambabar mushalla, depun pasang ing sela gennyanya ngastuti, sampun angkat kamat.

45

Anjeneng sira anjum pangesthi, kang madheping liyan sinangketan, tan menge ing liyan tingale, kapti anunggal kahyun, wus abener pengadegneki, umadhep maring kiblata, punika kang pardhu, kalbune madhep ing amar, wus rumasa yen kinon nembah among, sembahira wangsulan.

46

Angangkat niat Ni selabrangti, kashdu taarudh ta'yin wus kuwyang, ing jro lekase sembahe, pareng lan takbirepun, aksarasdha kang den parengi, cipta dhatenging nama Allah ingkang agung, ihram maring kang sinembah, sampun mi'raj semabahe datan kalingling, anging ananing purba.

47

Munajate sapocapan iki, sakehning puji kawilang-wilang, punika pinakture, lisane dasih iku, pan kinarya lara pan puji, singgih anebuting priyangga, ing pralambinepun, iku sembah kang sinihan, lwir punapa marga ing tulupan iki, denya muji anembah.

48

Denya jenenge ika tubaddil, apan tegese tubaddil ika, gaganten kandhah sembahe, kalimput ing (hlm. siddhi luhung, dadya sirna sembahing dasih, lir sudama lan surya, ing pralabinepun, sapandulon lawan arka, ing keleme sudama tan dadi rawi, iku sembah utama.

49

Wiyose takbir saampun kaesthi, amaca wajah Ni Selabrangta, den adhepaken kalbune, ing pangeran kanga gung, kang akarya bumi lan langit, sunat wajah punika, patihah kang pardhu, amiwiti nebut nama, ingkang murah ing dunya asih ing mukmin, ing tembe ing akhirat.

50

Alhamdu iku sampun kaesthi, sakehing puji katur ing Allah, pangeraning ngalam kabeh, kang murah ing dunyeku, ingkang asih sakehing mukmin, ing tembe ing akhirat, iya iku rat, ing biinjang hari kiamat, kang sinembah ingkang pinalampahan sih, sakehing kang sinihan.

51

Singgahena dedalan Kang rusit, tuduhena marga kang apadhang, den kadya ing dedalane, kekasih tuwan iku, para nabi lan para wali, muwah para nabiya, away kang kayeku, kawula kang pinurikan, wong dhalalat kawula tuwan bendoni, tan tuwan tarimaha.

52

Wiyosing patihah sampun kaesthi, amaca ayat Ni Selabrangta, sunat punika ayate, rukung ika kang pardhu, mangke rukung Ni Selabrangti, angapesaken anggo polahé anuhun, alpa lenggana maring Hyang, yen tan tulus apuranira Hyang Widi, mangke tadhah mustaka.

53

Angangkat sirah Ni selabrangti, lah tuwan uga kang amiarsa, dasih punika ature, asujud tan asantun, anrehaken anggoteki, ingkang sapta prakara, den sartaken iku, anggota kang minulya, den srahaken lwir toya sekaring ardi, kewut maring segara.

54

Angangkat sirah sarwi alinggih, thumaninah ing linggihe ika, rena sukur satihahe, lan aprecaya iku, kang asipat pangapureki, sujud ping kalih ika, kadya kang rumuhun, anjeneng mimi rakaat, sampun jangkep kang kaping kalih, mangke atetah awal.

55

Sunat abngadh punika jenenge puniki, tahyat awal mangke kwruhana, tetiga mangke kathahe, sunat abngadh puniku, yen kelalen asujud sahwi, kocap ing dalem surat, den wruh jatinepun, lungguh tshyst Isn salawat, kang punika (hlm. 9) pan kangken abngadhireki, jangkep tigang perkara.

56

Ajeneng malih arsa miwiti, rakangate kang ing pungkur dhawak, kalih rajangat kathahe, ing shalat ngasar iku, pan sekawan rekangatneki, sampun jangkep sekawan, maka tahyat pardhu, nem prakara pardhuneka, linggih tahyat shalawat kelawan tartib, niyat kelawan salam.

57

Ambuka salam Ni Selabrangti, salam ingran pambuka shalat, pardhu kang munggend kanane, ngalekum wangenepun, sunat mangke salam kang keru, sampunira asalam, amujeteng Hyang Agung, amaca tasbih lan donga, tan aseru dongane osiking ati, ing sembah utama.

58

Wonten pangandika sang dutadi, amarsa swaraning amujya, dening sanget swarane, sang dutadi amuwus, away sira sanget mauji, mapan pangeranira, wus asedya ngerungu, wruh osiking panarima, nora tuli asipat samingun basher, marmane kadya ika.

59

Ni Centhini adan denya takbir, twasnya lemut dening pancadriya, takon saolah bawane, den lingling driyanepun, ushalline awali-wali, denya angangkat niyat, ing patitisepun pareng tibane aksara, ing ihramane asuwe amijet ranti, iku sembah utama.

60

Kang saweneh sembah tan wreng westhi, alon mijil ing lisan kewala, tan wruh ing sunat pardhune, rakangate datan wruh, sakaryane kacipteng ati, katon gawang-gawangan, jrone baktinepun, kaya giage wusan, karsanepun angayun-ayun kandhuri, ika den arsa-arsa.

61

Lawan sembahe ingkang sepalih, ye ngabakti sapisan kewala, tan wruh ing ala becike, lisane sasar susur, tata lapadz kang den kawruhi, suanat pardune ika, mapan nora weruh, tan ayun atata kena, iya ingkang kena sembah cempaling, marmane kadya ika.

62

Den warnanen polahe sang brangti, Ni Selabrangta angayut karsa, tan den marmaken tuwuhe, lumebet ing alas gung, tan atebah nimbok Centhini, pinaka rowangira, tanseng (hlm. 10) wurinepun, angayut amegat tresna, amateken raga sadurunge mati, kumambang karsaning Hyang.

63

Wrat meweh ing parangnya arumpil, sela gung ika angapit marga, toyanya jog gumarenjeng, tibeng parang semembur, winya wening lumutnya welis, ing pinggir Mandhalika, arok Pacar banyu, paksi angundhadheng sela, wuluh lumung ing parang lawan ampiji, Wilaja mangalasa.

64

Pring sadhapur munggend kanan keru, gesing dumudul lumung ing toya, Cindaga pundhaknya ngure, akiswa aneng watu, Pakis ana ing tepi, kasongan wraksa praba, sinomnya susunuh, danguning andong ambabar, Sanggakasa ing parang awor Taluki, mayang lagya ambabar.

65

Wreksa ik angungkuli margi, wrinya wurahan amangsa waohan, wut lutung ika rowange, arebut mangsanepun, kang saweneh ing pang alinggih, amangsiti rowangnya, yen ana wong rawuh, rowange wus samya prapta, Ni Centhini tuminggal mesemi ing ati, sato aidhep janma.

66

Araryan mangke Ni Selabrangti, sasoring puspita bra kang kembang, mrebut wangi gandhane, alinggih amangun yun, aliyangan ing parang asti, sarya munggel puspita, panalemur wuyung, brangtane saya krasa, Selabrangta mandheg denya ngringring sari, katon kanga sung brangta.

67

Suwe tah wau denya alinggih, Ken selabrangta amangun ehal, ing guwa gennya areren, tapa goling yen dalu, yen raina tan kena bukti, asru brangta maring Hyang, angujareng napsu, wus lali ing jiwaraga, sampun leash sarirane den larani, wus amindha kunarpa.

68

Angrupek idhep wus amatitis, pucuking grana kang tininggalan, among den raksa napase, tan sinungan kasurup, majing medal tan kena lali, pujinira tan pegat, tapekur alungguh, ngalam sakawan den jajah, tan kalirup prenahe sawiji-wiji, iku sembah kang madya.

69

Ngalam nasut ingkang karihin, iya ngalame manusa, sarengat tata kramane (hlm. 11), pindho ngalam Malakut, kang den tarik minging ing ati, madhep ing Hyang tan luwar, kaping tiganepun, Jabarut wastane ngalam, iya iku alame roh kang utami, pujinira tan pegat.

70

Ngalam laut ping sekawaneki, mapan pasabanira kang wus man, wus lebur tata kramane, nora na kang tinutur, jiwaraga nur kesthi, suh sirna tan wratmaka, tan ana kaetung, sampun katilar ing tingal, ing jumeneng punika nora kakalih, anging anane purba.

71

Sahing raga anirnaken kapti, warnanira amindha kunarpa, among kari kaketege, Ni Centhini andulu, dahat sira denya prihatin, gustine mati raga, tan wreng polahepun, kari kaketege kewala, Ni Centhini gustine depun sungkemi, asru denya karuna.

72

Anglilir mangke Ni Selabrangti, amiarsa swaraning karuna, den awekaken astane, aris wijiling wuwus, aywa nangis babu Centhini, lara apan kinarya, aja sira wuwus, pan sinedya saking griya, Ni Centhini gustine depun aturi, Ni Nyai lah mantuka.

73

Kadya ta wong nguyahi jaldra, atur kawula ing pakanira, anedha tapa ing rame, anguninga wagu, depun teteping pangabekti, saolahe sarengat, punika den ketung, alinggih ing arah wenang, batal haram den wicara den astiti, lampah ahlul iman.

74

Mapan wonten panutaning istri, Pathimah putra Nabi Muhammad, punika tinut lampah, satya tuhu ing kakung, wus temahe estri alaki, winangun dening priya, sampun kramanepun, kang rama nabi Suleman, kang ingaran wuryan punika asmawi, tinilar dening priya.

75

Ni Selabrangta amuwus aris, babu Centhini sira muliha, maring Wanamarta age, warahen wangsaningsun, muwah maring ramebu kalih, lamun ingsun wus pejah, poma depun katur, lan sira amardikaa, away melu lara mastapengsun bibi, mantuka maring griya.

76

Nanging kang ketang deningsun bibi, akewad sihe babu gustinira, duk gennya urip bangiwen, akewed sihe maringsun, dadya ingsun arsa ngebakteni (hlm. 12), malar duluren ing Hyang, babu away melu, mantuka maring wisma, angungsia wong sakadangira bibi, pan sampun amardika.

77

Panjalukira ing sira bibi, lamun ana ghalath ghapil ingwang, sun jaluk suka den akeh, muwah malih sireku, lamun ana alpanireki, suka isun ing sira, iwuhing tumuwuh, menawa kalangen pejah, den karungan ijab kabulira bibi, samya halal ba halal.

78

Ni Centhini tumulya nauri, wijiling sabda asru karuna, dening tan kedhep ature, punapa penedepun, atilara pakanireki, tan satyeng pakanira paran marmanepun, Ni Nyai dumeh punapa, gusti asih tur amemarahi ngil, tur asung paprdikan.

79

Nadyan lebur den kadya warih, mangsa tilara ing pakanira, pan puniki tampakane, tinuting satya ayu, ingkang sapa muruk ing ngilmi, ing aksara sakecap, maksud dadi guru, sing murtad ing patakenan, sinung jajal dening Hyang sakawan iki, aneng jroning neraka.

80

Linaleken ngilmune yen mati, ingalapan dunyane kang halal, ping tiga cendhek nguruye, punika dajalepun, sakawane besuk yen mati, aneng jroning neraka, manira angrungu, sing murtad ing patakenan, Selabrangta padane sungkemi, lang mangsa malecaha.

81

Ni Centhini sangsaya sru ngiski, aptining amrih laksana, den lampusaken ragane, malebet ing alas gung, yen alinggih sarwya adzikir, asru brangta nireng Hyang, adoh paranepun, lampahe kalunta-lunta, Ni Centhini saenggen-enggen birahi, Selabrangta neng guru.

82

Ni Centhini tumulya ningali, babadan anyar angunggang jurang, tur sangkep tetandurane, Kacang lan Tebu wulung, Tales cina lan kathah Uwi, winor lan Kapas warsa, ing pinggiripun, pinangeran santen sara, tinaneman Suweg sudha lan Kembili, ing pinggir Purwasata.

83

Papagan ka asri angrawit, lor wetan Pantunlagya adandan, asangkep tetandurane, Jali Jawalan Jagung, sinalisir lan Nangka wilis, Karuya payudara, ing pinggirane (hlm. 13), Tales Bakatal Balungka, lan Tajawut Kakara Bengung Kacipir, waspa Jagung Kastela.

84

Ni Centhini kacaryan ing ati, tumingal warnane tetanduran, kulan parnahe wismane, lumaris lampahapun, nora ketang Nimbok Centhini, denny mawi wongwongan, dadya sirandalu, dudkuh asri pinggir toya, tustheng manah ing paladadi, Manggis Duren lan Bawang.

85

Palagantung buahnya adadi, dhukuhepun Ki Syeh Mangunarsa, amukti tetandurane, Poh gadhing ngambang banyu, Langseb wungglon angulilingi, Pocang ababanjaran, Nangka pakem agung, jirek kelawan tambangan, Dhuwet dhompyang Katela buahnya adadi, Manggis lawan Samepa.

86

Ni Centhini anakaken kapti, aptining driya ayun wikana, mangke parnahe wismane, lumaris lampahapun, karsanira Nimbok Centhini, mangke yun apapoyan, maring gustinepun, saksana sira tumingal, masjid alit linepa sela endhani, natar kederan toya.

87

Tuhwa resik sitinya aradin, pinaragi sela kakarangan, linepa bata dhasare, kayoman dening Gandul, pinageran winacak Suji, andong bang, lan Mayana cepuk, sekar tinata dewata, binanjaran Nyuh denta angulilingi, Ni Centhini kacaryan.

88

Papacetan ika tuhu ngerawit, jambangan cina rinaja wetha, ukir-ukiran umpakan, angsok lawan Andol, munggend keru sekar warsiki, kalaywan suminarsa, tuhu sri anglangu, dhukuhe Syeh Mangunarsa, toya mijil tinalangan ampel gadhing, tirta jinala tundha.

89

Nyuh denta awoh andhap angrawit, kang kaselan ing Naga puspita, Kapuranyang keh wul kile, sarinya gelar aruruh, tubing siti lwir wraksa rukmi, warsikya andhap asekar, angebyaken rumrum, rinubung dening jalahan, antyan lungit katiran jangga kasturi, amilet kawiletan.

90

Syeh Mangunarsa ika aneng masjid, asembayang lawan santrinira, Ki Munthel wastane, sampunnya shalat metu, ena linggih sireng (hlm. 14) surambi, sarya amaca surah, Ki Munthel tumurun, anulya maring walahar, tininggalan ing jawi wonten pawestri, Munthel tinatakenan.

91

Pasang tabik manira ki santri, kawula Tanya ing pakanira, dhekeh punapa wastane, dene asri dinulu, sapa sinten kang andarbeni, dening tuhu kawuryan, Ki Munthel sumaur, singgih dhekah Wanantaka, Mangunarsa wastane ingkang palinggih, wahid maksih taruna.

92

Ni Centhini anulya awali, apatya matur maring gustinira, kalintang walang atine, mangke serawuhepun, apepoyan ing gustineki, gusti wonten pagiryan, tuhu sri alangu, singgih dhekah Wanantaka, masjid alit linepa sela cendhani, natar kederan toya.

93

Kang andarbeni wau neng masjid, asembahyang lawan santrinira, among wong roro rowange, sampunnya shalat metu, mangke linggih sireng surambi, dodotepun kacang bang, kulambine alus, saemper kakung paduka, tasbij wulung ikete caweni wilis, baya tah janma wirya.

94

Angaji swaranya rum amanis, keh irine kakung pakanira, saking wuri lelewane, ing tindak tandukepun, sesolahe pan angenteni, wadiyane puniku, ing panedhaningsun, uliha gusti mangkana, Ni Centhini cinowel lambene anjerit, muga matia bogak.

95

Ni Centhini mangke angaturi, Ni Nyai daweg samya ararywan, tinilik panatarane, saking panarkaningsung, sasamune rame ing budi, kyai santri punika , ing panedhaningsun, dadya kadang kaliliran, baya pantes rowange sabaya pati, mesem Ken Selabrangta.

96

Ken Slabrangta mangkya ngecani, tumurun alon angowah sinjang, adan den cangking kaskule, anandhang sebe wulung, kulambine caweni wilis, wus tinambal ing sutra, anggange salemut, wau tilasing awirya, Ni Centhini tambalan limar ketangi, anandhang sabe pita.

97

Lumakwa lon astane den kanthi, kadya semune asrah babadhan, wiring maring (hlm. 15) pangerane, pan semune wong luhung, kang den telad de taki-taki, nora angumbar tingal, warna indah ayu, menggap atasbih karuba, warna wenes wedana asawang sasi, wau mentas kagranan.

98

Anjeneng mangke Ni Selabrangti, tumurun alon anon waweca, lumayu angungsi rejeng, paksanya ngungsi tuwuh, sinauting Taksaka aglis, lumaku angurepan, sang brangti atulung, Taksaka malaywa tilar, Kongkang pejah sang brangti grahinteng ati, leheng away tulunga.

99

Kalinge ing sariri iki, wus pinasthi teka ingantaka, mangsa na tulunging tembe, mangsa simpanging kahyun, nulya lengser Ni Selabrangti, sumengkeng sangu waspa, adres wijiling luh, lagya nawang-nawang tingal, atekenan saradenta mandheg anglih, arsa langening marga.

100

Dadya anon ing manuk Maningting tumiling-tiling akirweng orang, waspada ing panyandhake, kadya datan aluput, wus pinasthi baksananeki, on pejahing mina, tan gingsir tinemu, saksana Maninting pejah, sinamber ing Alap-alap patineki, Ni Brangta wruhing sipta.

101

Sayektinira ing karsa jati, lengkep mapan dadya ing sukarsa, dadya saking kawijine, laris denya lumaku, sumengka ing gegering wukir, anunggang sang kadiryan, aluran kadulu, sekaring Tengguli wang wang, kadya tuduh wrat meweh Ni Brangta kingking, anut marga sumengka.

102

Syeh Mangunarsa wonten ing masjid, sampun wikan lamun adhatengan, ribiyan indah warnane, sampun tumampeng semu, depun regep ing manah nepi, yen ana cobaning Hyang, anedha pitulung, muga raksanen dening Hyang, santri Munthel istingpare andhridhit, tumoning Selabrangta.

103

Selabrangta kandheg lampahneki, tumingal Syeh Mangunarsa, dening amindha kakunge, amicoreng jro kalbu, dadya emut sariraneki, yen kinarya tampakan, sing karya yan tulus, angucap Ken (hlm. 16) Selabrangta, tan rubiyah yen maksih angumbar liring, yen angrasa rumasa.

104

Dadya lampahne ika lumaris, anjujug sira mara ing wisma, gipih sinangkraman dene, Mangunarsa muwus, nehda mangke samya alinggih,

sampun awet neng natar, lamun sedya tulus, rubiyah angucap ing nala, Ki Syeh iku wuwuse malang ateni, mambet bau anawang.

105

Aglis sira pan samya alinggih, sampun sinung wau pamucangan, sarweca denira reren, Mangunarsa amuwus, sabdanya rum mijil amanis, bangga wonten sihing Hyang, atamihan luhung, angucap Ken selabrangta, tan wong luhung duraka maring Hyang Widi, anggung-anggung ing raganya.

106

Santri Munthel ulate sumirir, tumingal maring Ken Selabrangta, asru dening gagimbange, denya lungguh tumungkul, depun celur wardayaneki, Mangunarsa wus wikan, Ki Munthel dinulu, arengu pandulunira, santri Munthel wus wikan semuning gusti, rerasan sarwi lunga.

107

Santri Munthel sun warah sireki, away katungkul ing kapemesan, den wikan iya dudune, santri Munthel ambeku, eh Kiyai kakeyan rincik, nora ila si rincang, luwih atinepun, tan anggugoni basa, jaluhe sihana pawetri, kang aja na rumangsa.

108

Mangunarsa rarene den sengi, mintar sira maring pagagan, ameta Kacang lan Gudhe, kalayan Tebu wulung, Ni Tander mantas sira nini, ameta kakleman, mintar kang den utus, ni Surestri sira danga, santri Munthel sira juwana Kembili, lah sira semuguha.

109

Sampun samya mintar aglis prapti, Ni Surestri wus denira adang, asangkep lah-olahane, sampunnya saji sekul, Ni Surestri kang sesaji, toya

mungguh ing cunthang, ing sesajenepun, tan ana ta kena, jangan kacang sambel jae lalab ranti, kuluban karayana.

110

Pelas (hlm. 17) pakem lalaban Kemangi, pencak kacang lawan sambel sahang, tan kantun Kacambah Gudhe, sampunnya tanduk sekul, Selabrangta sira ngecani, lamine Brangta mring Hyang, tan amboga turu, Mangunarsa pan uninga, Ni Dreman wau sira den wangsiti, ambeg wus ingalapan.

111

Suruping arka gumanti wengi, Mngunarsa sira ashalat, samya sembahyang kabeh, Munthel angkat waktu, Mangunarsa sira bawani, sampun denira shalat, Ki Munthel ingutus, undangan Syeh Anggungrimang, wartanana yen ana tetamu prapti, ambaktaa tarebang.

112

Aglis lampahe Munthel wus prapti, ing wismanira Syeh Anggungrimang, manira tuwan kinaken, angundang ing sireju, ambaktaa tarebang gusti, rakanira dhatengan, adoh sangkenepun, nenggih saking Wanamarta, wastanepun Ken Rubiyah Selabrangti, ayu anom lumampah.

113

Ki Syeh Anggungrimang angling aris, santri Munthel paran pedahira, sumireng dyah puwarane, saking pangrengengingsun, lumampaha den kadya nabi, iku maksih ampungan, si jajal anguru, Ki Munthel anurut sabda, inggih leres wus datan sepi, nanging kirang punapa.

114

Anggungrimang mangkat tan asari, aglis pajar maring garwanira, asajia boga jambe, mangke serawuhepun, anggungrimang sampun alinggih, sarwi mangku tarebang, karsane anggembyung, santri Munthel anarebang, den sangiri walisana anjalerit, swaranya rum garuntal.

115

Anggungrimang solahé respati, wong pawestri pan akeh gagiwang, tumingal ing lalewane, anglud washiling tembung, sing gamelan tan de kiwuhi, wus utameng gamelan, duk welakanepun, wasis angolahken raga, kulambine den lungsir surban suithani, bunyu dening kalembak.

116

Anarebang swaranya rum amanis, Rara Kadhiri pupuhing (hlm. 18) tembang, den enthen-enthen swarane, asuluk campur bawor, swarane nyenyep aindri, lir linuman kumkuma, wong entri angrungu, ayun anguyuh tan medal, Ni Centhini istingpar sajrone ati, angrasa yen kagiwang.

117

Tarebange munya ngelik-ngelik, Anggungrimang denira narebang, apatut lawan singire, Munthel nembungi kedung, sulukepun pakid ginupit, tingkahe arta halal, lawan toya wudhu, Mangunarsa anarebang, den singiri tutur jari swaranya ris, Selabrangta kacaryan.

118

Ni Centhini aglis den wangsiti, lah ta medalena petakonan, yen bener pangawikane, Ni Centhini wus emut, wicarane den ati-ati, kwei santri punika, karsane dinunung, angucap sajrone nala, kwai sun gudere padhas siji, mangke masalah iman.

119

Kyai santri sun atanya kaki, kaya ngapa ing mangke karsantan, ana angucap mangkene, Iman lan Islam iku, kayangapa bedane kali, muwah kalamun tunggal, paran karsanapun, kang Iman Islam punika, kadi pundit ing karsanira kya santri, lah daweg ucapena.

120

Yen tunggal iku rukun sawiji, Iman Islam kalihe punika, lwir bawang bang pralambine, punapa karsanapun, yen bedaa nisbat punika, iku antara mangsa, wastane puniku, bedane tunggal tan tunggal, yen tan wruha idhepe Syaikulbari, mangsih angongka-ongka.

121

Santri Munthel tumungkul nauri, Bok Rubiyah nedha ucapena, mundur manira ataken pan dahat mudha punggung, asembawa tan wruh ing wangsit, nistha ambek welaka, manira wong dhusun, katungkul adhangir sambrang, asembawa tan wikan jatining wangsit, nistha ambek welaka.

122

Santri Munthel winardi ing wangsit, kwei santri lah ucapakena, kang Iman Islam bedane, mwanng kadi rukunapun, ucapena sawiji-wiji, aja na kumalar, ing kawruh puniku, lamun tan angewruhana, nora Islam dening dhastar lan kulambi, punika yen tan wruha (hlm. 190).

123

Ki santri Munthel lingira ris, Bok Rubiyah manira miarsa, Iman lan Islam bedane, zahir lan bathin iku, ingkang Islam punika zahir, bathinepun ingucap, kang Iman genapun, anuhun anut andika ing cegahe punika depun singgahi, anerahaken sarira.

124

Bedane punika zahir bathin, ingkang Iman lan Islam punika, lwir Bawang bang pralambine, galih lan carmanepun, yen dinulu katon sawiji, yektieku perbeda, jro jabanepun, amal mijil saking Iman, Ni Centhini wuwusira amisinggih, lan nedha ucapana.

125

Rukune pun tah kadi punendi, Iman Islam kekalihe ika, pira kathahe rukune, apa tegese rukun, Santri Munthel mangke nauri, manira amiarsa, ing tegese rukun, punika awak-awakan, iman iku pan nenem rukune singgih, Islam limang parkara.

126

Angandel ing Allah kang karihin, yen ashipat purba tarwasama, ping kalih ing malekate, ping tiga kitab luhung, ping sekawan utusan nabi, lawan dina wekasan, kaping limanepun, ping nemnya ing untung ala, untung becik pasthi yen saking Hyang Widi, iku pamanggih ingwang.

127

Yen wonten saking salah sawiji, kang wus kocap kang enem perkara, kupur ilang agamane, maka wong Islam iku, tanpa pedhah yen kalbeng kapid, anglampahana amal, kadya toya metu, amale tan tinarima, dosa agung ing kupur nora madhani, manira amiarsa.

128

Pan kang ingaran wedi kekalih, kang karihin iku wedi dosa, lawan awedi kupure, wong am jenenge iku, ana dene ingkang ping kalih, wong iku wedi dosa, wedi kupurepun, iku tingkahe lumawah, ingaranan mukmin pasyik jenengneki, manira amiarsa.

129

Lelima rukune Islam iki, dhihin syahadat kalih kalimah, punika gene mujmale, pindho ashalat iku, apuwasa ping tiganeki, Ramadhan kang minulya, zakat ping patepun, maka genepe lulima, munggah haji yen ana sanguning margi, iku rukune Islam.

130

Salah tunggal katilara (hlm. 20) uni, mapan iku dadi randhanira, papa ageng wipalane, yen kelampahan iku, mapan sinung ganjaran adi, pan wus ubayaning Hyang, asung swarga iku, ing dasih anandhang Iman, Ni Centhini wuwusira amisinggih, mangke manira Tanya.

131

Kadi pundi karsane puniki, ingkang syahadat kalih kalimah, ki santri Munthel saure, Nora na pangeraneku, anging Allah kang den sakseni, pindho Nabi Muhammad, punika ingutus, singspa tan wruh ing Allah, ing Muhammad iku nora den kawruhi, wong iku during Islam.

132

Mujmale tah kadi punendi, syajhadat roro kanga ran mujmal, kang pumendi mupadhale, santri Munthel sumaur, mupadhale nenggih einarni, mangripat tuhid iman Islam gama, luhung, syahadat kalih kalimah, Ni Centhini tumungkul anuksmeng ati, mindah Ki Mangunarsa.

133

Ni Centhini winardi ing wangsit, Bok Rubiyah manira atanya, dusing wong wadon kathahe, kang pinardhoken iku, pira kene mungguh pawestri, ing karsa pakanira, lah nedha den ketung, akeh wong kang paksa bias, wateng junub tinakonon angulati, tinon akulinteran.

134

Ucapena Nyai den patitis, manira ayun ngawikanana, kang pinardhoken kathahe, yen tan wruh wateng junub, sing karyane nora lestari, leir sato asembawa, polahe wong iku, kaya martabat binatang, lwir maesesa rupane wong yen liningling, lan lintang saking hewan.

135

Ni Centhini rengu ulatneki, kwaai santri manira miarsa, kang pinardhoken kathahe, singgih manira ngrungu, panlelima mungguh pawestri, kekalih ing wong lanang, puniku kang pardhu, kayapa ing pakanira, santri Munthel wuwusira amisinggih, lah nuli ucapena.

136

Kang rumiyin ehedh wastaneki, kaping kalih janabat wastanya, woladat, kaping tigane, nipas sekawenipun, lelimane benjing yen mati, mayit iku dinusan, pinika kang pardhu, kakalih duse wong lanang, iya iku janabat kalawan mayit manira amiarsa.

137

Santri Munthel atanya (hlm. 21) amardi, Bok Rubiyah manira atanya, apardhu punapa tegese, Ni Rubiyah sumaur, ingkang pardhu artine singgih, tsawab yen linampahan, pakarti puniku, ginanjar dening pangeran, yen tinilar pardhu iku andosani, tur sarwi sinikseng Hyang.

138

Ingang sunah tah kadi pundit, Bok Rubiyah karsa pakanira, lah ucapena den age, Ni Rubiyah sumaur, ingkang sunah pamyarsa mami, tsawab yen kelampahan, pakarti raharja, ginanjar dening pangeran, yen tinilar sunah nora ambayani, manira amiarsa.

139

Ingang harum tah kadi punendi, Ni Rubiyah lah ta ucapena, manira yun wruh jatine, Ni Centhini sumaur, ingkang haram manira manggih, tsawab yen sininggihan, utamaning laku, ginanjar dening pangeran, yen ingambah haram iku andosani, siniksa ing pangeran.

140

Ingang makruh tah kadi punendi, Bok Rubiyah nedha ucapena, manira yun wruh tegese, Ni Rubiyah sumaur, ingkang makruh amnira manggih, tsawab yen sininggihan, pakarti ginanjar dening pangeran, yen ingambah makruh iku tan andosani, manira amiarsa.

141

Ingang wenang tah kadi punde, Bok Rubiyah nedha ucapena, manira yun wruh jatine, Ni Centhini sumaur, ingkang wenang artine singgih, lan tsawab sininggihan, pakarti puniku, yen ingambah pan mangkana, nora pala wenang iku tan andosani, iku pangrunguningwang.

142

Ni Centhini atanya gumanti, kwei santri manira atanya, janabat junub kalihe, punapa bedanepun, ucapena depun patitis, muwah kelamun tunggal, paran karsanepun, yaktine, iku pra beda, junuub iku tan patemon jalma kalih, janabat sapanindran.

143

Kaya ngapa pangandohe uni, kang junub iku limang prakara, ki santri sumaur age, pandohe kang rumuhun, nora wenang shalat mwang kadi, anggarap ing mushahab, kaping tiganepun, datan wenang ataliwah, sakawane tan wenang meneng ing masjid, lima mider ing ka'bah.

144

Wenang sholat yen wus den adusi, janabat wastane duse (hlm. 22) ika, junub kala during duse, malih kang tanpa wudhu, pan lelima cegahe iki, dhihin tan wenang shalat, huthbat ping ronepun, ping tiga anggarap mushhab, ping pat mider Ka'batullah datan keni, ping lima naggung mushhap.

145

Hadast wastane uni, kang janabat tan wudhu ika, lah ta tuturen den age, santri Munthel semaur, kang janabat punika nenggih, inggaran hadats akbar, ingkang tanpa wudhu, winastanan hadats ashngar, ingkang akbar amengku ing hadats shangir, iku pamiarsengwang .

146

Inkang ashngar datan anyukupi, muwah tan lamun uwus janabat, den sartaken lan niyate, kalawan toya wudhu, pan winenang niyat puniki, cihnane nora kacukupan, ingkang toya wudhu, den sartaken lan janabat, nora wenang cihnane nora nyukupi, maring hadats kang akbar.

147

Kadi punendi tah kwai santri, kang janabat kang wajib dinusan, punika pira kathahe, santri Munthel sumaur, Bok Rubiyah manira manggih, ingkang pardhu dinusan, ing masalah adus, anal ah tigang parkara, Ni Rubiyah wuwusira amisinggih, lan nedha ucapena.

148

Karihin iku khurujul mani, lamun mijil datanpa kerana, ihtilam kaping pindhone, lamun angipi iku, anakaken wetune mani, dadya pardhu dinusan, kaping tiganipun, campuhing asmaragama, limang lintang hasyapad pardhu andusi, yen nora tan dinusan.

149

Niyatepun tah kadi punendi, dus janabat lanang mwanng wanodya, kang niyat iku jatine, mapan akeh kalurung, kadi pecuk asabeng warih, dening adus janabat, polahe wong iku, awaler manireng sira, santri Munthel gepah denya anauri, manira amiarsa.

150

Niyatepun nenggih angalapi, tan wenang limang prakara, amrih saha sembahyang, punika sedyanepun, dadya mijil sira ing jawi, ingaran juru basa, kang niyat puniku, tansah ing hadharatullah, niyat iku dudu basa swara mijil, iku jatining niyat.

151

Kadi pundi karsane puniki, ing janabat (hlm. 23) mila pinasthika, punika paran karsane, lawan manira ngerungu, ing istinja sinarawedi, iku kadi punapa, karsane puniku, lah ta nedha ucapena, anauri ki santri wencana aris, manira amiarsa.

152

Amet wudhu yen sampun abresih, wong iku dening adus janabat, nadya sembahyang karsane, nenggih manira ngerungu, ing istinja sinarawedi, asembahyang kiplah, boli wastanepun, iku nedha pangapura, kang kalingling inana sarira jail, parmataning istinja.

153

Pan iku istinja iku sasuci, duk ametokaken najis ika, boli punika wastane, benduning Hyang den ketung, adan uga pusakaneki, duk keneng pangrencana, mangan Huldeng dangu, rumasa lamun wiwara, depun suci ing wewasuh zahir bathin, iku marga sampurna.

154

Najis punapa wastane iki, ing wong lanang yen adus janabat, pundit rupane najise, pan suci mani iku, ing wanita pan halal kawin, mila pardhu dinusan, kaya partinepun, kwai santri yen tan wruh, upamane adol lenga kari busik, mesem Ken Selabrangta.

155

Mustakrim watane puniku, mani gingsir pan saking sasana, campur parji arum gene, shipating lali iku, mapan tunggal pusaka kalih, janabt lan istinja, adam purwanipun, iku ashale lenggana, jinateken dening Hyang dusira iki, dadya pardhu dinusun.

156

Yen tan nastiteken puniki, nora antuk jeneging manusa, kebo sapi pepadhane, weneh manira ngerungu, ing wanita nora andusi, uwus dening wong lanang, wuruke wong kupur, ika karyanen paesan, kang ingaran Pathimah putra jeng Nabi, paran dene dus janabat.

157

Atayamum tah kadi pundit, punapa najis kang ingalapan, endi rupane najise, pan suci angganepun, sampun adus depun lisahi, mwanng kadi agaganda, kayapa puniku, tan wenang teka sembahyang, santri Munthel mangke sira anauri (hlm. 24), manira amiarsa.

158

Zulmat najise kang den wasuwi, iya iku ashale langgana, sumuk tekeng reraine, tunggal pusakanepun, ing istinja lan toyastuti, mwanng kadi ing janabat, sing wruh ngelmunepun, ingaran diruyah lima, jajalukesasutya kang den sunduki, manira amiarsa.

159

Ken Selabrangta amuwus aris, mangunarsa kang tinaken, kyai manira taken, ingkang iman puniku, kayangapa ingucap dhihin, gumanti tohid ika, mangripat neng pungkur, ingkang Islam tan den ucap, kok kilen mangripat den ucap dhihin, gumanti tohid wuntat.

160

Iman Islam punika ing wuri, kadi pundit karsa pakanira, wong roro paran karsane, Mnagunarsa amuwus, Anggungrimang wau tinari, jawaben patakenan, dan aris amuwus, dan alim mutangaliman, tan lenggan Anggungrimang anauri, wuwuse Selabrangta.

161

Kol kileyen anenggih puniki, mangripate dhihin ingucap, gumanti maring tohide, ayun wikan karuhun, tunggaling Hyang nora kekalih, sampunnya tah ing tunggal, tohid aranepun, den teguhaken ing nala, iya iku Iman arane kayeki, manira amiarsa.

162

Kang Islam iku wus aneng wuri, sampun sira anandhang ing Iman, tan lenggana ing pakone, ashalat lan ashiyum, ing Ramdhan lan munggah haji, lan zakat lamun teka, ing lampah puniku, iyeku ingaran Islam, Selabrangta wuwusira amisinggih, mangke manira tanya.

163

Kol wetan paran karsaneki, kang Iman mangke dhehin ingucap, gumanti maring tohide, mangripat kang ing pungkur, Anggungrimang mangkya nauri, manira amiarsa, kol wetan puniku, undhak-undhaking lumampah, ahlul Iman punika ingucap dhehin, manira miarsa.

164

Mulane ingucap dhenin, iku lampahe wong ahlul Iman, ayarengat iku lampahe, lampah syarengat iku, rukun Islam den lampahi, marmanepun den ucap, Islam kang (hlm. 25) karuhun, wus lampah wong ahlul Iman, iya iku karsane wong ati salim, etang tsawab ganjaran.

165

Yen sampun lampah iku aradin, lampah syarengat sampun karaksa, sakathahe pakiwuhe, mangripat lampahepun, prapteng lampah wong ahli tohid, hakekat lampahira, anunggal pandulu, tan etang ing jiwaraga, iya iku karsane wong ati mukmin, nora etang ganjaran.

166

Kang ing pundi kakewuhe iki, ing syarengat daweg ucapena, manira yun wruh jatine, Anggungrimang amuwus, pakewuhe nenggih puniki, yen amrih ingutaman ngagungaken ilmu, lampahe arsa kuncara, riyak kibir ilmune den gawe hashil, iku wisaning lampah.

167

Nenggih puniku lampah wong luwih, tansah ginaken ing jiwaraga, den soraken sarirane, tan ana kang kaetung, lamun saking tirta satitis, denya noraken angga, ing pralambinepun, tibaning windu anila, tiningalan ing warih katon jro bumi, hakekating awiyat.

168

Kadi undi karsane puniki, lintang ingaran windu anila, sudama mapan kayone, Anggungrimang amuwus, nenggih lintang katon ing warih, ingaranan sudarma, dening ranu surud, ingaranan windutara, lintang iku panalikanireng latri, manira amiarsa.

169

Ni Centhini angalem ing ati, anggungrimang putus ing aksara, ketareng semu basane,, lintang panunjuningsun, sesolahe andudut ati, anom tur wicaksana, warnane abagus, kang alaki tan asiha, welakaha kaya sun tohana pati, emut maca istingpar.

170

Undhake malih tan kadi pundi, manira tanya ing pakanira, kang prapta ing don lampahe, Anggungrimang amuwus, Mangunarsa ika tinari, kakang sami atampa, ing wuwus puniku, angucap Syeh Mangunarsa, Selabrangta patakenan den sauri, manira amiarsa.

171

Anenggih ing wong ahli tohid, akarem iku ing shipatullah, brastha ingkang saliyane (hlm. 26), ingaran tsarik iku, tingaling wong kang ahli tohid, dening ahli mangripat, tanpa tingal kawruh, amangeran lagi nora, iya iku ing sirullah lungguhneki, iku wong karem ing dzat.

172

Wong tetiga ingkang kekasih, Nabi Wali mukmin am, tan tunggal pelayarane, nora beda tinemu, karem ing dzat mangke ing Nabi, wali karem ing shipat, wong am tah sireku, pan karem ing apngalullah, sirna titis tingale kalimput ing sih, kadi dok lagi nora.

173

Kadospundi karsane puniki, ing wong urip nora mangeran, manawi salah tampane, akeh kang wong kalurung, pangerane den dalih napi, weneh ngaku pangeran, kalih kupur agung, gumuyu Syeh Mangunarsa, sabda guru sinamun kawijil, amoring tatakrama.

174

Selabrangta winardi ing wangsit, Bok Rubiyah manira atanya, wonten masalah mangkene, turuning wong kang luhung, angluwihi ing pangabakti, ing wong bodho punika, paran jatnipun, gumuyu ing nalanira, Selabrangta wuwusira amisinggih, mesem Syeh Mangunarsa.

175

Selabrangta semune alungit, manira kwai nenggih miarsa, ana angucap mangkene, sajoroning turu iku, wonten uga ingkang atangi, sajrone meneng ika, ana kang lumaku, ana bisu bisa ngucap, Mangunarsa wuwusira amisinggih, wuwuse Selabrangta.

176

Anenggih turune wong kang arip, mingraj reke ing paturunira, munjab ing patangine, kadi pundi puniku, Mangunarsa sira nauri, iki tah Boh Rubiyah, wong luhung kayeku, tan kena titirokena, lwir anangga toya kamumu supami, manira amiarsa.

177

Parandene den tsarik, dening maksih jenenging paningal, punika pinaka dohe, jatining tinggal iku, ingaranan hijab nazari, iku tatebeng cahya, arane puniku, terusena aja liwat, liwatena iku malih aja lalis, ika ecaning lampah.

178

Wonten masyasih ingkang ginupit, Syeh Bayazid watane anuliya, kalintang kasutapane (hlm. 27), ing Yastam wismanepun, ajejuluk Sultan Aripin, tatkala pananira, Syeh Bayazid iku, tan imut ing jiwaraga, sak ilinge tetep denya angabakti, iku tuten ing lampah.

179

Syeh Mangunarsa atanya aris, Bok Rubiyah manira atanya, sapa baya wong sanake, baya sampun aguru, sasampune tunggal pinanggih, mesem Ken Selabrangta, pira baranepun, yen antuk nugraning Hyang, kang tinedha tuduhena marga singgih, anenuwiyeng lampah.

180

Ing kina nenggih manira laki, apanangran Ki Syeh Amongragga, kajiteng smara dok rare, kalintang marmatepun, atetuwi sanake estri. Dhateng Nayana ganda, anglebeti hukum, winastan angrusak syara, lampahepun tan patut lawan syarengi, linabuh ing Tunjung Bang.

181

Tetiga kathahe sanakneki, jalu kekalih estri sanunggal, Ni Racangkapti wastane, wonten sanake jalu, Jayengsari wastane uni, samya alit don tilar, dok lunga anglangut, resake ing suka rejya, den tutuwi sanake nora kapanggih, malah takyeng antaka.

182

Ki Mangunarsa meneng tanpa ngling, waspa mijil deres saking locana, tan bisa megeng tresnane, awakasan amuwus, nggih puniku kang sun ulati, punika sanakingwang, marmane anglangut, sumaur Ken Selabrangta, panakanira ta gene kang den rasani, dalu kalawan siyang.

183

Anggungrimang ariningwang yayi, wartanana mangke rayinira, yen sampun pejah sanake, Anggungrimang tumurun, waspanira kang den usapi, wau

serawuhira, arine rinangkul, mas mirah ingsun pangeran, sanakira Jayengrasmi sampun mati, linabuh ing Tunjung Bang.

184

Anglelana sira den ulati, apearab Ki Syeh Amongraga, ngulati sira karsane, sing negara dinunung, anging sira nora kepanggih, tekeng nayanaganda, anglebeti hukum, winastan angrusak syara, lampahepun tan patut lawan syarengi, linabuh ing Tunjung Bang.

185

Amiarsa mangke Rancang (hlm. 28) kapti, winartanan yen sanake pejah, datan ana pangucap, peteng tawase sumaput, lwir akasa ingkang ngerubuhi, wuwus tan kena medal, supe tuwase surempuh, lali sireng marganira, Rancangkapti kadya latah angekeli, kantun anuli pejah.

186

Anggungrimang siranjrit kepati, tumingal maring garwane pejah, gupuh den rangkul rayine, Ni Surastri papungun, aglis sira depun tingali, gustine lamun pejah, niba saking salu, denya anangis alara, Anggungrimang rabine tansah liningling, sarwi nangis alara.

187

Tetanggane gita padha tangi, amiarsa swaraning karuna, samya ametu age-age, pilelewi papungun, gupuh medal tapih kulambi, gita sarwi atanya, tangis paran iku, kang wikan nulya papoyan, Ni Lelewa gustinira angemasi, lah ta mati kayapa.

188

Singgih sanake lanang wus mati, tan bisa denya amegegng tresna, luluh dening kepatene, sakehe kang angrungu, padha sira lara anangis, maning patinira, akeh kang angungun, waneh ana tebah jaja, kang saweneh alara denira nangis, emaning patinira.

189

Tetanggane kabeh pada kapti, lanang wadon samya anglalawad, kang tangis mangke arame, kabeh samya angungu, kang saweneh asaji warih, geger sapakarangan, tangise gumuruh, rame padha abusekan, tan pantara dukuh pating jalerit, swaraning wong karuna.

190

Wonten tah santri atunggweng gagi, amitra tah lan Ni Rara Bingkak, ki santri rena wastane, ing ranggwan denya turu, wus apanggih eca aguling, kaget ana karuna, sanglilire salah tampa, gupuh medal ki santri tiba ing geni, sinaut ing cemera.

191

Ni Rara Bingkak tumurun aglis, gupuh-gupuh ki santri kejogan, den anciki cecengele, angrenggeh ancak putung, kwai santri agya pinitik, muncar wedanira, kena singepetung, sarira pulang ludira, merem-merem ki santri amindha sakit, teka akulesedan (hlm. 290).

192

Ni Rara Bingkak tumulya mulih, pelarasan ing twase sangsaya, angrungu tangis arame, nangis asemu mangu, angrungoken swaraning tangis, baya iki si biyang, kepareng ingamuk, anulya dening lumampah, tekeng wisma angling ta gene kiyai, wus pejah tinangisan.

193

Wonten tetangga elet sakelir, dhudha kakalih randha sanunggal, dhidha Seladha wastane, gita nulya tetulung, gupuh denya anyangking kodhi, lan kaki dhudha Selaga, medla gawa alu, den dalih wonten durjana, rangdha loma gupuh atapih kulambi, angidhit padahanan.

194

Agen-agen lumampah karihini, anglancangi ki dhudha Seladha, angure-ure rambute , kopeke gundhal-gandhul, bebokonge angumak-amik, gupuh denya lumampah, kang tumon gumuyu, polahe ni randha loma, Ki selaka gumuyu atutup lathi, tumpn ing randha loma.

195

Gupuh-gupuh angungkab-ungkabi, karsanira karya atetamba, gupuh dadya tanpa rereh, lelancing kandhigepun, pipisane anglud kualu, tangan katutup bentar, wotah lenganepun, tumurun angijek wongwa, katak gubug den gecek dalih sunthi, alu den dalih pala.

196

Ki Mangunarsa maksih alinggih, nora wikan yen sanake pejah, winarah dening rarene, sanya anglawad gupuh, sapraptane nulya alinggih, lawan Ken Selabrangta, andulu yang sang kantu, semone ana daduga saweneh semone ana aradin, wikan jatining lampah.

197

Angres manahe Ken Selabrangti, tumingal dhateng Ni Rancangdriya, wong anom ayu warnane, kasanenan pandam murub, warnanira kadya aguling, waja kengis araras, kincang alisepun, Anggungrimang nulya mulat, lwir wong mesem garwane tansah den lingling, tur anangis alara.

198

Syeh Mangunarsa meneng tanpa nging, tumingal maring arine pejah, rinigep ing twas trenane, angrupek idhepepun, tingal tunggal kang depun esthi, anancang ulat kang lyan, kang parane ing dulu (hlm. 30), anane purba kewala, Mangunarsa menggah nulya sira mati, kang tumingal karuna.

199

Ki santri Munthel lara anangis, Ni Dareman ika gagulungan, den pala-pala jajane, angers sasambatepun, Ni Surastri lara anangis, sesambatnya mlas arsa, adhuh gustiningsun, sapa ngeningsun ngawula, gusti asih sadina amemarahi, angapura ing mindha.

200

Ni Selabrangta meneng tanpa ling, kaputungan manah tanpa ngucap, den regep ing jro kalbune, ja'izing Hyang kadulu, sarirane den gawe dalil, wikan paraning tingal, Selabrangta iku, kadya wong kaselamongan, Selabrangta tresnane sumengil ati, dadya mijil karuna.

201

Angres nalane Ken Selabrangti, Mangunarsa ingkang tinangisan, tan bisa ngeregep tresnane, Mangunarsa riningsun, awungua ta sira yayi, sadina rong dinaa, deningsun atemu, nora suda mata ingwang, Mangunarsa kabobohan bisa mati, sira agawe tresnane.

202

Meneng anangis Ken Selabrangti, anahen manah datanpa ngucap, dadya nangis jro kalbune, asru panangisepun, Selabrangta bisa anangis, denya nangis alara, den sambungi guyu, uyune suka satitah, pangangise ajrih gingsir ingkang liring, malar tan katahtaa.

203

Liyep nalane kandhuan liring, tingaling dasih dadya suh sirna, luluh tekeng raragane, dadya temahan lemut, jiwaraga datan kaesthi, dadya temah sun sirna, dening sih Hyang Agung, yeku kang antuk nugraha, Selabrangta angres sira nulya mati, NiCenthini anjola.

204

Ni Centhini aniba kepati, denya anangis alara-lara, den pala-pala awake, sesambatnya mlas ayun, awungua ni nyai gusti, endi ujarira, asih mararengsun, anusup angayam alas, sun tuturi sun sindhep tulusa asih, tekeng ranggen atilar.

205

Ki santri Munthel amituturi, sampun dinawa kang sampun pejah, mangsa dadia gesange, titahing Hyang den ketung, sangketane tan owah gingsir, sampun kocap ing (hlm. 31(Iman, angandel ing untung, balik yen asih ing tuwan, angulati rowange kawelas asih, amenedi astana.

206

Sekamantyan Yang Aruna mijil, wong anglawad wus samya prapta, sakathahe wong sanake, lanang wadon wus rawuh, Anggungrimang kantu kepati, Munthel karya kaluwat, lawan Ki Patutur, kalawan Ki martaduta, Ki Selaka Seladha Ki Pranakarti, durma karya kaluwat.

PUPUH II

D U R M A

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Tan kocapa Syeh Mangunarsa, deningwang, wonten kocapa malih, Ki syeh Amongraga, sampun aparipurna, datan tulus hokum uni, mapad widagda, tumimbul saking tasik.

02

Mapan sinungan nugraha de Hyang sukma, linuwih saking mukmin,
agambah gagana, lumaku luhur toya, wus wikan sanake mati, acipta
prapta, dhukuh Wanantaka glis.

03

Kang layon mapan maksih dereng dinusan, Ki Amongraga prapti, kagyat
kang tumingal, anulya asembahyang, kalih rakangat sira glis wusing sung
salam, kang mati urip malih.

04

Karananing mangkana jatining pejah, kawula mrih tresnanti, samya ngililir
sira, Ken Selabrangta wikan yen Syeh Amongraga prapti, mendhek
anembah, angrangkul pada kalih.

05

Anglukar gelung gelung surya ngisuhi pada, ingusapan lan weni, lintang
trenanira, Ki Amongraga wikan, yen paraning tresnaneki, paningalira, tan
kandheg johar jisim.

06

Dadya murjita sangdyah kabwatan tresna, tan wayah idhepneki,
Mnagunarsa sira, kelayan Rancangdriya, pangling yen sanake uni, mapan
ketilar, dok kalih samya alit.

07

Selabrangta mujar maring Mangunarsa, lawan Ni Rancangkapti, yeku sanakera, kagyat Ki Mangunarsa, angrangkul pada anangis, Ni Rancangarsa, anjerit denira nangis.

08

Adhuh kaka sira trenging netraningwang, wonghing wardaya mami, nora cipta kaka, sun temu lawan sira, pan sira kawarta mati, aneng Tunjung Bang, kinaguh ing jeladri.

09

Anggungrimang kantu wus anglilir (hlm. 32) purna, kagyat denya ningali, garwanira gesang, lawan ipene prapta, lwir sepena idhepneki, amuji ing Hyang, kang amisesa bumi.

10

Ni Centhini bungah gustinira gesang, Amongraga kang prapti, tuwin kang tumingal, pra samya gagowokan, kadya dinulur ing Widi, Syeh Amongraga, tan minging tingalneki.

11

Wus araga sarirane ika, eloking Hyang kaaksi, Amongraga sira, ngecani ing manah, tatakramanira luwih, pan waliyullah, ingeket dadya gurit.

12

Selabrangta tan pegat birahinira, mangun laku tan gungsir, tapa brangtanira, wengi datanpa nindra, raina datanpa bukti, tan kocapa, polahira kang prapti.

13

Kang kocapa kang kari ing Wanamarta, anggeng brangta prihatin, sapatilare Ken Selabrangta ing kina, den waca surate kari, anyuhi prana nora na kang kaesthi.

14

Ni Warsasih sampune lepur trasnanira, neher sira agoling, kepi anakira, Ken Tambangraras prapta, kagyat tumulya atangi, dadya kakaruna, asru denira nangis.

15

Ki Panurta atanya ing garwanira, paran mamarnya nangis, NiWarsasih mujar, Ni Tambangraras prapta, katon jro supena mami, dadya kagagas, asru denira nangis.

16

Raina tatas malah mijil Yang Arka, sampun tah samya prapti, anak dharanira, muwah kang wong jajahan, samya atatanya gipih, punapaa tah, denya nangis puniku.

17

Ki Panurta angucap ing garwanira, tuturen ipeneki, Warsasih apajar, polahe Tambangraras, prapta lawan lakineki, angrangkul pada mami.

18

Warnanira kaya wong kinare anyar, kampuh gadhug rinukmi sinjang sarasah, sumping jabung payodan, sinawung laptri kakalih, apatahlayang, seta rupanya ngerawit.

19

Samya linggih ing made sakapat ika, kagyat ingsun antagi, malah tabuh lima, mijil SangHyang Aruna, angungun ipenwang uni, sun samar-samar, maksih (hlm. 33) katon ing uni.

20

Kaya ana maksih sumandhing ingringwang, sapolah poleng uni, anglenggak atampel, asta Ken Tambangraras, rawuha sun sesangeni, dhuh anakingwang, edan temen sun iki.

21

Ki Panurta tansah apitatur sira, tumon rabine brangti, aywa keh dinawa, wus titahing pangeran, ewa mangkana sun iki, wus kawengkonan, maring sabrang segari.

22

Anakira wau prapteng Nusa Jawa, angrereh tan kapanggih, lah sun kapakena, wus jangjining Hyang sukma, dalile misesa bumi, muhal yen sira, akarya kayeki.

23

Anakira linglingen karyanen tanda, yen kawisesa malih, Warsasih tan mujar, sarya ngusapi waspa, angrungu wuwusing laki-laki, tresna meh sirna, nanging katon ing ati.

24

Angka muksa bayangan teka aniba, aturu kukub malih, byakta ngemasana, antaka idhepra, Ki Panurta ngarih-arih, idhepan mirah, pitutur ingsun yayi.

25

Ni Sumbaling anguwel atutur ipyan, adya ipyan, kadya wong amenyanyi, sarya ambengcangah, bangiwen saptu ingwang, salah arsa sun angipi, lamun kaetang, gumuyu dhawak mami.

26

Kang Centhini katon teka kaya edan, met bunglon den susoni, sing tumingal latah, Ki Panurta angucap, lah artinen ipeneki, matur tan bisa, angarti ipen kami.

27

Ki Panurta muwus amantra kilase, Centhini denya gusti, mong mongane lunga, melu saparaneki, antuk jenenge anggusti, wadon Turida, mesem angrungwa ing ling.

28

Ki Panurta angucap ing mantunira, undangan lakinireki, durung amiarsa ibune anggung brangti, kandhehing ipe inguni, pituturingwang, kathah nora den tolih.

29

Ken Turida angucap mantuk maring wismanira, lakinira kepanggih, alungguh ing tepas, maca Kuda sranggara, Jayengsmara muwus aris, lah mareneya, pangeran gusti mami.

30

Ken Turida araga pitambah (hlm. 34) sira, dadya amuwus aris, kaka sireng ngundang, denira ramanira, bibinta anggeng akingking, tansah karuna, totonen ipeneki.

31

Jayengsmara amiarsa yen ingundang, gupuh tumurun aris, arja kampuh jinga, nedhal sebe sampiran, gadhung sinungket angrawit, anulya mintar, dhastar sambu lumaris.

32

Nulya marek ing rama alinggih agya, tandhane kurang guling, semu alum nitya, kadya wong mendhem pala, anglalentreh nitya lindri, lwir anon wayang, jamusnya ulatneki.

33

Ken Turida mesem anglirik ing priya, kagagas poleng uni, ing jroning paprenan, Ki Panurta angucap, anakingsun sira kaki, bisa ta sira, ingarti ipen kaki.

34

Ibunira uni dalu aswapena, kakangira kang kepi, kadya pinanganten, sekar jabung payodan, sinawung lan tri kakalih, apatah layang, seta rupanya ngerawit.

35

Arja kampuh gadhung asinjang sarasah, kaya pa artineki, matur Jayengsmara, yen sembada lan tuwan, arja dudu manahneki, ta sang prang ika, meranginapsuneki.

36

Tegese ijo iku maksih agesang, Ni Malarsih anangis, anakingsun bapa, ulatana denira, rinangkul putrane gipih, lan arinira, gaawanen aywa kari.

37

Jayengraga kang pinangka rowangira, anjaluk sakeng ati, matur Jayengsmara, tan langgana manira, lah yen tumeka ing pati, nanging riningwang, tumut angrarewangi.

38

Angur baya dheweke kapok manira, dok angulati dhihin, sakidule alas asring kabora-bora, tabete saenggohneki, tekeng wajah waturip.

39

Ing Kalanbret manira alamng kana, maring Lebuasteki, maring wengkeringwang, ing Tenggalek meh pejah, pun adhi ika mrani bok wlanjar, pngreka wastaneki.

40

Katuju ana sanak asih maringwang, ika atalang pati, Gunung sumbi ika, watane wismanira, manira angungsi urip, lintang marmanya, manira den kukuhi.

41

Dadya lunga manila apela (hlm. 35) rasan, ing dalu kesah mami, prapta ing ngalangan, manira ayun pejah, Ni Wirana nagunggahi, arsa gubela, uni manira pun adhi.

42

Saenggen manira sok kabaya-baya, Ni Malarsih mangkya ngling, lah gawanen uga, pinangka rowangira, lan pituturana kaki, saking Lungsir, angundang anak mami.

43

Santri Lungsir sampun prapteng griyanenira, Jayengraga kepanggih, arsu denya ngucap, pakanira ingundang, dening rama tuwan singgih, anulya ada, merek rama sang yoga.

44

Akampuh jingga sabuk cindhe pathala, keris malela ngrawit, alandheyan cola, kaya wong topyang bangsa, rasukan alus sulthani, binuyuk gandha, sekar Angkreng sasi.

45

Ni Ken Raras mesem andhulu lakinya, abagus laki mami, serawuhing rama, alinggih jejer sira, kelayan Ki jayengrasmi, aris angucap, mangke Ki Jayengrasmi.

46

Jayengraga manira kinon wangsula, angulatana malih, lawan panakira, Ki Jayeraga mojar, nora linyok ujar mami, yen dereng karya, kakang aywa ge mulih.

47

Dalihane si kakang age muliha, kangening rabineki, mesem Jayengsmara, boli adhi pakara, akeh panalamur brangti, tumungkul Jayengraga mesem anjawil.

48

Abibisik lah kakang aywa papoyan, manawi miarseki, yayi pakanira, budine iku ala, lah ta lunga binjing enjing, saksana serap, Yang ganti wengi.

49

Samya amit ing rama mantuk ing wisma, Ken Turida prihatin, pan ayun tinilar, tansah ngusapi waspa, den rusak paesireki, Ki Jayengsmara, mara angrih-arih.

50

Winangwang pangkon sarwi ngilinglingan, dhuh jiwarningsun gusti, sanglwiring kusama, lah katuna pangeran, aywa sira lara kaki, mung sinjangira, baktaken ing kami.

51

Ingsun karya panglepur lara pangeran, idhepen ujar mami, wetningsun kemengan, patudhuhireng rama, parandene sun glis prapti, wadon Turida, idhep ujaring laki.

52

Ni Ken Raras mulih sarwi apepayon, tumoning ipeneki (hlm. 36), anangis alara, sang kakung angrerepa, katuwane awak mami, padha apriya, insung tan pathuk singgih.

53

Nora kaya mangke wus dumduman ingwang, leheng rangdha mami, Jayengraga wikan, rabine esmu ewa, dadya sinamun asweki, adodongengan, sarwi den bebanteni.

54

Bewek-bewek denira agawe aswa, menjoco tur mandelik, Ni Ken Raras ewa, mulat ing lakinira, tumurun sarwi anangis, mesem Ki Jayeng angrih-arih.

55

Ki Jayengraga bisa ametning dyah, gitasmara gameki, puh kenya mamenang, jarik sutra ingintar, kaya ngalapana urip, swara nyuh prana, den gewuh astaneki.

56

Sinambut ingemban maring pagulingan, tan kawarna ing riki, polahe sang raras, muwah Ki Jayengsmara, kocapa mangke kang injing, wus amit sira, ing ramanira kalih.

57

Jayengsmara kelawan Ki Jayengraga, asalin busana sri, samya kampuh jingga, lunga anglaya desa, aglis lampahnya anuli, datan ambakta, panakawan sasiki.

58

Injang mintar saking dhusun Wanamarta, kang kantun lara nagis, akeh kang kapapg, kapidulur lumampah, sambawa rame atri, samya pepanthan, waneh angumbar liring.

59

Samberawa gumuruh sarwi jajawat, maring Ki jayengrasmi, lawan Jayengragga, sawaneh ana ngucap, pantes yen ambebarengi, meneh lungaa, yen sampun prapti mami.

60

Ni perawan angling iku arinira, anut wuri ing kami, Ni Wulanjar mujar, Ri Rara anjejawat, nora taha raganeki, maneh wong doha, denyaarep amateni.

61

Ni bok rangdha Bilar angusek srinata, sarwi amuwus aris, iku pamanira, anut wuri ing ringwang, baya adhatengan iki, sakarsanira, wong lanang sun turuti.

62

Nini kang maju milwa jejawat, iku kaki nireki, sewala lang ingwang, sedalu ngukih prana, nging kurang sranggara manis, dedimon lunga, ingure sun alaki.

63

Kang anyunyu tur kang bisa ilmu donya, Jayengragga anolih (hlm. 37), mesem sarwi ngucap, tuwa tan wruh ing wayah, manhe kaya dok uni, lakunya owah, untune kari siji.

64

Jayengsmara apituturing wencana, rama amanis yayi, den yatno bencana, ing sarira ika, den kalingling mulaneki, aywa ta sira, wuruk sudi karyeki.

65

Depuh wikan paraning paningalira, nora ngulati marih, salwir katingalan, iku mangka paesan, kabeh saking sang Hyang Widi, akarya alam, sakarsanira dadi.

66

Ingaring dalil akal yayi ika, dadine jagat iki, nyata iku tandha, pracinaning kabisan, ing Hyang sarya dumadi, iku ingaran tapadh dhal iku yayi.

67

Kang aduwe tandha den wruh jatineki, ingaran dalil iki, mungguh budi akal, budi ingkang grakita, pasthi ana kang akardi, iku ingaran, wiwaraning kang budi.

68

Ana dene dalil kang ingaran Kuran, sabdanira Hyang Widi, ingkang sinuratan, mangsi lawan dhaluwang, sing sapa maedo kapid, ing patang madhab, madhuleden wruh yayi.

69

Sabdaning Hyang kasurat mangsi dhaluwang, tan basa swara yayi, perihen ing lumampah, tatakrama den wikan, dasar den patitis, adugeng lampah, den takeng tamahneki.

70

Sajrone parimana wus kajajagan, dening budi kang luwih, ika kang anjajag, kakang manira nedha, yen tan mangkana yayi, dadya luluyang ambeke welakeki.

71

Akeh kang wong kalurung tan tatakrama, ala den dalih becik, tan anut washiyat, tirane kang mulya, sasar susur lampahneki, lawan parnesan, malih tan den owahi.

72

Kang saweneh katungkul aja-jorongon, anggungaken ing dhiri, kajatmikan ilang, dening angaku bisa, tan patuh ing syara singgih, kabura-bura, karunjang dening jurit.

73

Alon-alon lampahe Ki Jayengsmara, lawan arinireki, ingari wus liwat, kesthi, sambu lumampah, pitutur ing arineki, Ki Jayengragaga, samarga amisinggih.

74

Kawarana kalangening (hlm. 38) wanasrama, mungguh tepining margi, sampun tingling kilen mangke Sang Yang Aruna, surem prabangkaraneki, wus kalamukan, alon lampahe kalih.

75

Gerah alangu swaranya andesmara, pater swaranya aris, lwir madyaning dyah, kang kesisan calumpring.

76

Werah weneh jurang perangnya lit asinggara, toyanya juging curing, asri swaranira, petung lunung ing marga, gumerisik kang Wuluh gadhing, lwir madyaning dyah, kang kesisan calumpring.

77

Dadining Andong pring samya ambabar, gandanya marbuk minging, lwir madya kasisan, sinjang kokihing tilam, welahannya megat margi, tirta ulekan, saking kedhung anjrihi.

78

Jayengsmara araryan soring Angsoka, kuncara wastaneki, lawan Jayengraga, ngahub soring kapidya, kaleson linggih, arsa nginuma, toyaneng dhandhanggendhis.

PUPUH III

DHANDHANGGULA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Unggannya linggih ing patiganing, suka kuncara lan arinira, Ki jayengraga wuwuse, kakang pundi dinunung, sakecaning lampah puniki, sampun awirandongan, Jayengsmara muwus, ana wong sanak manira, kang atapa ing ancala olah nepi, aran Syeh Malangarsa.

02

Punika yayi sun dunung mangke, iku rowangingsun angumbara, dok ing sun ngaji bangiwen, kaliwat pananepun, ing Paciran dhimin, ing mangke olah tapa, akeh sisyanepun, menawi yayi miarsa, ing wartane si kakang inguni-uni, lah kaka sinengeran.

03

Nora adoh yayi saking riki, nora liwat lampah kalih rina, ing Ardi Palwa enggone, Ki Jayengraga muwus, lah ta mintar saking riki, lengser Ki Jayengraga, sumengka mangedul, kongang lurah pagagan, lebak-lebak ing gunung mujur kapiring, tandur lagya adandan.

04

Sumengkeng gegerakan lampahnya nuli, katuju manggih ing panginepan, ing Sindureja wastane, bale patemon agung, pinggir toya sitinya (hlm. 39) resik, tinaneman Andong bang, lawan Andong dadu, Kayumas lan Parijata, Bayem salah sinelan Mayana wilis, ing natar Kayu neja.

05

Ki Jayengsamara angling ing ati, baya mukti ponang agriya, katoryang papatutane, tumanduk karsanepun, arsa raryan Ki Jayengrasmi, kelayan arinira, tanseng wurinepun, araryan ki Jayengsmara, teka linggih sesaka depun lendohi, ismune wong kaleswan.

06

Kang manca randha nom tur sugih, ken Tilarsa pan jejulukira, lintang susila budhine, anyar kepaten kakung, katilaran putra kekalih, estri samya dewasa, warnanya yu-ayu, awasa Ni Ken Suwarsa, kang wuragil awawasta NiKen Warsiki, lwir widadari kinddran.

07

Asuwe datan ana wong mijil, Ni Pucangan rasa ngambil toya, katuju medal angore, lampah kalih pinjung, tandra kagyat anon wong linggih, sira Ni Ken Pucangan, wangsul tur gumuyu, atakken rangdha Tilarsa, Ni Pucangan paran kang dera guyoni, teka jaba suka.

08

Ni Pucungan atur poleng uni, kawula medal ing jaba, wonten wong kepanggih reren, bale patemon agung, wong kekalih pelag suwarni, manira boya wikan, medal kalih pinjung, tumurun rangdha Tilarsa, depun intip ing kikis Ki Jayengrasmi, atut wonten dhatengan.

09

Anambut wastra jingga sumampir, karsanira apa dhatengan, asta keru nyangking jambe, amucang sarya metu, jayengsmara tumurun aglis, angadeg amadhapa, ni rangdha andhulu, kalintang pandulunira, dinuk liring semune Ki Jayengrasmi, dulu wong suwahara.

10

Ken Tilarsa den lingiran aris, denya napa ramya manahira, rumaket anak basane, saking pundi dinunung, anak ingsun nedha lumaris, awon lungguh ing jaba, anginuma banyu, supados nyawa mucanga, anauri wencana Ki Jayengrasmi, bibi manira nedha.

11

Den lirik mangke Ki Jayengragi, iku nyawa tah sanak punapa, Ki jayengrasmi saure, sanak manira dulur, nenggeih rowan kawelas asih, angres rangdha Tilarsa, ngerengen wuwusepun, wau satekaning wisma, depun undang rarene nyawisa warih, anggelara kelasa.

12

Ni rangdha tumulnya ngancarani, lah ta nyawa sira alinggiha, sapuranira den akeh, nora amanggih sekul, bibi nira nyawa wong miskin, tulus rangdha kasihan, rarane den uwuh, lah anjaluk pamocangan, sampun sinung anulya depun carani, lah nyawa amucanga.

13

Rarene mangke wangsiti, Ni Pucangan sira jawadaha, lan amencana nyarundeng, anambeleha sawung, ana suwap ingsun kekalih, lawan dhendheng menjangan, kang wewadhah sumbul, lan amathika kelapa, sun akarya sekul wudhuk lan kabuli, lawan adhanga ketan.

14

Ni rangdha angling ing anakneki, ibunira nyawa atamihan, lah akunen sanak angger, kakangira wus adus, lah sungana, beboreh nini, sapanen kakangira, ken Rara mintuhu, tumungkul asemu waspa, sarwi bakta dadah banten burat wangi, lawan lisah jebadan.

15

Ni Ken Rara wau metweng jawi, karsanira amundhur sekar, wong roro lawan arinira, asinjang seta alus, kasemekan limar ketangi, awida jajebadan, arja sengkang lurus, akampuh sutra dewangga, anderangi paesan dhat ngayomi, nenggih Ni Ken Suwarsa.

16

Ni Warsiki sira sinjang wilis, arja kampuh rangdhi angrangrangan, lebeng kaot kakembene, asumping Anggrek Menur, uleng-uleng sekar Melathi, asimsim memanis, jenarnya muda kung, cangget cenggeh paksa lanang, metweng jaba kalih kakange den iring, byakta kembar lumampah.

17

Ki Jyengraga ika ninggali, angga luka twas tanpa jamuga, amucang runtuh jambene, kewalik gentalepun, panindane den singgih dhihin, mesem Jayengsmara, arine dinulu, wikan lamun salah driya, Jayengraga wikan lamun den kawruhi, yen ambek kamanusan.

18

Ni rangdha Tilarsa papoyan glis, iku nyawa karo (hlm. 41) arinira, lintang dening pamujine, sing anglamar tanpa yun, sapa baya kang depun anti, awet dadi pataka, iku karsaningsun yen sih ayun alakiya, wong umbaran arsaa pan sun turuti, mesem Ki Jayengraga.

19

Olah-olah wus mateng sumaji, sampun surup Sang Yang Dewangkara, sampun masang sesandine, sesaose wus rawuh, tiningalan tuhwa lep arsi, sekul mungguh ing panjang, ing sesajenepun, tan ilang takona kena, wus sumaji sesajyan den ancanari, lah nyawa adhahara.

20

Ken Rara karo angeladeni, tansah ingarsa angraseng padam murub, wedanane asawang sasi, kala mangsa Kartika, pupure den rembug, asumpang jabung payudan, Jayengsmara atine den kuranteni, sarya ngesthi intingpar.

21

Ni Warsiki sireng lulukoni, akampuh jingga sinurat ing mas, sata patra sasumpinge, saya ngimbu ayu, Ni Warsiki sira ningali, mareng Ki Jayengraga, lwir thathit ambarung, kena ing asmara nala, Jayengsmara arine tansah den liring, wikan Ki Jayengraga.

22

Jayengraga celur ulatneki, api nora ameke basaja, tumungkul sarya angliring, dadya perang andulu, keneng guna kusuma rai, kepyaan Ki Jayengraga, Ni Warsiki kanyut, atine muksa bayangan, aglis manthuk ing wisma nibeng gaguling, apipuyeng alara.

23

Ni Suwarsa pan wruh nayeng lungit, yen arinira angluh alara, smang marang tetamune, aris denira muwus, lara paran ta sira yayi, sapa anambanan, apalih dhedhukun, wikan yen hedhukun lanang, depun cewel arine anyewel malih, rame agagulaten.

24

Sampunnya dhahar adan aguling, Ki Jayengsmara lan aranira, ni rangdha alon ujare, lah kaki anakingsun wartanan denira kaki, marmanira nglelana, shaing wisma maskun, sumaur Ki Jayengsmara, angulati wangsa manira pawestri, ical ing pagugulingan.

25

Ing lungane sadyane ruini, darmanira nora na uninga (hlm. 42), kesah kalih pawongane, sampun manira susul, sing negara norakepanggih, angres rangdha Tilarsa, ngerengen waranepun, lah ta nyawa asareya, mene dalu lah taawungua malih, lah nyawa narebanga.

26

Areman ingsun angrungu sangir, ing kina dok ramanira gesang, remen yen anggembyong sore, lakinira den tutur, doking kuna dhatengan pekir, santri aperabatan, Jayengsmara muwus, bibi paran kang rebat, Ni Tilarsa anutur wencana manis, lah nyawa leresana.

27

Wajib titiga kang den rasani, wijibina Allah lan Rasulullah, lan mukmin iku wajibe, mwanng muhalepun, lawan malih wenanga iki, ramanira angucap, wajibing Hyang Agung, anane langgeng tan owah, sashipate tetep ing dzat datan gingsir, iku wajib ing Allah.

28

Muhal ing Allah yen kena mati, pepadha kelawan anak-anak, apesing Hyang muhal kabeh, mengkana wenangepun, anging Allah nenggih puruki, purba misesa jagad, angrusak amyangun, akarya sakarsanira, Jayengsmara wuwusira amisinggih, bibi atut mengkana.

29

Ki santri nyawa anewalani, nenggih iku wajib mungguh ing Hyang, andadekaken jagad kabeh, muhal iku yen wurung, ing wenange dene lastari, kedadehaning jagad, Jayengsmara muwus, salah bibi yen mangkana, wenanging Hyang den arani wajibneki, dadya idhepe salah.

30

Ki Jayengragaga amuwus aris, akathah kakang wong kang mangkana, den ramji pangawikane, karane akeh luput, pangucapane tan mawi dalil, dadya angangka-angka, yayi wancinepun, ing mindha nora kundur, jaman mangkin akeh kang wong jail ilmi, mider amrih pasilan.

31

Wajibing rasul lah kadi pundi, anakingsun nyawa ucapena, sapuranira den akeh, mwang kadi pundi muhalepun, lawan malih wenange nabi, lah nedha ucapena, nyawa anakingsun, lah wajibbe mukmin pisan, mwang muhale lan wenange iki kaki, sira amertanana.

32

Wajibing Rasul nenggih puniki, amertaken sabdaning pangeran, abener (hlm, 43) ing wartane, puniku kewajibepun, ana dene muhale Nabi, kelamun agoroaha, wartane puniku, muhal yen cidraa, ing jaize wenang sakit lan mati, bibi pamiarsengwang.

33

Anan dene wajibe wong mukmin, angestaken sabdaning pangeran, wartane utusan kabeh, pardhu jenenge iku, lampahena ing zahir bathin, saolahe sarengat, punika den ketung, muhale purba wasesa, ing jaize wenang rusak lawan mati, manira amiarsa.

34

Ni rangdha ika papoyan aglis, ing kina nyawa ana Rubiyah, wekasan ngucap mangkene, yen wong amuwus, atanya ing sira tah nini, apatah Islam sira, para sauringsun, angucapa Islam salah, Ni Rubiyah iku nora amisinggih, iku kadi punapa.

35

Ki Jayengsmara amuwus aris, atut salah bibi yen mangkana, ingaran syak ing Islam, ngucap insya'allahu, ing panggawe kang dereng yekti, kadya wong asebahyang, bibi saminepun, hukum Islam tan mangkana, ing yektine hukume wus den linggihi, dadya tan wenang syaka.

36

Ing salahe bibi kari wuri, karsaning Hyang bibi nora wikan, ing polah iki jatine, punika salehepun, Ni Bok rongdha mangkya nauri, nyawa maniran nedha, utamaning laku, lah ta nyawa agulinga, Jayengsmara aglis, sinungan gaguling, lah nyawa asareya.

37

Ni Warsiki dalu tanpa guling, Jayengragga kacipta ing nala, katon spari polahe, tan kena sinalamur, depun samun katon ing ati, kwir driya pinandam, tan kena aturu, Jayengragga tan asiha, pasthi ingsun mati sedhik tanpa kanin, yen sira tan asiha.

38

Sireping janmi pra samya guling Jayengraga ika pinaranan, teka linggih ing sandhinge, aris denira muwus, awungua kang Jayengraga, lah ta usadanana, kakang laraningsun, sasat anguripi pejah, depun tulus sihira mara ing kami, Ki Jayengraga.

39

Ki Jayengraga angling ing ati, mangko tah (hlm. 44) baya ana bencana, mingsar-mingser asung anggen, angling ing kalbuningsun, kaya apa tah ingsun iki, mandah weruha si kakang, paran polahingsung, sedalan winarahan, jayengraga den tutuh sariraneki, anging sun kapakena.

40

Dadya karsane mangkya ngecani, lah mintara yayi maring wisma, tan angrasa yen ig kene, sang rara nulya mantuk, Jyengraga tansah ing wuri, sarya kakanthen asta, Jayengraga rawuh, sira mangking pagulingan, depun rangkul sang rara den bisisiki, mangke ingsun papoyan.

41

Karana manira tan arabi, dene manira adarbe lara, tan samnya lan wong akeh ingsun lama tan payon, wus akrama tinilar estri, dene adarbe lara, ketang werangingsun, nora jaya ing wanita, Jayengraga bisane sarya anangis, meneng sangdyah karuna.

42

Sang rara ika amuwus aris, lah ingsun iki wus pisakena, lamaren saking sukane, lamun binjang wus temu, lah si biyang bisa nambani, yen nora tah beyaha, suk kawinen besuk, sanadyan nora nukua, Jayengraga anyipta wuwusira amisinggih, ing binjang lah sun lamar.

43

Jayengraga anuksma ing ati, manira mangke agagujengan, anutur ing pawartane, kang wus tumakeng laku, nenggih kina ika wong luwih, nora panggih syah wungga, yen ana den dulu, den cekel astane kiwa, Jayengraga anyipta tunggaling urip, dadya sang dyah kentaka.

44

Angres manaha Ki Jayeragi, tumingal maring sang dyah kentaka, tan sipi wau welase, nora panggih salulut, Jayengsmara kang den ajrihi, pan lintang sungkemira, dhateng rekanipun, anendhal wastra sampiran, den ulesi ingapit-apit gaguling, kenas Ki Jayengraga.

45

Mangkana malih Ki Jayengrasmi, Ni Suwarsa cinipta ing nala, raras ing jro supenane, angipi apulang yun, Jayengsmara katon ing wengi, ngerowangi sacumbana, Ni Suwarsa lulut, kena ing asmara nala, karanepun (hlm. 45) anglilir-lilir kepati, rarasing jro swapena.

46

Meh raina semu bang Yang Rawi, Jayengsmara lan ki Jayengraga, arsa lumaris prayane, bibi amit katengsun, muwah yayi katuna kalih, anedha panembrama, utang manira gung, bibi mangsa kawelasa, anauri ni rangdha wencana manis, lah sampun age lunga.

47

Anginepa nyawa den alami, arinira karo kunen sanak, malar dadia kanthine, bibi nedha katengsun, lah ing beijing manira wali, yen prapteng Ardipalwa, punika yen kontung, dene mangsa alamia, anauri ni rangdha wencana aris, poma nyawa balia.

48

Lah ni rara atangia kalih, kakangira nyawa mangke lunga, dingaren sira mangkene, baya lara nakingsun yen alara sun tetambani, kalih samya ngelong jiwa, paran kang dera nglung, angelung tungtung manira, dera tangi eh bibi eca aguling, dadya puwara lara.

49

Paran kang den baktaken nini, kakangira nyawa sangonana, sap tangan sungana jambe, lan dhastar sebe wungu, baktaken kakanta kalih, muwah dadahe pisan, lawan burat arum, lisah loloh lan kalembak, amintuhu sang rara asemu tangis, dhuh paran polahingwang.

50

Injang mintar saking wismaneki, sang rara kari kantuk ing tilam, samya sungkawa polahe, samya kamugeng kahyun, lwir kasebet pengawe sari, angga muksa bayanga, arine amuwus, si kakang asmu karuna, nora wirang wong amoyang den tangisi, sira uga pan iya.

51

Ni Tilaras lengleng driyaneki, sing kang den cekel muksa ing tangan, semang dening tutamune, anakepu den rangkul, Ni Suwarasa asemu tangis, ramanira tumingal, angres sira dulu katuwon Ki Jayengsmara, kaningaya tan arsa ginawe kanthi, anggur aja mampir.

52

Muwah sih malih Ni Ken Warsiki, salunganira Ki Jayengraga, lengleng mangu tanpa gawe, tenunane den pangku, Jayengraga kacipteng ati, lir melu katenuna, pan sasenteg (hlm. 46) mangu, tumurun aucul tampar, dedalane kang lunga depun tangisi, kepyan rangdha Tilarsa.

53

Ni Tilarsa waneh kuntrang-kantring, milya semang tan kena ing pangan, tumon polahe anake, sarirane den tutuh, telase Ki Jayengrasmi, ing wau sun gubela, sarywa ngusap ing luh, suka cacadening jana, salungane ing wuri kari prihatin, sun sidhep tan mangkana.

54

Ana parnah sanake sawiji, karsanira mangke pinaranan, dhukun Robaka wastane, wingi ingsun angrungu, arinira nenggih pan sepi, nora na kang apajar, yen lunga andhukun, Ni Sukeling apepoyan, Ki Wahuda anenggih lara kepati, menawi mangke prapta.

55

Ki rubuka ika aglis prapti, tiningalan kakangira prepta, arsa medhuna karsane, nulya anapa gupuh, kakang rangdha punapa kardi, amemarasi darya, kakang teka gupuh, lah ta kakang alinggiha, anauri ni rangdha wencana aris, sarya ngusepi waspa.

56

Ki Rubuka ariningsun kaki, anakira Ni Suwarsa lara, asudanana den age, lan Ni Warsiki iku, kantakane sadina iki, kaya wong kena guna, teka lengleng mangu, wingo ongsun dhedhayohan, wong amoyang awasta Ki Jayengrasmi, lawan Ki Jayengraga.

57

Ki Rubaka semu ujar lungid, kakang rangdha kaya apa sira, denira among ing rame, saking panarkaningsun, anakira sampun apanggih, lawan tetamunira, Jayengsmara dangu, anging ingsun nora wikan, sun tarkaa manawa nora sayekti, mesem Ni Bok Usada.

58

Nanging sih yayi Ki Jayengrasmi, lintang ingsun dening aparcaya, yen sun dulu zhahire, wikan ing bathinipun, sesolahe wong jatmika, tindak tandukepun, sumaur dhukun Rubaka, aywa tungkul kabisan dadaya lingaling, dening amrih kandela.

59

Balike yayi Ki Jayengragi, rare anom tur rada pathelang, katuring ulat guyune, saking panrakaningsun, anakira Ni Ken Warsiki (hlm. 47), rowange urip tinggal, Rubuka amuwus, nora linyok ujaringwang, Ni Warsiki semune katoreng wadi, polahe wani priya.

60

Kakange mangke den papoyani, kakang rangdha manira saloka, ing wong estri wani wong len, wonten salokanepun, anadene pinet pralambi Srandulu Wikridita, ing salokanepun, asasiwo lawan macan, yen tungkula temahe den kadhemeki, meneng rangdha Tilarsa.

61

Karane kakang ingwang puniki, den bisa nenger ing nitya, andugeng twas samune, len sampun semu baluru, semuning wong riningring-ringring, nora manggya wirang, ing wong satya tuhu, wonten kang pinet saloka, salokane tirta sira amarasi, awis kang wong mangkana.

62

Wonten anake wadon sasiji, Ni Sukeling pan jajulukira, wus ana pepacangane, anging ginagat wurung, jejalukan nora nekani, warange salah tanpa, ika karsanepun, menawa den gawe marga, kang den dalih semune tan den karsani, dadya malih sangsaya.

63

Ki Rubaka angutus ing Rabi, Ni Usada sira anglawada, lawan anakira mangke, lah mintara rumuhun, ingsun mene kari ing wuri, lawaden anakira, Ni Warsiki angluh, lan kakange Ni Suwarsa, karo iku anenggih lara kepati, mintar kang ingujaran.

64

Sapraptane sira nulya linggih, Ni Sukeling alon denya ngucap, uwa paran wiwitane, kakang Suwarseng dangu, darunane yen lara brangti, Ni Tilarsa angucap, babo anakingsun, adhatengan wong amoyang, wong kekalih awasta Ki Jayengrasmi, lawan Ki Jayengraga.

65

Ni Sukeling anglociteng ati, baya wingi wong kang liwat ika, kang asung semang wirage, sawengi uni ketung, sesolahe kacipteng ati, penyananingsun ing twas, sun sidhep andarung, weruha yen mampir griya, sun anginep ing kene teka sawengi, baya lengleng katiga.

66

Kaliru lan wong liwat wingi, lawan kang wong kalak ijo, akol asingkol (hlm. 48) polahe, papacangane ketung, yen ujure Ni Ken Sukeling, ingsun den paksa, dening ramaningsun, manira mangsa gelema, den wadiyeng perahu ingsun lakoni, angur rara wudua.

67

Saya angles larane kepati, Ni Wursiki lawan Ni Suwarsa, wus lesah muksa cahane, Ni Bok rangdha andhulu, ing anake anjerit kepati, lah babu anglilira, arinira rawuh, lah ta nyawa suguhana, Ni Sukeling denya anangis kepati, lah kakang ingsun teka.

68

Tetanggane kabeh samya prapti, wong sakadang samya anglelawad, kang tangis umyang arame, samya atanya gupuh, bibi paran den angluh iki, ariningsun alara, ni rangdha amuwus, awirang yen sun tutura, lara mangke arinira ngluh kepati, meneng atebah jaja.

69

Tandra rawuh ini dhukun langkungi, glis akarya tulak karsanira, gupuh denya jumpu jambu, panadine den puluk, sekabehe nora na kari, lawan suruhe pisan, wetara sagebung, lambene bintol sakajar, kaltengen ni dhukun tiga ing siti, sinaut ing cemara.

70

Sapraptane Ki Rubaka angutus ing rabi, Ni Suwarsa wau tiningalan, wus lesah ilang cahyane, swapane kagugu, marmanira alara brangti, rarasing jro swapena, Ni Warsikeng dangu, polahe den gugu, ing tilam kantu ketampil, marmane dadi edan.

71

Ki Rubaka angutus ing rabi, Ni Usada sira marenea, lah ta mantuka den age, ambilen ladingepun, Ki Wauda asung wejani, pan asung lading waja, sore sun aturu, wus mintar kang ingujaran, sampun sinung panggrupak depun tampani, dene dhukun Rubana.

72

Mangkya nambut pawohan tumuli, Jambu anom wus tinulis rajah, lawan Suruh temu rose, punika karsanepun, Ki Rubaka sira angesthi, sarta osiking nala, kang muguh ing suruh, Ni Usada semburane, wus den sembur kang angring nulya anglilir, bungah rangdha Tilarsa.

73

Warnanen mangke Ki Jayengrasmi, anglampahi parang jurang sengkang (hlm. 49), semu deduga lampahé, sumengkeng gunung-gunung, parang pringga jurangnya ngerumpil, liyep ponang wratmaka, dening lumut-lumut sela gung angapit marga, pudhak mure lwir wentis kesisan tapih, amangun larasmara.

74

Amewehi langening kang margi, padapaning jering kumelab kanginan, Angsoka sinom rumembe, lwir jinem apulang yun, sekar bana yayahing tulis, tinon lwir kaswaraga, kelasa baletung, wunya rateng abrang sinang, palisire jangga mekar amrik mingging, tinon lir pakasutan.

75

Angsana sekarnya wra ing siti, Mandhalika awok awilaten, arja Katirah warnane, padma Angrek sitangsu, munggeng kanan anggulilingi, lawan Angrek setata, ing pinggire enuh, pupusing lirang ambabar, jangga lumung lwir priya angol panepi, jinem angklar sinjang.

76

Aer tambang tinalangan Pring gadhing, sumyak swaraning tumibeng jurang, Kongkang munya ngerong arane, kadya wong apengayun, awruhan kadya ngaruhi, yen wonga anambrama, ing pangidhepepun, kagyat kang Pakung malesat, minangsa ing Pakis amilat mudiding, mingser angungsi sela.

77

Sela sayana tepining beji, sasoring angsana bra kang kembang, rum-rum sumawur sekare, angurambang ing ranu, puspanya wra kintir ing warih,

kampir ing sata patra, genggeng-genggeng lumut-lumut, arjuna atur araras, sarya mangku sedhik ika den kemuli, awedhak lumut antya.

78

Jangkung tumeling-teling iang warih, anganti-anti surude toya, mina lit den prih silibe, Kuntul mincok ing wetu, Pencuk ika ena miranti, mencok ing taken ragas, tumiling ing banyu, Cangak angancik ing tunggak, amrih angungak deleg gimingsir, mina lit sumemburat.

79

Kitiran munya ing pang aganti, awurahan paksi ingkang munya, derkuku ngungkung swarane, sinerenging paksi Siung, Prenjak Cucak Umung gumanti, ramya anacar wohan, paksi serang aselur, Gedhawa mencok ing epang, asasiwo angondhok (hlm. 50) arebut bukti, kasidan ramya ing pang.

80

Poh Bembem ika jajar lan Wuni, Poh Denta lawan Poh Mandhalika, Poh Ijo ika rowange, Jangkung awur lan Kuntul, munggeng tengen arebut bukti, swaranya tambang-tambang, mandra pan karungu, swaranya malu daluwang, anggurantal lawan swaraning sundari, lwir mardangganing wayang.

81

Lamat-lamat kawuryan arasmi, ing Ardipalwa kadugeng tingal, kaoton angungkul masjid, mari panarganing tingal, kedhap-kedhap ngawe-awe ing sang prapti, kadya den tumanduka.

82

Inggar manahe Ki Jayengrasmi, tumingal mangke ing tetanduran, kitri asangkep warnane, kitri ing pinggir ranu, morang dalam kang mujang ranti,

perang ambabar mayang, gandarnya mrik arum, pamedharing mayang mekar, kadya gelung lukar sedhenge karasmin, ing jrone pakasutan.

83

Palagantung uwohnya adadi, Manggis Pijaten kelawan Duren, Dresyana guyu rowange, Salak lawan Kedhangsu, Nangka wulan Kecapi, angkatan abra sinang, sakare sumawur, anggrek lawan puspa Japa, andho-adho arok lawan Gandasuli, Jambu wer isi sata.

84

Alon-alon lampaha lumaris, Jayengsmara lawan Jayengraga, wus prapti ing banjarane, kalangenan dening dulu, upacaraipun aradin, warnane kang kusuma, winuryan alangu, arjuna lawan Jamirah, Parijata awor lan Jangga kasturi, amilet kamiletan.

85

Patani antyan tuwaha ngerawit, atirab gambar kederan toya, kayu Cendhana watune, bata bang benturepun, pinalisir Jangga kasturi, Jayengraga garjita, tumon tulispun, atulis khabar naraka, kang kasisih atulis kgabar suwargi, Jayengraga kacaryan.

86

Masjid ageng linepaangrawit, tundha tiga pinanjanan sirap, sela Cendhani banture, kinikisan Pring wulung, ginelaran sayana ngerawit (hlm. 51), winancak Suji kembang, resik natarepun, kasongan bujangga puspa, apadhapa sekara asenan asri, tinon kadya udayana.

87

Kaume kathah samya nginderi, pan samya amangun tapa, Syeh Pariminta ing Bang Lor, Syeh Modang munggeng Kedul, Unggyan Wetan Syeh

Amongsari, Kilene Syeh Amongkarsa, samya mangun laku, asru brangta nireng sukma, anom-anom padha mangun sela murti, tan asih ing kadunyan.

88

Syeh Malangarsa wonten ing masjid, wikan lamun wong sanake prapta, sasungun bungah manaha, denya sung salam asru, Malangarsa sira ngaturi, sigra anjawat tangan, arine den rangkul, sung bakti Ki Jayengsmara, asagata Syeh Malangarsa lingnya ris, daweg yayi katuran.

89

Alama yayi datan kapanggih, sun sidhep yayi sira palastra, dening nora na wartane, lawas nora ketemu, kaya na tri dasa warsi, dok anan ing Paciran, sring sun ucap dalu, kangen ingsun maring sira, anauri wencana Ki Jayengrasmi, kakang manira nedha.

90

Binakta mantuk Ki Jayengrasmi, Ni Ulangan arinira prapta, kang sun cipteng twas lamine, Ni Ulangan agupuh denya napa bagea yayi, aglis gelar kelasa, wus kinwan alungguh, wus acaos pamucangan, sampun sinung manampan den acarani, lah yayi amucanga.

91

Gupuh-gupuh arsa anemani, Ni Ulangan arsa olah-olah, nora nganti ing rowange, marang pawon agupuh, karsanira angambil kwali, dangdang kesandhung pecah, tugel buyungepun, titiyange katrajang, cangkok kewang ginecek senggih kemiri, Tales den dalih Bawang.

92

Aglis mulih angambil reragi, Ni Ulangan ika garegelan, tandran merucul kopeke, bedhah kakembenepun, kakopeke moler saguling, kaget Nimbok

Uwaran, melayu kasokan werak, angrarintih den antep ing Kalajengking, mesem (hlm. 52) Ki Jayengraga.

93

Tetanggane samya nguningani, yen arinira apan dhatengan, kakang abagus warnane, perawan samya rawuh, lingsenira angrarewangi, sigra aucul tampar, Ni Wulanjar kedul, raramanira atanya, endi Ni Wulanjar sira nini, si kakang adhatengan.

94

Rarase amrih wau kuntrang-kantring, metweng jaba dadak sangga uwang, kapincal iku polahe, tan pegat manjing metu, Jayengraga den kulenceri, lelewa atanaga, lingisnya angungsu, metwang jaba ragan-ragan, buyung wuluh den tabuh pinatut gendhing, atembang samirana.

95

Olah-olahan sampun sumaji, Ni Ulangan asru denya ngucap, angutus kenca bature, denya asaji sakul, Ni ulengan asaji warih, sigra pra samya dhadar, sangkep ulamepun, mangkana Ki Malangarsa, tetamune nulya den acarani, lah yayi adhahara.

96

Syeh Malangarsa ika ngecani, selaminira amangun tapa, angirangi buka sare, tulus amangun kahyun, anging lamn dhatengan prapti, ika ngecani manah, denya nyamar laku, waged denya lamur lampah, ujub rija' kibir sum'ah kang den jrihi, asru wedining sukma.

97

Ki Jayengsmara angling ing ati, si kakang iki ngecani manah, den singidaken lampah, tindak katoryang semu, sumenga ingkang den kiringi,

yen tuhwane wikan, denya muksmeng laku, tanpa yun kawataraa, kang sawaneh lampihe kerana rai, sampun denya adhahar.

98

Suruping arka samya ngabakti, Syeh malangkarsa lan arinira ashalat maghrib watune, sampunya shalat metu, Malangkarsa munggeng surambi, lawan Ki jayengsamara, Malangkarsa muwus, yayi paran sadyanira, Jayengsmara sumaur wencara manis, kakang karsamanira.

99

Deningsun kaka sumengkeng angriki, angulati kakang sanakingwang, estri tan wikan parane, anis kalaning dulu, pawongane kakang pawestri, ika rowange kenas, wus manira ruruh, kedran (hlm. 53) luruh Jenggala, ing Kedhiri kakang wus ulati, muwah ing Lebuasta.

100

Parandene kakang tan kepanggih, karan manira dhateng ing tuwan, menawi wikan warnane, ingwong dinal dinuk, Malangkarsa nulya nauri, yayengsun apapoyan, kina sun angrungu, Rubiyah anom lumampah, kalih estri aparab Ken Selabrangti, sangka aing Wanamarta.

101

Ing wanantaka unggyaning mangkin, Syeh Mangunarsa wastane ika, ananggih kangken ipene, kang apajar maringsun, Ki Syeh Modang wastane yayi, mangke uga pun teka, wus sun undang wau, sun wartani yen dhatengan, Jayengsmara amuwus anggegerehi, lan kakang pinaran.

102

Syeh Malangarsa anuwalani, injang-injang yayi pinaranan, pun kakang milwa andherek, ayun wikana ingsun, ingyaktine warnane yayi, nengih lakine prapta, Rubiyah puniku, awawasta Syeh Amongraga, nenggih kokum linabuh nora wikati, dok aneng Akisganda.

103

Tan kena tirunen iku yayi, polah iku sampun dumduman, tan gigndir kadadehane, mapan ing laku ku, alayara segara keni, amegata arongan ngekepa Jayengku, yaktine maksa padhaa, Jayengsmara tumungkul, angguwu wedi, kakang manira nedha.

104

Nadyan layara segara keni, panggih puniku mangsa mangkiya, kang ora hal iku dene, ewuh ingsun angrungu, kang ora hal tah iku yayi, lwir lelandhiping pedhang, nugrahaning kawruh, mapan kang aran nugraha, kanugrahan iku yayi anampani, kang tinampan nugraha.

105

Mapan kanugrahan iku malih, dadu rasanira kang awenyah, kaloka arsa ing akeh, kanugrahan puniku, nenggih uga welasaning sih kacane yen nugraha, ing pralambinepun, kadya ngilo paesan, wewayangan kanugrahan sukmaneki, kang angila nugraha.

106

Mapan semune angilo yayi, asung wikan yayi kang sinihan, anjateni kakasihe, semune ngilo, sinung wikan dera Hyang Widi, denya ngestoken niya, ing pangangkenepun, angucapa (hlm. 54) kina, kinarsaken ora purbaneki, jenengeka dadora.

107

Patemun nenggih iya syara yayi, kadyanggane toya sing ing tawa, akimpul uga karone, ing pakumpule iku, nora kena ngaran jeladri, muwah ra nana tawa, anta aranepun, anta yeku kanugrahan, Jayengsmara tumungkul anuksameng ati, kakang manira nedha.

108

Yen wus sirna anging toya asin, kawinuhan asine segara, tawa sirna kajatene, asin jeladri iku, kang jumeneng nora kekalih, nanging ingkang segara, kang sedya purba agung, iku yayi depun awas, kang ingaran segara datanpa tepi, iku yayi den awas.

109

Mangkana yayi cihnane cermin, rupa jro paesan sampun sirna, mantep rupane dheweke, kang sinihin kalimput, dadya jeneng rupa pribadi, limput tan nana wikan, kedy doking dangu, samya wruh pribadinira, Jayengsmara sumungkem ing pada kalih, lawan Ki Jayengraga.

110

Kalanging Ki Syeh Modang prapti, wacananira, Syeh Malangarsa, rawuh kabeh sakaume, Syeh Pariminta rawuh, sakaume Syeh Amongsari, wikan lamun dhatengan, ingacaran gapuh, yayi den mara ingarsa, asung bakti Syeh Modang Syeh Amongsari, lawan Syeh Paraminta.

111

Syeh Modang mangke lingira aris, manira kakang nenggih miarsa, ing Wanantaka wartamne, wonten rubiyah rawuh, wastanepun Ken Selabrangti, anom yu lumampah, lan titiyangepun, pra samya anandhang bawa, pawongane awasta nimbok Cwnthini, wismane Wanamarta.

112

Ki Jayengsmara amuwus aris, puniku kakang nenggih miarsa, ing Wanantaka wartane, wonten rubiyah rawuh, wastane singgih, menawa ngalih aran, Selabrangta iku, amuwus Ki Jayengragga, sabda gugul kakange den gagorohi, lah kakang pinaranan.

113

Syeh Modang sira amuwus aris, boya lawan manira miarsa, wonten kalih rina mengke, anggeningsun arunggu, santri Munthel ingkang awerti, kangken sisihanira, dening ipe (hlm. 55) nepun, awasta Syeh Mangunarsa, apepoyan yen arsa akirim tulis, mara ing Wanamarta.

114

Syeh Malangarsa amuwus aris, lah ta yayi padha pinaranan, sitangsu sampun sumare, Ki Jayengsmara muwus, lah anedha kakang sun iki, arsa tummut sedya, mangke kaumepun, wus adan Syeh Malangarsa, tandra rawuh Ki Munthel angemban tulis, mara auluk salam.

115

Wus sinauran salamira ris, denira mangke Syeh Malangarsa, Syeh Modang ika wuwuse, inggih tiyang puniku, kang ing uni, pan gepah sinambrama, wus samya alungguh, ing ngarsane Malangarsa, asagata Syeh Malangarsa amanis, lah bagya kang dhatengan.

116

Punapa yayi wontena akardi, agung toya wismeng Wanantaka, prapta kalimbak ing kene, santri Munthel sumaur, lah ki reke manira nenggih, dhateng ing Wanamarta, ngemban tulisepun, anenggih Ken Selabrangta, asung warta ing wangsa mring yaya bibi, ika wiyosing layang.

117

Lawas kinon mampir ing riki, asung salam dhateng pakanira, kang pinanta penedhane, tuwan kajana kasub, lamun tuwan amangsun singgih, putus awicaksana, nastiti ing laku, nastiti ing laku, lah tuwan nedhakena, amongraga ina reke kasewa sih, tuwan tuwan tatedha kena.

118

Syeh Malangara ngociteng ati, ingulatan sajrone wardaya, punapa baya samune, Syeh Amongraga iku, santri Munthel mangke mring riki, angemban salam dunga, pan ingsun dereng wruh, maring Ki Syeh Amongraga, Jayengsmara tagane wus den kawruhi, yen aneng Ardipalwa.

119

Syeh Malangarsa amuwus aris, wong punapa kang kadya manira, yen den priha ing sababe, apungguh kurang ilmu, yen angucap nora sayekti, lwir yen lulut ing deyah, ing waktu pan suwung, amung napsune sadina, aneng pawon angadhep kopat Serabi, Lepet kelawan Jenang.

120

Balik Syeh amongraga wong luwih, sampun antuk (hlm. 56) jatining lumampah, pan wus wukma sapolahe, ika manira ngerungu, Amongraga kina ngelebeti, dok aneng Akisganda, linabuh tumimbul ing lampah singgih, lamun asih amitra.

121

Syeh Pariminta den kujiwati, iki sih tandhane wong kawasa, den alingi karamate, tan kandheging riku, tanpa yus wiwaling, swarga, ing kramate kabotan angrarebedi, yen selaya kangelan.

122

Karanepun ingkang wong linuwih, datanpa yun kandheging karamat, anenggih laku silibe, wonten pralambinepun, kadya liman sinung kesaktin, manjing mring wriwara, ning jeromat alus, wus lega awake ika. Kari-kari sesek dening buntutneki, manira amiarsa.

123

Lan tan manira iki ki santri, ayun wikan tanduking nawala, ki Munthel ika saure, tan wonten bangginepun, mangke sinung dera tampani, dening Syeh Malangarsa, nawalanira wus, den lirik Ki Jayengraga, sampun wikan anulya dera tampani, dera Ki Jayengraga.

124

Wicana dening Ki jayengraga, nawalanira Syeh amongraga, anyahi ati tanduke, punika layangepun, suta tuwan pan Tambangraras, punika tur upiksa, ngerama kalihepun, Tambangraras agesang, putra tuwan Amongraga sampun prapti, wonten ing Wanantaka.

125

Muwah ariku Ki Jayengraga, den agung pangapurane, sun lunga tan asung wruh, kakangira Ki Amongraga, rarasing jro swapena, marmaningsun kaswapena, Jayengsmara yen asih aywa tetuwi, lawan Ki Jayengraga.

126

Angrus manaha Ki Jayengrasmi, amiarsa tanduking nawala, tan wruh dok mijil waspena, wiyosing manah segul, waspanira tan pegal mijil, muwah Ki Jayengraga, tan kena amuwus, sihira mring Selabrangta, layang tiba ing siti tan den kawruhi, kantu Ki Jayengraga (hlm. 57).

127

Mangkana malih Ki Jayengrasmi, kapotangan manah tanpa ngucap, tuminggal kantu arine, anglilir denya kantu, Jayengraga rinangkul aglis, dening Ki Jayengsmara, kalih manah segul, arsa sira nandhang bawa, arsa tapa aparab Syeh Amongsari, lawan Syeh Amongraga.

128

Syeh Malangarsa angling ing ati, iki sih iwuhing wong lumampah, kewuhan dening tresnane, tapane akeh kundur, Ki Syeh Modang den kujiwati, iki musuh digjaya, Syeh Modang anuhun, wuwuse Syeh Pariminta, kang tinedha sih pitulunge Hyang Widi, muga tulusa kena.

129

Wus sinambroma Ki Munthel amit, Jayengsmara ika lon angucap, paman manira ataken, manira wekas atur, aturena ing rama kalih, pan aneng Ardipalwa, dening boya mantuk, wus amit anjawat tangan, santri Munthel karsane ika anuli, lampahnya majang wulan.

130

Enengana Ki Syeh Malangapti, lan arinira Syeh Amongraras, Ki Munthel ika lampahe, samarga kapingungu, atut lebak-lebak kapinganing, atut mujar acala, denira lumaku kanginan kang wuluh wungwang, angulawang kadya pujining birai, Ki Munthel anggrahita.

131

Wus raina mijil Sang Yang Rawi, santri Munthel denira lumampah, angenak-enak lampahe, kongang pradesanepun, atut lebek sabin kapinging, kongang ing Wanamarta, masjide angungkul, kelawukan ampak-ampak, Pakis karendha lumarap kaduking liring, kadya totonen ulat.

132

Warnanen mangke Ni Ken Malarsih, saluganira Ki Jayengsmara de tutuh dening priyane, yen dalu tanpa turu, yen raina aangeng prihatin, lungane Jayengraga, angrasa kaduhung, kadya ngemasana teka, Ki Panurta rabine den pituturi, lah edan temahira.

133

Tambangraras wus karuhun mati, Jayengrasmi lan si Jayengraga, mung sira tingali mangke, nora sira pintuhu, ujaringsun ing sira nini, mangke nora angrasa, yen sira kaluwung , matia Ki Jayengsmara, den abecik sun lunga sira ing wuri, tan wung sira edan.

134

Balikan sira den anampani, semuning Hyang yayi (hlm. 58) maring sira, ingalapan kekasihe, iku sira den wruh, aywa tungkul ing renes yayi, tingalira den ana, aja wit kalurung, den wikan kang amisesa, awakira sorena kelawan bakti, malar kasatmataa.

135

Balik den rena titahing Widi, rumasa yen kapiutangan, pinelenging kadadyane, pelagira puniku, sinung budi amilih, nora sami lan hewan, yayi depun weruh, ingkang amisesa jagad manusa sinung budi antya luwih, cihnane yen sinihan.

136

Balik sira den asih ing nabi, mertaken sabdaning pangeran, asung wruh ala becike, mapan manusa iku, sinung kama dera Hyang Widi, kinon amiarsaa, pituturing Rasul, sing tan aidhep ing warta, jinangjeken dadi isining Yomani, aneng jrone naraka.

137

Tekaning budi nimaken budi, amilih mangke kang sia-sia, ania-nia dheweke, paniku marmanepun, yen manusa milih budi, wikana ing akhirat, agung siksaneipun, tumpa-tumpa ponang siksa, siksa kubur ping kalih siksa Yamani, aneng jro neraka.

138

Balik sira den anglampahi, yen sinung lara dening pangeran, renahé ing satitahé, iku ingsun angrungu, singgih ana sabdaning Widi, sing sapa sinung lara, ing sadina iku, wawalese siksane, anglampahi ing dhuh setahun iki, iku sun amiarsa.

139

Karane nini ika wong luwih, belai ingkang nyiwane margi, saya wuwuh biraine, punikasun angrungu, ingkang mungguh sunate wali, ika anedha lara, nora yun katungkul, ing renes lawan pakenak, yen katungkul minak aduh mring Hyang Widi, tingalira warana.

140

Anadene sunate wong mukmin, yen sinung lara dening pangeran, aywa apepoyan game, asimpen laranepun, ing sadina lawan sawengi, agung paganjarira, wikalane agung sapa amartaken lara, ingaranan awewadul ing Hyang Widi, tan kapitujan ing Hyang.

141

Nenggih sunat kang mungguh ing Nabi, asih ing sajrone sengit ika, asengit sajrone sihe (hlm. 59), ewuh ujar puniku, depun kena marinci, wuwuse Ki Panurta, ika den katemu, tan kena yen pamesana, wuwus iku den kena dera nampani, menawi temah sasaran.

142

Marma ngres manaha angrungwa ngling, Ni Malarsih tan ken anagucap, amiarsa pituture, adan aucul gelung, padanira ngesapan weni, dahat kapiutangan, anarimeng wuwus, nangis sauripun sembah, Ki Panurta bisa denya angeres twase aningali, ing rabi anut karsa.

143

Winenehi linus tur den ririh, Ki Panurta bisa denya nabda, sarwaya anglus ing remane, Ni Malarsih anuhun, dahat asih mule tur wedi, tan arsa lenggahana, anarimeng wuwus, dadya asrah jiwaraga, Ni Malarsih kadya tanpa darbe kapti, anut karsaning priya.

144

Ni Malarsih wuwuse amanis, santri lungsir bapa marenea, anjaluk suka den akeh, ulatana nak ingsun, yen kepanggih Ki Jayengrasmi, lah mardikaa, ki santri Lungsir amuwus, singgih kawula anedha, santri Lungsir teka ing jaba anangis, kaetang kakangira.

145

Warnanen mangke ki santri Lungsir, lampahira wus prapta ing awan, sampun kawingking desane, lampahira andarung, anut lebak sabin kapiring, wratmaka geng ajembar, anut ing marga gung, Ki Munthel katemeng liring, ana linggih ing lirang den lelendhehi, sarwa tumengeng lirang.

146

Satingalira Ki Lungsir prapti, santri Munthel kepanggih ing marga, alinggih ing sela gene, kangelan gen lumaku, asasendhen kasongan sari, dangune abra mekar, langit kang dinulu, katon kang mubeng jagad, santri Munthel enenga awetu puji, lwir rengihing bramara.

147

Ki Lungsir prapta den takoni, kang pundi desa wanamarta, Ki Lungsir alon wuwuse, nenggih desa kahayun, santri Munthel amardi malih, lah bapa sira wikan, pundi parnahipun, wismane gueti Panurta, anauri Ki Lungsir Wencana (hlm. 60) aris, nenggih gusti manira.

148

Suka manahe Ki Munthel angling, yen mangkana bapa tuduhena, manira iki kiningken, ambakta suratepun, Tambangraras atur upaksi, lamun wonten agesang, Amongraga rawuh, ing mangke kirim nawala, asung warta ing sanak mwang yaya bibi, yen wonten ing Wanantaka.

149

Suka manahe Ki Lungsir angling, manira iki malih tetiyange, punika wangsanepun, wastanepun nimbok Centhini, wonten baya agesang, Ki Munthel sumaur, kangken rubiyah manira, santri Lungsir gupuh denya asung bakti, dhuh kakang sanakingwang.

150

Binakta mantuk Ki Munthel aglis, age matur ing gusti Panurta, samya gita sarawuhe, tumon Ki Lungsir rawuh, tiningalan ambakta tulis, Ki Panurta anabda, surat paran iku, Ki Lungsir nulya wot sekar, putra tuwan punika atur upaksi, wonten ing wanantaka.

151

Kang kineken nenggih womten jawi, singgih kangken sisiyan kawula, ing wau dening iene, Ki Panurta amuwus, lah undangan bapa den aglis, mangke wus ingacaran, santri Munthel rawuh, gupuh sira sinambroma, jawat tangan Ki Munthel nulya alinggih, ngarsane Ki Panurta.

152

Winaca mangke dening ki gusti, nawalanira Syeh Amongraga, singgih punika tanduke, punika seratepun, suta tuwan sung salam bakti, katur ing bibi rama, kawula sung weruh, yen atmaja tuwan gesang, putra tuwan Amongraga sampun prapti, wonten ing Wanantaka.

153

Muwah ariku Ki Jayengrasmi, lawan ariningsun Jayengraga, den agung pangapurane, dok lunga tan asung wruh, kakangira katameng brangti, twasnya ing kakangira, marmaningsun ngelampus, ing dalu ngong aswapena, Jayengsmara yen asih aywa tetuwi, mara ing Wanantaka.

154

Enti bungahe Ni Ken Malarsih, uwa bibi kabeh samya prapta, muwah jajahane kabeh, antya samya nenungsung, rayi kaka mwang para wargi, paman mwang mitra kadang, Ni Sumbaling (hlm. 61) rawuh, sesugun angrengen warta, Ken Turida kelawan Ken Rarasati, Iwir wraksa aking-kingan.

155

Ki Munthel ika amuwus aris, anenggih tah suta tuwan, Ki Jayengsmara wastane, kelawan, Jayengraga punika uni, wonten ing

Ardipalwa, kinaweling atur, maring tuwan lawan ing garwa, anglampahi aparab Syeh Amongsari, lawan Syeh Amongkarsa.

156

Ken Tunda lan Ken Rarasati, sampunnya ngrengen swara mangkana, kalih samya ngembang luhe, anom tinilar tengsun, muwah malih Ken Malarsih, kelawan Ki Panurta, kalih samya segul, ketang inaning sarira, ingkang rare nom-noman amangun brangti, isun tuwanggeng mendra.

157

Anulya jerit Ni Ken Malarsih, tan bisa ngregep tresna alara, akeh kang dadi trenane, Ki Panurta lingepun, lah kantuna yayi Malrsaih, sun lunga anglelana, arsa tilar dhukuh, malarta yen kepanggia, Jayengsmara kelawan Jayengragi, sira agawe brangta.

158

Ni Malrsih wuwuse amanis, sun melu kakang saparanira, tan bisa kariyeng akeh, tan wurung mati lutut, yen kantuna manireng riki, tan bisa angawula, kari awakingsun, sun melu saparanira, den wadya ing paran ingsun emasi, kakang sakarsanira.

159

Wus sinambroma Ki Munthel amit, lampahira wus prapta ing awan, tan kawarnaa lampahira, Ki Panurta kawuwus, akaliyanh Ni Ken Malarsih, tansah ing arsanira, tan pegat amuhun, ketang ing wakeka sira, Ki Panurta amuwus sabdanya manis, lah yayi age lunga.

160

Adan mintar Ki Panurta aglis, Ni Malarsih lumampah ing arsa, sampun kawingking desane, aglis denya lumaku, lampahira mangke anuli, Ki Panurta angucap, maring garwanepun, lah yayi sesilioh aran, wastanepun Ki Syeh angrundhayajati, punika wastaningwang.

161

Anadene wastanira yayi, Ken Prihatin yayi parabira, aywa lali kamulane, arsa sumengkeng gunung, karsaningsun yayi Prihatin (hlm. 62), ing wukir Muncar ika, ana kang sun ruruh, ingsun aduwe wong sanak, kalih siki dok ingsun amethelangi, duk lumaku angental.

162

Ken Prihatin wuwuse amanis, lah anedha mangke pinaranan, manira yun wruh jatine, Angrundhaya lingepun, nulya mintar seka ring riki, menawi tah panggia, lawan sanakingsun, anengih padha wibawa, bagus anom pandhita partameng kawi, tur bagus ing aksara.

163

Ki Carik Sutra wastaning mangkin, papat rabine padha utama, tur anom-anom warnane, punika karsaningsun, kang sun jujuk mangke runihin, anglis denya lumampah, jurangnya saterjang, lampah katawing-tawing, parang rejeng jurang ajro den lampahi, tan etang pringgabaya.

164

Batang kendel lampah lumaris, wana baya ingkang tinarejang, lepas tan kandheg lampah, pan kasaleking jawuh, lampahira Ni Ken Prihatin, pan satengahing wana, udan awor lesus, tan manggih parerenan, Ni Prihatin liwat denya kawlas asih, awlas Ki Arundhaya.

165

Yang Arka kuwung-kuwung andhani, kilat thatit reke aabarungan, kadhulug munya wetan lor, papedhutnya sumaput, gebyar-gebyar kilatnya narik, petenge alimunan, dhedhet awor lisus, pater mandra kidul kilen, sinauran ing gerah saha girisi, mendhung acaladara.

166

Ingendi gening araryan iki, apan nora manggih panginepan, ana wraksa rob godhonge, lan araryan ing riku, lampahira yayi Prihatin, tatas tibaning

warsa, wus ilang kang jawuh tandra mijil Yang Aruna, wayahepun tengenge liwat sadhidhik, lwir butul kang akasa.

167

Sampunnya tulus tibaning warsi, angundhaya saksana (hlm. 63) lumampah, tumurun ing parang rejeng, nulya sumengking gunung, ajog-jogan sitining miring, lunyu mentas kodanan, kadekan anjurung, warnanen denya lumampah, aningali padesan sri angrawit, desane Carik Sutra.

168

Depun selek lampahira aglis, ciptanira pan arsa araryan, sampun prapteng banjarane, asri pagaganepun, tetaneman asri angrawit, kathah den ucapena, winurywan alangu, Tales Bakatal Balungka, kang akitri samya naniram kang estri, toyanya sasinggotan.

169

Rame swaraning atunggu gagi, ana ngedung liyan kang gambaran, saweneh ana andugeng, rame kang wong gumuyu, sawenehan ana kekawin, carita wewayangan, kang asegak umung, ana weneh tetandhakan, kang saweneh ing ranggwan anebang suling, weneh acacangkriman.

170

Rare angon padhamaring warih, dus maesa ngalap ulam, weneh den giring sapine, kang saweneh amanggung, maring ranggwan atunggu gagi, kabeh sarowangira, padha lunga adus, samya siram maring toya, kang saweneh rowange angajak mulih, samya ngambil kaluban.

171

Ki Samursa kepanggih ing gai, ngunduh jangan kelor lan kalintang, jur botor kacang lan Gudhe, sampun angundhuh Kimpul, den tingali ana wong prapti, Ki Samursa anapa, wong endi kadulu, samaur Ki Angundhaya, atatanya sedyaningsun maring riki, kaki anilakrama.

172

Ingendi wastane dhekah puniki, asri tinon tuhu raras, asangkep tetandurane, Ki Smursa amuwus Argamuncar wastane iki, lah bapa sira wikan, pundi parnahe, wismane Ki carik Sutra, Ki Samursa angucap sabdanya amanis, dhekahe ing Bang wetan.

173

Angrundhaya wuwuse amanis, pundi marganing punang pagirywan, lerese teka ing akeh, lah barenga katengsun, tunggal wisma elet sekelir, adan pareng lumampah, Sumursa rumuruh, aglis prapteng sireng wisma, Ki Samursa aglis (hlm. 64) malebet ing kori, matur yen adhatengan.

174

Carik Sutra dan lingira aglis, maring para garwane sedaya, lah sajiwoh den age, ana tetamu rawuh, wus kacaran wau kang prapti, dok dhateng panataran, Carik Sutra dulu, tan supe yen Ki Panurta, wus anjawat tangan dan pareng alinggih, langkung samya kasmaran.

PUPUH IV

ASMARANDANA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Enengena kang martami, kocapo wadon Turida, akekalih samya brangtine, awasta Ken Wadon Raras, warna sawang kunarpa, sarira acum akuru, tan pegata anggung kasmaran.

02

Alara-lara anangis, Ken Raras lan Ken Turida, sapatilare nora lyan sasambatira, Jayengsmara mulia, yen tan tulus sihireku, angur ingsun palastra.

03

Yen wikana suntutiti, rabinira kari edan, langleng mangu ing daryane, Ken Turida anjerit sira, nulya medal ing jaba, kadya kapanggih lan kakunge, uni wengi kaswapena.

04

Katon rowange aguling, lalewane amet darya, kaya sumandhinga, mangko kadya ngemasana, lan kakang tetuwia, Jayengsmara gustiningsun, selamine garwanira.

05

Swarane sang dyah wus mati, denya asru sasambatnya, angelik mangke tangise, kakungira kang sinambat, Jayengraga mantuka, sun sidhep nora anglapus padhaa dalem Panurta.

06

Lagi teka laki mami, kinon wali jajah desa, amegat wong laki mangko, akeh mangke den alara, dalem Panurta uga, lungane nora weh weruh, sun melu saparanira.

07

Norana becike iki, lanang wadon pada ala, saya katonton alane, wong tuwa kinarya paran, megataken wong krama, baya nora konggang wangsul, lah tuliyen ingsun kakang.

08

Asambat-sambat ing laki, Jayengraga lah mantuka, baktanen kakang garwane, baya ta sira palastra, kakang baktanen ingwang, aywa sira age mantuk, kakang antenana marga.

09

Uni wengi sun angipi, katon rowang sacumbara, kakang nora betah ingong, sapatilarira, kakang angur baya matia, tanpa wekas awakingsun (hlm. 65), sumbalinga dadi edan.

10

Ken Raras amuwus aris, lah poya lunga ngelalana, Ken Turida amgling alon, wus sun alah tilar wisma, lawan atilar dunya, nora konggang awakingsun, Jayengsmara lah mulia.

11

Wus sumurup Sang Yang Rawi, sidhem tejane kakaywan, sumber Lelawa wayahe, muya katerna ternika, pating kalerik swaranya, angesthi pejah sang ayu, nulya amengaken lawang.

12

Karsane anyipta pati, Ken Raras lan Ni Turida, lumaris mangke lampahe, sedlan awirandungan, Ni Turida Ni Raras, tan wikan ing marganingsun, reren soring gandhayakan.

13

Sang dyah lampahe lumaris, anuju ana geng ika, wus tengah wengi wayake, datan uninga marga, saya kalunta-lunta, alon lampahe andarung, anuju siti kang bentar.

14

Sing akeh lawan durbiksa, pating jalerit swaranya, sang dyah nyipta mati karo, Ni Turida mangke ngucap, lah ingsun patenana, kekalih lan ariningsun, dimoning cinucuk dhangdhang.

PUPUH V

DHANDHANGGULA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Larapati pan sampun pinasthi, krama pati wus pasthen marganya, tan suwe, prapteng ayune, memedi teka runtuh, nulya ngucap dhuh mambu wangi, wangi-wangi aenak, daya temen ingsun, ana wong mara ing griya, ayu anom roro pra samya pawestri, mangke sira sun mangsa.

02

Sun mangsane mangke depun aglis, mandahane karo dening renyah, amoh tekan ing balunge, angerik swaranepun, jatha gimbal rema angirid, netra abang sunirat, lwir sarya dinulu, mijil saking kayu gurda, rengih-rengih cawete dinulu jrihi, sarwya ngucap mangkana.

03

Adhuh mati sira wong kekalih, pan sun mangsa sira Ni Turida, lumayua depun asru, sun arani ta sira iki, gagecek nantang lalab, kaya sira iku

bosen mangan sega iwak, Ni Turida gumeter denira angling, lan bage untapena.

04

Ni Ken Raras gumeter kepati, sumengeran mangke kadya pejah, kateteg tan kena rereh, tambah paraning dulu, pan kewuhan tan kena usik, angetak anggegilani (hlm. 66), gedhene salumbung, rupane roro salewah, angrerengih swaraning pating kurintih, aenak cengelira.

05

Enak temen gedhene awangi, kehe batur minangsa, pinangan tekeng balunge, siji bobohaningsun, thinethelan padha binukti, yatena wadon Turida, amangke baya ingsun, tinekaken ing wekasan, kang sun tedha syukur matia ing riki, lah ta mangsanen ingwang.

06

Lah mangsanen ingsun depun aglis, teka kena ing sekarepira, urip tan kajamak akeh, sura denawa muwus, tulusna karepmu iya amateni, syukur ingsun matia.

07

Nora lamun mengkanaa mami, aywa maras babo atinira, pan sun raksa sira mangke, langkung wlas atiningsun, aningali ing sira nini, denira kawlasarsa, jeneng putuningsun, angucap wadon Turida, sinten baya kiyai wasta dikeki, asih ing awakingwang.

08

Sura denawa mangke sira ngling, sun kineken denira Hyang Sukma, anglalangi jagad kabeh, marmaningsun tumurun, anuruni ing sira nini,

denira kawalasarsa, paran dera jaluk, sira sah saking sesana, anglampahi lara patisira nini, angling wadon Turida.

09

Pan ingsun takon kaki sejati, paran maram reke timuruan, apatah baya wedine, parandening uriptengsun, aneseki ing jagad iki, tan jamak lan wong kathah, kiyai wakiningsun, baya angur palastra, saman dening tan dramen ingsun lakoni, angling sura denawa.

10

Aywa mengkono babo nak mami, iya ingsun kang amurweng sira, kang karya lelakon mangke, kang sadya manireku, anglelana amrihing pati, lumampah kawlasarsa, angger putuningsun, angucap wadon Turida, para iki tan tan kongang tinilar laki, angur matiyeng wana.

11

Tresna temen sira maring laki, Ni Turida babo putuningwang, arep tah panggia mangke, bula si kaki ayun, apanggia manira iki, sura denawa (hlm. 67) ngucap, den shabar sireku, babo teka lakonana, aja kondur ing lara kelawan pati, ingsun nguncanging sira.

12

Sun papoyan ing sira tah nini, bancanane babo lakona, lara pati lelakone ingsun babo andulur, sedyanira Ni Rarasati, lakinira atapa, marmane tan mantuk, pan karem brangta maring Hyang, apartapa ing Argasalah puniki, lah babo lakonana.

13

Ni Turida saure amanis, tah ingendi, kaki Argasalah, ayun wikana parnahe, sura denawa muwus, kedul wetan saking ing riki, iya sira den puja, karanira iku, anglangut atilar wisma, lakinira atapa andon anepi, abrangta tur tan muna.

14

Taha sira den tilara nini, kewala lagi ambrangta lampah, anedya ing kasidane, Ni Turida amuwus, yen mangkana manira amit, tuhwa sasabda tuwan, denawa amuwus, iya babo lah mintara, ya ta mumbul denawa dedel pertiwi, anggayuh antarriksa.

15

Ni Turida gagetun tan sipi, lawan mangke Ni wadon Ken Raras, tansah ing wuri parnahe, sarwi gameli pinjung, gegamelan tansah ing wuri, angling wadon Turida, babo ariningsun, wus mintar sura denawa, Ni Ken Raras kumeter tan kena angling, lah paran wau ika.

16

Nenggih yayi utusan Hyang Widi, anggagila anyuba ing sira, yen temen lawan orane, dene rondhun anglampus, amateken raganireki, karanya den gagila, pan laire iku, lah mintara mumpung ainjang, Ni Ken Raras lampahe aniba tangi, dhuh kakang mati ingwang.

17

Meh raina semu bang Yang Rawi, mega abang tinon sumemburat, sumorot padhang cahyane, mega abang sumembur, kintar dening Aruna mijil, ana abang sumirat, tatas pajar sampun, ginggang saking ing aldaka, surya mubyar dinulu ngebeki langit, sigra adan lumampah.

18

Ni Turida lampah lumaris, layan mangke Nibok Raras, nuju pangonan lampah, rare ngon ika agung, kanan (hlm. 68) keru samya kepanggih, Kebo Sapi agelar, Menda mangsa agung, wadon Turida lumampah, rara sedaya samya marani, kawok samya tumingal.

19

Padha ngucap wong endi puniki, dene ayu medal saking wana, pawestri roro kathahe baya iki wong langit lunga rangkat pantes won gik, samya na ing dedalan, lawan kakungepun, lah payo padha pinaran, pinagetan wong akeh ing arsaneki, lah padha tinakonon.

20

Ana rareng wus baleng sawiji, bok penganten ing sun atatanya, ing pundi mangke wismane, dhateng pundi wong ayu, sampun lunga ta sira yayi, gusti sampun idhepan, raden ujar ing sun, balik wong ayu wangsul, Ni Turida mangke sira anauri, lah edan temen sira.

21

Aja kudu sira bocah iki, suminggaha mangke ing sun liwat, aja sasemon ing mangke, rare ngon datan pa sung, aja liwat ta sira yayi, balik sira wangsul, gusti ariningsun, ing binjang sun nanggap wayang, lah wangsul isun tuku limar pathi, mesem wadon Turida.

22

Pinter temen rare angon iki, aja juwet sira anjajawat, lah padha mireya mangke, rare angon gumuyu, daya temen rare puniki, rabine atut wuntat, weneh kang sumaur, ing pundi margane pasar, aneng wuri amindha kakungireki, padha gumuyu suka.

23

Guyu ginuyu asemu wedi, semu-semu samya atut wuntat, wus lepas mangke lampahe, rare angon tumutur, asrang-srangan padha nututi, cili lah ta balia, babo ariningsun, sapisan kapindho kena, lah ta cili idhepan ujarku iki, dhuh emboke si rara.

24

Lepas lampahe wau lumaris, Ni Turtida lawan Ni Ken Raras, tan kandheg mangke lampahe, rare angon kabeh wangsul, kang saweneh ana tut wuri, Kebo Sapine iolang, Wedhus Banyakepun, pan rare angon srang-srangan, Kebo Sapi ngon-ngonane ting salebrang, rare ngon samya (hlm. 69) nolak.

25

Samya nulak tur paling gulintang, sarya nangis edi maring bapa, aramya mangke tangise, ana ngalor angedul angedul, Ni Turida sampun lumaris, prapta ing pringgabaya, awang-uwung iku, anuju ing padhukuhan, asri tinon pomahan asri angrawit, tegale lurah-lurah.

26

Kang adarbe samya andhedhangir, tandurane pan asri kawuryan, Bekatal Sumangka Gudhe, Lambon lan Kacang wulung, Balungka asri lan Tales wangi, samya ramya neng tegal, adhedhangir Timun, darbe karang kang tumingal, samya cingak tumingal ana pawestri, kekalih yu lumampah.

27

Kae batur wong endi puniku, semu anyar mangke katingalan, Ki Lengar mangke wuwuse, agi tumoning wau, dhadhayuhan sapa puniki, semune maring wisma, santri Kobar muwus, dhedhayuhan sapa ika, santri Ketur sujmaur anggegerehi, samya mantuk sedaya.

28

Ni Turida lampaha lumaris, sampun manjing mangke korinira, arsa araryan ing mangke, anjujug bale kedul, teka linggih mangke ing panti, semene wong kangelan, pasamohan agung, dhukuhe Ki Syeh Parajan, Ki Parajan ambalik mungkur tan uning, santrine padha teka.

29

Pagenira mulih injing-injing, padha mesem semunira, ki santri umatur age, wonten mangke tetamu, wong kekalih samya pawestri, Ki Perajan angucap, nora wikan ingsun, gupuh sira tiningalan, panti agung lah nyata ana tetami, mangke alinggih sira.

30

Lah bagya mangke kang tetami, pan ing pundi pinakanira, muwah kang jinujung mangke, lintang panujuningsun, pantes temen wong dadi nyai, Ni Turida angucap, wong ideran tengsun, arsa dhateng Argasalah, atataken marmane ingsun mampir, arsa ataken marga.

31

Syeh Perajan mangke anauri, aywa lunga emboke si rara, lah sun aku nyai dhewe, yen sira arsa meringsun, alah sira kaesi-esi, lamun sira tulusa, dadi nyai ingsun, lag karo padha sun alap, lah lungguha ing pati (hlm. 70) dadi nyai, satrinira agelar.

32

Lah ta nyai iki, anglelana cili kawlasarsa, leheng akramaa mangke, oliha lawan ingsun, alinggih dadia nyai, sandhang pangan tan kurang, babo ariningsun, lah sirama mumpung injang, gagandaa asalin sinjang cangkring, kakemben, sarasah.

33

Lah ta mara ariningsun cili, lah adusa nulya gaganda, anulya muliha age, mara ing wismaningsun, Ni Turida angling ing ati, wong iki nora waras, pan saya delurung, Ken Raras mangke angucap, kurang syethan edane, anglamong iki, pendah lakiyang sira.

34

Ni Turida angling jro ati, katuwoning babo raganingwang, tan dramam ing lelakone, wijile manah segul, waspa mijil lantaran pipi, tresnaningsun krama, katuwan wakingsun, saenggon kasia-sia, yen mangke angur matia sun iki, anjerit Ni wadon Raras.

35

Syeh Perajan mangke muwus aris, lah menega cili yun idhepan, lah yayi muliha age, Ni Turida amuwus, iya ranesun anauri, angucap lan wong lanang, paman wetingsun, kapingin bisa agama, kaya ngipi alaki jumeneng nyai, Syeh Perajan asuka.

36

Ki Jungkarang gumuyu kepati, juga kena padha giyak-giyak, santri Kobar suka mangke, santri Kentrung angedung, santri Lengar anenabuhi, adhumprang-dhumprang kenang-kening lenggak-lenggik, samya gumuyu suka.

37

Ni Turida mangke angling aris, lah jawaben reke soal ingwang, sira arsa temune, yen estu arsa maringsun, pan jawaben padha tumuli, raga kasrah ngawula, Syeh Perajan muwus, lah ta cili wedalana, bage temen yen sira atakon ilmi, lah payo wedalana.

38

Sadurunge ana bumi langit, sira ingsun paman dok semana, ana ingendi dununge, jawaben soal ingsun, lamun mati paman (hlm. 71) sireki, ingendi paranira, Perajan amuwus, sun senggih nora mengkana, manthuk-manthuk santrine padha tinari, meneng tan ana mujar.

39

Santri Lengar mangke angaturi, yen andika mangke datan tresna, nedha dhateng amba mangke, bangga sampun aguru, sualepun teka ngiwuhi, Ki Perajan angucap, tembene angrungu, masalah ingkang mangkana, sun batange masalahe ni bok nyai, manira miarsa.

40

Sadurunge ana bumi langit, sira ingsun babo dok semana, ana ing cahya enggone, yen matiya sireku, mulih-mulih ing bumi yayi, mulih dok kaya ora, iku sun angrungu, kaya pa ing karsanira, iya iku jawaben soalireki, lah payo lunga nikah.

41

Ni Tirida mangke muwus aris, ewuh paman ing panjawabira, asimpar lawan tegese, suwe panggya tengsun, nora sotah panggih wong iki, panggih lan wong sasar, Ken Raras amuwus, nora liyok ujarangwang, Syeh Perajan dudu wong warasan iki, edane anggaruntal.

42

Ni Turida mangke muwus aris, lah kantun paman ingsun kesah, kariya nglamong ing akeh, Ki Perajan amuwus, aja lunga ta sira yayi, nginepa den alawas, babo ariningsun, Perajan cuwa kang manah, angedumel santrine den uring-uring, santri tambah dayanya.

43

Ni Turida kawuwusa malih, sampun prapta sira ngalas wana, lewang-lewung lor kidule, prapta ing wana agung, liyep twase tan ana kesth, tansah widang-widingan, lawan ariningsun, lumampah sarwi karuna, Ni Turida lakine den ucap malih, lah ingendi genira.

44

Ni Ken Raras anangis kepati, amiarsa kakange karuna, saya kagagas tresnane, kakangepun den wuwus, Jayengraga ta sira gusti, lara pati larira, kakang gustiningsun, papegen kawulanira, Jayengraga yen asih mara ing kami, dhuh kakang ingsun pejah.

45

Teka dhimpuk aneng sor waringin, Ni Turida akon arinira, den tenggek-tenggek eluhe, sesambatnya (hlm. 72) mlas ayun, panangise anglir sundari, lwir pulung kapipitan, swaranepun arum, pangrintih ning kang bremera, sesambate sakecap angredhet ati, sasambat leir taluktak.

46

Jyengsmara kakang gusti mami, ing pundi kae ing pamahira, manira papagen age, baya tan angempelo, Jayengsmara ta sira gusti, lah ta endi jarira, asih maringsun, anusup angayam alas, rabinira nora etang lara pati ing sira.

47

Delap temen manira urip, Jyengsmara sun laki mring sira, sira meled kapacilu mangke, lah kakang gustiningsun, yen tan sudi maringsun iki, den wehana sasmita, bapa lakiningsun, lara sapatilarira, Dewi Raras tangise anjerit kepati, dhuh kakang gustiningwang.

48

Ni Ken Raras asambat ing laki, mangkeneya kakang garwanira, tan wande pejah ing akeh, lah kakang gustiningsun, lah ta endi ubayeng uni, baya nora swapena, mati temen ingsun, sasambat lir calapita, saya lepas tangise angundang lining, kagyat kang aneng guwa.

49

Ni bok Indhang Rarasati, kang atapa ambetar sarira, wus sapta warsa lamine, kagyat amedal gupuh, saking guwa mangkya ningali, kagyat ana karuna, was tingalepun, saksana mangke tumingal, wong kakalih anangis soring waringin, anulya pinaranan.

50

Rema panjang pan kinarya tapih, Ni Bok Indhang mangke Raras driya, pan maksih anom warnane, sampun prapta ing nguyun, Ni Turida datan ningali, tuwin Ni Dewi Raras, Ni Indhang amuwus, kagyat Ni wadon Turida, amiarsa ing swara kadya papekil, nora na katingalan.

51

Ni Turida mangke atur aris, sapa sinten mangke asung swara, nora na katingal mangke, Ni Bok Indhang amuwus, iya ingsun babo puniki, langkung tan welasingwang, babo anakingsun, tumingal ing brangtinira, iya ingsun Ni Bok Indhang Rarasati, kagyat wadon Turida.

52

Ni Turida mangke muwus aris, lamun tulus sihira maringwang, ayun wruha (hlm. 73) ing warnane, Ni Indhang mangke muwus, estu sira yen wikan nini, jatining rupaningwang, saksana kadulu, warnane Bok Indhang, Ni Turida wau kagyat aningali, tumoning warnanira.

53

Sampun awas Ni Turida angling, paran karsa mangke pakanira, Ni Indhang alon wuwuse, paran marmaningsun dangu, padha nangis ana ing riki, lah paran karsanira, anangis pan kawlasarsa, yen sun rungu kaya sinendhal kang ati, lah babo pepoyana.

54

Ni Turida mangke muwus aris, pan wawarta ing sapolahira, wong ilang manira mangke, tinilar dening kakung, anging ingsun bingung ngulati, mara ing lakiningwang, dening tan asung wruh, awisma ing Wanamarta, dok ing uni manira tan etang pati, angling Ni Indhang Raras.

55

Nora kaya babo sira nini, nora ketang lara patinira, atilar mukteng wismane, baya kurang wong kakung, baya-baya lakinira, bagus temen warnanya, babo anakingsun, liwat wlasingsun tumingal, Ni Turida alon denira nauri, bibi kadya punapa.

56

Arep panggih temen sireki, lawan kakungira akaliyan, Tirida alon wuwuse, bola bibi sihepun, apanggiha lan laki mami, Ni Bok Indhang angucap, babo anakingsun, kalingan bata sarimbag, lakinira atapa andon anepi, ana ing Argasalah.

57

Ni Turida mangke amuwus aris, yen mangkana bibi nedha parnah, Ni Indhang alon wuwus, iya babo sun jurung, kedul wetan pan saking riki, dhukuhe lakinira, babo anakingsun, nanging ingsun apepoyan, bencanane awakira ana kari, lah babo lakonana.

58

Yeng mangkana bibi manira amit, anglampahi bibi wartanira, Ni Indhang alon wuwuse, den yatna anakingsun, lakinira amitambuhi, tapane meneng ika, tan mujar ambisu, den bisa sira ngawula, lah tedhanen ing sukma mulya kang asih, aywa tungkul abrangta.

PUPUH VI

ASMARANDANA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Sigra lampahé (hlm. 74) lumaris, Ni Indhang sampun murcita, pan sampun prapteng wismane, Ken Turida kang kocapa, prapta ing jurang pringga, parang munya sumarung, kadya atuduh ing marga.

02

Wuluh wungwang lwir sundari, sumarawang aneng tawang, kadya ken gancang lampahé, prapteng geger lampahira, ing jurang wingit muwah, saksana tumulya rawuh, jurang munya sumarawang.

03

Parang munya kadya gendhing, parang pereng samya munya, udan awor barat gedhe, gardha rebah kapraharan, gelape asauran, udan peteng sumaput, kagyat Ni wadon Turida.

04

Ken Turida mangke angling, arine kinon yatnaa, depun wruh ing bencanane, udan adres kaywan sempal, gurba munya agalak, ing jurang pating saruwung, saweneh munya angakak.

05

Peteng mendhung jagadneki, pating jalerit swaranya, kagyat Ni Ken Raras manko, gumeter kepatisira, uwangsa lit menga, angucap ing kakungepun, niba tangi lampahira.

06

Ana ngalor ngidul iki, bengung tan wuninga marga, kasadhung kuntal tibane, adhuh mati ingsun kakang, aglis wadon Turida, anyandhak arinireku, adhuh mati ariningsun.

07

Rinangkul Ken Raras aglis, adhuh mati ariningwang, baya mati sira mengko, Ni Turida lon angucap, mangsa wurunga pejah, katuwone awak ingsun, angur matiya dok jabang.

08

Tan wande ingsun ngemasi, angur baya palastraa, apa kang peranti, mangke lah jasad sira, matinya ing akeh marga, pejah adelap urip, wakingsun paran deranti jasad.

09

Dadining ana sireki, dok ana ing wong atuwa, ing kuna wong tuwa mengko, saenggenku kawlasarsa, alit mila tan dreman, lelakuning awakingsun, dadining apa dok kina.

10

Lagi sirna udan angin, bencana gung akeh prapta, tan ana lan alit mangko, sumyar sumirat tejane, sumawur ririsira, pethak tejane sumunu, sumirat neleni jagad (hlm. 76).

11

Maletuk kang riris alit, Ni Turida sampun dandan, Ken Raras kang tinon mangko, kadya rare alit sira, muni kang pringgabaya, anut lebak lampahepun, wus lumaris lampahira.

12

Lepas lampahe lumaris, prapta ing jajahanira, Ken Turida mujar alon, kelawan Ni Dewi Raras, anon ing padhukuhan, pucuking arga kadalu, babature babanjaran.

13

Waspada denya ningali, banjaran asri kawuryan, angling Ni Turida mangko, angucap ing arinira, ika dhukuh araras, lah yayi mampir ing riku, yayi padha atatanya.

14

Menawi yayi puniki, ingkang aran Argasalah, Ken /raras winingsit alon, lah ta yayi adandana, aja kaya wong apa, mesem yayi yen su dulu, manis lamun asayaga.

PUPUH VII

DHANDHANGGULA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Sampun dandan Ni Ken Raras angling, sarwi sira mangke awiraga, mesem Ken Turida mangke, adan aowah gelung, watanira kang den waoni, sarta lan sinjangira, kakemben den kukuh, sesinome amadhapa, wong akuning satibane karya brangti, aglis samya lumampah.

02

Ki Syeh Rasmi sampun angawruhi, yen kang garwa wau ingkang prapta, mesem sajrone kalbune, angesthi pati sampun, tingal kang lyan kang den alapi, den srahaken mring sukma, amusthi pandulu, alinggih ing sela gagilang, Ki Syeh Rasmi alinggih ing sela kelir, lwir dewaning asmara.

03

Kalih siki pandhita kinawi, kusuma dwi wijiling atapa, digdaya wani larane, uwus prapta ing suwung, surengrana wani ing pati, sakti kanthi lan sukma, tan kundur ing laku, kawasa awasing sukma, maha bara bisa sira ngesthi pati, angandel patinira.

04

Tan asuwe kang garwa dan prapti, Ni Turida layan Dewi Raras, gupuh rinangkul lakine, anjerit nulya kantu, sanglilire sasambatneki, dhuh kakang nora nyana, panggih lan sireku, sedalan tan nyipta gesang, amung sira dina latri kang kaesthi, dhuh kakang gustiningwang (hlm. 76).

05

Saya waspada denya ningali, Ni Ken Raras lakine tan pejah, sangsaya asru tangise, lakinepun den rangkul, pagenira meneng tan angling, sun senggih nora pejah, katuwon wakingsun, anglelana ingsun tebah, nora ketang ing lara kelawan pati, tresnaningsun ing sira.

06

Tekeng paran kepanggih alalis, lah ta endi kakang ujarira, anglilira kakang raden pageira anglampus, mati paran teka alinggih, Ni Ken Raras angucap, maring kakangepun, sira iku kaya paran, Ni Turida sumaur sarwya anangis, wus mati kakangira.

07

Pagenira kakang sira iki, sun ulati anjajah paningal, tan ketang wadonku, mangke tan bisa ingsun kantun, lara pati ingsun lampahi, trenaningsun kaliwat, kakang gustiningsun, anglilira tah pangeran, lah sapanen sakecap sun panageni, dhuh kakang gustiningwang.

08

Amlas ati wong roro anangis, kadya barung munya asauran, apatut lawan sambate, sasambat kanti kantu, sang dyah kalih lwir amenyanyi, sarywa angronag rema, aduh gustiningsun, kae Raden Jayengsmara, sun ulati anglaya katemu mati, kakang gawanen ingwang.

09

Kakang paran polahingsun kari, Jayengsmara lah gawanen ingwang, aywa ganti dina Raden, Dewi Raras amuwus, nora mati baya wong iki, anglampusaken tapa, sun batang wong iku, kaketege sumamburat, Ni Turida lakine depun jiwiti, lah kakang rerasana.

10

Iya bener yayi ujar iki, ing pasthine ing tapa, ketara semu tejane, iling ing wingi tengsun, wawekasane Ni Indhang uni, kang asih ing manira, Ni Turida Muwus, sun bencanane si kakang, Ni Turida kakunge depun geruti, kakang rerasana.

11

Ni Ken Raras angling ing jro ati, iya kakang payo binancana, dadimen gugur tapane, akeh tenaganepun, wawekase si kaki uni, kang asih ing manira, Dewi (hlm. 77) Raras muwus, sun bencanane si kakang, Ni Ken Raras lakine depun geruti, lah kakang ngandikaa.

12

Ngandikaa kae gusti mami, sun tukonesakecap sareyal, rong kecap rong reyale mangke, anglilira sun bangun, wong bentoyeng kae puniki, bagus bisa atapa, wong anglengkang-lengkung, lakiku iki wong wignya, aserangga lalewane wong ambenthing, sakramanen manira.

13

Lah mara kakang ingsun lisahi, ujar para kae jaluk wida, pantes para yen mangkene, dhadhanepun den gerut, samandene tan kena angling, kewran Ni Dewi Raras, Ni Turida muwus, wong lanang dinamana. Sakehane wong bagus akeh ngerasani, pan sarwi cinakaran.

14

Ki Syeh Raras lawan Ki Syeh Rasmi, enti wlase sireng rabinira, aningali ing polahe, arsa sira amuwus, ki syeh Raras de kujiwati, dening arsa angucap, welas manahapun, Ki Syeh Raras wus atapa, sasemune kakange ika den liring, mangke sira angucap.

15

Nulya rinangkul garwanireku, Ki Syeh Rasmi lawan Ki Syeh Raras, pan samya jola garawane, mangke samya sasugun, tiningalan lakine angling, glis anglukar rema, gelunge den wuwur, padanira ingusapan, Ni Turida lakine sungkemi, angling sarywa karuna.

16

Ki Syeh Rasmi angrangkul saryengling, mas ingsun cili pan ora nyana, yen sirayayi mring akeh, garwanepun den rum-rum, jiwaningsun kusuma gusti, ingembanan den rarempah, binakta ing pungkur, kakebonan parnahira, NiTurida lakine depun garuti, kakang menawa tiba.

17

Sapraptane ing kebon alinggih, Ki Syeh Rasmi kelayan kang garwa, Ni Turida suka twase, tansah unjungan semu, Ni turida mangke sira ngling, kang rga ingujaran, dene tan asung wruh, dening atilar maringwang, paran baya dosaningsun kakang uni, den tilar tan awarta.

18

Ki Syeh Rasmi (hlm. 78) mangke anauri, wancanane mangke rabinira, sinamur-samur garwane, wancana manis arum, nora sedy a ingsun mas yayi, tilara maring sira, gusti mirah ingsun, atapa amegat tresna, amateni raga sadurunge mati, akarya kelakohan.

19

Ni Turida mangke anauri, wancanane mangke lakinira, tur sarwi gitel pupune, kadya bara wong bagus, ujar lamis ingsun arani, lah kakang papoyana, denira anglangut, atilar maring manira, nora suka tinilar lan cidra mami, tur sarwi cinakaran.

20

Cinakaran jajane Syeh Rasmi, belur-belur tapake kanaka, pan rencem akeh tatune, cili sampun tah asru, lah menenga ta sira yayi, pan bener saking sira, manira kang dudu, ingsun yayi nora sadya, atilar sing sira manira yayi, pan bener saking sira manira kang dudu, ingsun yayi nora sadya, atilar ing sira manira yayi, lah payo yayi nindra.

21

Adelap kakang ingsun mring sireki, Ni Turida tur sarwi karuna, kisek-kisek panangise, tan etang patiningsun, anglelana tresna ing laki, delap maring wong priya, meh mati katengsun, anusup angayam alas, angulati kakang mung sira kaesthi, dhuh mirah ariningwang.

22

Sapa duwe bendara sih ing laki, ayu anom satya maring priya, wong abaud rarasane, Ni turida amuwus, kadya bara nagucap asih asih, wong lanang nora wirang, ningali maringsun, wong lanang pantes pinancal, Ki Syeh Rasmi garwane den arih-arih, ingemban sarwi ngrarempah.

23

Ki Syeh Rasmi mangke kang winardi, sedhatenge mangke garwanira, tansah apulang sih mangke, Ni Ken Raras zmuwus, lakinira tansah tinagih, winastan amaleca, sira kakungepun, dening ana tah wong teka, nora nganti rerh angantiya wengi, mesem kae Syeh Raras.

24

Ki Syeh Raras mangke anauri, wancanane mangke rabinira, tur sarwi ingaras mangke, madyanepun rinangkul, payodara tansah ing pipi, sang dyah sira lelewa, tansah adus luh, wong lanang baya tan wirang, pan kakemben tansah ingkang den uculi, baya aisi apa (hlm. 79).

25

Anelek mangke kang apulang rasmi, Ki Syeh Raras lang Syeh Rasmi ika, lir madu manis rerasane, wonten gantining wuwus, kusuma di winuwus, malih sira Syeh Amongraga, lawan garwanepun, saicale wangsania, meder-mider anglelana griyaneki, lawan Ni Tambangraas.

26

Kala mangke dunung Puluwesi, amongraga lawan garwanira, sapasa mangke lamine, adoh lor lawan kedul, ing samodra parnahireki, sampun araga sukma, Amongraga iku, tan awarnaa ing marga, sakesahe ing Wanantaka inguni, nulya prapteng samodra.

27

Adhedhukuh samodra sireki, saking sihe Hyang Kang Maha Mulya, tetiban asri wuryane, tinon lir swarga mudhun, toya mijil asri awening, saking ing wrasaganda, gandanepun arum, amadhapa sastra tunggal, sekar mirah asalaga sasutya di, sarining sari sukma.

28

Antya muncar lwir woh widadari, pan kencana godhongepun sutra, sutra bang lan wilis mangke, sutra pethak lan dadu, sutra jingga lan sutra kuning, lwir swarga katingalan, cengeng kang andulu, wedine ratna kumala, maligane sesaka sinilih asih, emas lawan selaka.

29

Papajangane sinilih asih, selaka mangke sasisih emas, kumala pan patagane, papethetane agung, padha munya kintir ing angin, swarane lir gamelan, munya kadya barung, tegane mungguh ing natar, yasa kambang ing taman ulame asri, sekar ngebaki jagad.

30

Wus kaloka kanan lawan keru, ing segar yen ana wong tapa, dhukuhe antyan warnane, iku wiyosing catur, karsanira Syeh Amongraga, anenedha jro tapa, anedha sireku, ing sukma kang Maha Mulya, tan pantara sakathahe dunya prapti, nyata pitulunging Hyang.

31

Cengeng Ni Selabrangta ningali, tumingal maring Syeh amongraga, lengleng tumingal manahé, mangke saya kadulu, yen lakine luwih ing janmi, ya ta mangke Hyang Sukma, kang asung puniku, kaluwihaning (hlm. 80) kawula, Amogruga nyata tumeka ing Widi, dening luwih ngakathah.

32

Amongraga mangke sira ancling, lah ta yayi akarya dadana, karyaa dalem ing akeh, saking nugrahan agung, karsaning Hyang ingkang sejati, lsh ksryas pedadaran, kelakohan tengsun, saksana keh prau layar, kana kerijung alayar angenasi, samya amupu dana.

33

Kang alayar wus prapti ing tepi, ageng alit baita alayar, den cangcang aneng tepine, tan ana surudepun, dunya mintir samya ngusungi, weneh kang lunga teka, juragan aselur, samya prapta mupu dana, sarwa sarwi sawarnane dunya adi, ramya samya amet dana.

34

Lunga teka juragan ngentasi, mupu dana emas lah selaka, picis lan pangangge akeh, lungsir sinjang lan kampuh, datan pegat lir banyu mili, janture Amongraga, alinggih sireku, ing made kambang-kambangan, Selabrangta ciptane kadya neng swargi.

35

Wonten malih pandhita winardi, saking sabrang mider angejawa, Ki ragarunting arane, amiarsa wartenepun, ing segar parnahireki, mider-mider segara, sebatepun agung, Ki Ragarunting angucap, mring santrine pan kabeh samya tinari, kayangapa ing sira.

36

Kabeh-kabeh anakingsun iki, sun takoni ana amiarsa, wartane pandhita mangke, saking parengeningun, kang atapa ing Puluwesi, nenggih anggellar dana, ing pangrunguningsun, matur shabate sadaya, kasinggihan kyai wartinereki, kawula amiarsa.

37

Shabate samya wau ngaturi, iya poya padha pinaranan, amupu dana ing binjing, ingsun mangke yun wruh, ing warnane sang wau tapi, nenggih ahlul dadana, manira yun weruh, Ki Ragarunting angucap, kaya paran amupu dana sireki, kadanane padha-padha.

38

Paran pedahe jebeng sireki, mupu dana ing padha lumampah, kabotan brhala mangke, nora wikan sireku, den titipi (hlm. 81) arane kaki, tuwas sira kabotan, ing prelambinepun, lah padha rakita layar, tiyangira rakiten depun abecik, babaren layarira.

39

Ora ingsun tah jebeng puniki, apanggihane lawan kang dedana, arah sun jaluk danane, yen uga nora ewuh, nyata tulus tapane luwih, lah ta poya dandana, kitab aywa kantong, binakta ing sabatira, santri kumerab saweneh angrakit kelir, dan alayar.

40

Nulya layar sira Ragarunting, kedhap-kedhap layare kanginan, kadya sanjata lampah, temur adres tumurun, mendhung-mendhung layare alone kitiring angin, ombake lilimbungan.

41

Kang mina teri gajah umujil, lelumbungan katempuh ing umbak, lwir gunung tinon warnane, umbaknya pan gumuruh, akun ageng lwir bedhil muni, toya jangkar alit surak, swaranya kumrusuk, katerajang dening palwa, sumarung adresing toya kang prapti, wus prapteng tepinira.

42

Amongraga sampun ngudaneni, lamun ana pandhita kang prapta, papanggya mangke, mcoreng jrone kalbu, nora suci pandhita ini, atine kaniaya, sadyaning maringsun, sukur ta sira yen ala, kapanggiha ing sadyanira pribadi, mugi ulihan salah.

43

Sanalika mapuwan kang prapti, udan angin awor lan prhara, gumer swarane umbake, barat mubeng lan lisus, segara rob umbake angerik, mumbul ing awng-awang, tibane jumegur, lir gunung swaranya, kumarusuk umbaknya anempuh curing, wenenh kadya gumita.

44

Lelumbungan umbake lir wukir, alun gung gedhene sak omah, lir gerah mangke swaranw, swara pating jelegur, Ragarunting kagyat tan sipi, palwa muluk wus sigar, katempuh ing alun, kitabe pating palesat, layarepun tiyange pating salebring, kitabe dadi sarah.

45

Ragarunting gugup denira anging, santrinepun samya (hlm. 82) gagandholan, aja na atilar mangke, aywa tinggal perahu, amatiga sigareki, santrine ting kulayab, adhuh mati ingsun, angadhuh asambat biyang, wus kasileb kang muncul kasileb malih, ramya agugulungan.

46

Santri kathah tur pating jalerit, ngaduh-adhuh babo ingsun pejah, Ki Ragarunting ujure, aja na amimesuh, nora ilok ta kae santri, balikan den atampa, cobaning Hyang Agung, santrine pating kurangkang, papisuhe santri kabeh ganti muni, santri pating kurambang.

47

Sampun mentas wau saking warih, sakesahe palwa kang sigar, Ki Ragarunting wuwuse, lawas ingsun lelaku, durung nemu kang kadya iki, yen aran pancaroba, santrine sumaur, kadi pundi ing karsa, shahabat agung sedy a ganti angling, mangko sih ulih dana.

48

Ragarunting angesthi Hyang Widi, karsanira anedha nyang Hyang Sukma, dening kalangkung sakire, amicara jro kalbu, baya sakti pandhita iki, semu mawi bencana, tan pantara rawuh, sun tedha muga panggih, wus rumasa kadayaningsun iki, asru panangisira.

49

Baitane tan kintir ing angin, limbak-limbak akambang-kambang, asru mangke panangise, sesambatepun agung, ya ta ana juragan prapti, aglis nulya pinaran, awlas manahapun, tan pantara nulya prapta, ing arsane Ki Ragarunting mangke ngling, lah jeeng tulungana.

50

Gupuh lampahé juragan prapti, sadyanira mangke atulunga, awelas tumingal mangke, sampun samya sinambut, Ragarunting sampun alinggih, kalawan santrinira, tan an kang kantun, santrinira padha mentas, ageng alit santrine samya rep mati, muring-muring sadaya.

51

Ki Juragan mangke anakoni, dhateng pundi mangke sadyanira, atemahan tah mangke, Ragarunting sumaur, sadyaningsun mring Puluwesi, sun senggih lastaria, nora nyana tengsun, ing lampah yen kabencana, ki nakodha sumaur wencana manis, sampun kirang (hlm. 83) prayatna.

52

Manira mangkin atatur jati, sampun kirang mangke panarima, yen sedayaa panggih mangke, awingit semunepun, kang partapa ing Puluwesi, tan kena sembrana, manira angrungu, punika ahlul dadana, ragasukma tekane nora na uning, kadya dhukuh tatiban.

53

Ragarunting mangkya anauri, marmaningsun jebeng ayun wikan, ing warta iku jatine, lah bapa anakingsun, untapena ingsun puniki, den dadi kelakohan, nakodha amuwus, pirang bara lamun kongang, adan mintar lampah kasereg ing angin, lir pindah jong angerap.

54

Sampun prapta ing pinggiran mangkin, ki nokodha denira alayar, Ki Ragarunting wuwus, lah bapa anakingsun, nora nyana yen ingsun urip, baya mangke agesang, santrine sumaur, meh mati pan ingsun paman, aja naa sihira andut ajurit, mesem kae nakodha.

55

Ki nakodha mangkya sirangling, manirarsa amiyasa ulam, ana jaring manira mangke, Ki Ragarunting muwus, sun tarima jebeng sireki, mangke sira lumampah, kulambine alus, den iring ing santrinira, dhastar alus asemu wulung angrawit, seserete toya mas.

56

Sampun prapta ing banjaran asri, santri kathah tumon padha cingak, gawok katon pepadone, eong amet dana agung, lanang wadon samya ngusungi, dnya tanpa pegatan, lwir sumber dinulu, sutra bang lan sutra jenar, sutra wilis selaka emas lan picis, tuwin raja kaputren.

57

Santrine ika pating kalesik, lah ta payo batur mupu dana, sadya salina mangke, nulya samya amupu, mupu dana samya salin, samya agirang-girang, bathik cangkring agung, tuwin sarasah lan imar, cindhe sekar pethala lan natar wilis, tuwin wiyosan jawa.

58

Ragrunding lengleng aningali, ena jumblang pan jenger amulat, satindhak mangu lampahe, kalintang tusthanepun, aningali kang sarwi sari, tingal sampun (hlm. 84) kalingan, dening dunya agung, paningal sampun kaboyong, tandhane wong tingale durung patitis, tingal dadi warana.

59

Ki Syeh Amongraga ika alinggih, sampun wikan yen sira dhatengan, pandhita ala sedyane, pan kinawruhan sampun, ing sadyane nora sayakti, pinarek lan kang garwa, anyipta sireku, Amograga tan katingal, sing karsane dinulur dening Hyang Widi, cihnane yen sinihan.

60

Ki Ragarunding ika ngulati, ana ngendi baya kang awisma, ragane wus lunga mangke, tejanepun wus suwung, santrinira samya nauri, ragane wus anuksma, pandhita amuwus, santri padha ngulatana, Amongraga sira mesem aningali, tumoning polahira.

61

Ragarunting wau dhahem iki, mapan akeh ing sasmitanira, den prih mantuk karsane, awor lan cengengepun, aningali ing dhukuh adi, lir aningali swarga, pan luwih dinulu, emane kang wisma sunya, karsaningsun senggih kepanggih ngeriki, Aongraga angucap.

62

Lah bagea kang dhatengan prapti, alinggiha depun inggal, den tulus sihira mangke, Ragarunting anjumbul, jolalatan sarywa awedi, ulate pandirangan, santrine den uwuh, kabeh padha marenea, apa iki ana pa memedeni, santrine padha prapta.

63

Sampun para salah tampa yayi, alinggiha dira depun inggal, baya tan uninga mangke, yen andhika wong luhung, Ragarunting mangkya nauri, manira nora wikan, ing parnahireku, anedha sinungan wikan, Amongraga mangke sira wuwus aris, estu sira wikana.

64

Kagyat sira aningali, Ragarunting mangke tejanira, lwir pindah lalidhah mangke, adan mangke alungguh, ing mendhapa saking Hyang Widi, arsa anjawat tangan, mangke karsanepun, Amongraga mangke ngucap, lah ta aywa den wawa-wawa wong ngarbi, mangu pandhita sabrang.

65

Paran karsa prapta sireng riki, lan ing pundi (hlm. 85) kae wismanira, Ki Ragarunting saure, ing sabrang wismaningsun, arsa panggih ing jenengneki, kasusra yen kawas, amongraga muwus, idhepan ujar jana, akeh kang wong idhepan ujar tan yakti, manira wong duraka.

66

Amongraga mangkya muwus aris, lah ta babo sira sesajia, rehining wong wirya mring akeh, rabinira amuwus, tan adarbe kawula iki, saking pundi pinaka, kawula anuhun, Ki Amongraga angucap, muga estu sinungana de Hyang Widi, yen mangsa adhatengan.

67

Sanalika woh lan sedhah prapti, nanyamikan sagunging dhaharan, tembako sarta genine, tuwin ing sekulepun, wus samaji ing arsaneki, lawan kendhi perthala, pangududan wuluh, ulame asri in pinggan, tan pantara dhatengan den acarani, lah mangke amucanga.

68

Ragarunting kagyat aningali, tumingal mangke sakehing boga, tambah dok aneng arsane, cengeng denya andulu, apertuwin sakehe santri, parnyata yen kawasa, Amongraga iku, tandhane yen wliyullah, sakarsane tan angel denya angesthi, pinasthi saking sukma.

69

Amongraga mangkya sira angling, lah anedha mangke sami dhahar, lawan santrinira kabeh, Ragarunting amuwus, sampun waneh mangke ningali, Amongraga angucap, pamusthi pandulu, sasajen kabeh wus ilang, wus kapojok Ki Ragarunting tan angling, krasa yen tan uman.

70

Ragarunting meneng datan angling, pan kewuhan ing wancananira, angrasa tan pandon mangke, tandhane yen kawulu, Amongraga nulya nauri, menawi mupu dana, samangsa sireku, amupu dana kang nulya, sampun kandheg aja siyang nadyan latri, Ragrunting angucap.

71

Kad pundi ing karsanireki, datan arsa mangke jawat tangan, punapa mangke hukume, raosing atiningsun, hukum surat manira manggih, mesem Ki Amongraga, kaselek gumuyu, ujure kang durung (hlm. 86) wikan, wus kalahar lampahe ahlul surambi, lampahe ahlul iman.

72

Punapa tegese sunat iki, lamun sira mangke jawat tangan, paran dera cekel mangke, lan paran kang kadulu, yen tan wruha jatine yayi, lir wedhus tingkahira, ing prelambinepun, sasalaman yen wruha, tuwas wungkuk tan dadi selamireki, ewuh rake agesang.

73

Ki Ragarunting mangke nauri, inggih kakang ingukuman sunat, tsawab kalampahan, kocap ing dalil iku, awit saking andika nabi, iku tata sarengat, lampah kang wus masyhur, lampahe nabi panutan, ing pasthine kawula nora udani, kadi saujarira.

74

Amongraga sira muwus aris, dhehin endi sunat lawan tsawab, kang sunat paran tegese, aywa tunggal ing laku, etang tsawab ganjaran singgih, Ragarunting angucap, kayapa puniku, pan iku ujaring sastra, pundi tinut yen dedeha sastra luwih tingkahe wong lumampah.

75

Amongraga mangke muwus aris, marganingwang reke akeh saar, ngandelaken sastrane, nora kelawan guru, yen kadhega ujaring tulis, pan iku tatakrama, lampahe wong luhung, tan katungkul tatakrama, tingal tunggal kalinglingan raina wengi, ewuh reke lumampah.

76

Ki Ragarunting datan anuri, dhat kepyan ing panjawabira, dede tan pethuk kawruhe, punapa marmanepun, karsa tuwan ingkang sejati, Ragarunting tinembang, tinug kawruhepun, neggih yayi ananira, Ragarunting mangkya sira anauri, manira amiarsa.

77

Ananingsun ingaran puniki, kanyatan kudrating pangeran, manira miarsa mangke, amongraga amuwus, durung rena manira yayi, iku ujaring akal, adoh dungkapepun, lah tuha endi lan ingwang, lawan sira jawaben depun patitis, yen parawruhing sukma.

78

Ragarunting mangkya anauri, yen ing zhahir tuh apakanira, ing batin anom jatine, pasthi anom sireku, Amongraga (hlm. 87) mangkya nauri, paran tegese tuha, kayapa puniku, Ragarunting mangkya ngucap, ing atuha atuduhu mangke kang jati, manira miarsa.

79

Kadi pundi ing karsanireki, ing tegese kang tuha punika, atuduh ing bener mangke, tan kena aran dudu, ing tuduh manira iki, Amongraga angucap, wus zhahir puniku, endi kang bener punika, wong lumampah lawan ilmi kang sejati, lah kae ucapena.

80

Nenggih reke ilmi bener iki, tan sawala lawan dalil, ika ingaran jati tah mangke, wong tuha kang satuhu, datan gingsir ing amarnahi, amnira amiarsa, yen masalah iku, angucap Ki Amongraga, durung rena manira ujar puniki, maksih ujar kalahar.

81

Undhage mangke kadi puniki, ingwang tuha wau kang wus iya, Ki Ragarunting saure, udhage ujar iku, kang wus nyata maring Hyang Widi, iku ujaring warta, Amongraga muwus, lah ta paran ujuding Hyang, endi gone ananing Hyang ari kaki, Ragarunting angucap.

82

Nora kena mangke sang Hyang Widi, enggon warna muhal yen rupaa, sapa ngaran kupur mangke, Amongraga gumuyu, kalingane kang awas iki, ingaranan wong sasar, wong awas puniku, yen mangkana pan duraka, Ragarunting mangke sira anauri, wikan lamun mangkana.

83

Amongraga mangkya muwus aris, kayangapa karsa pakanira, ana ngucap mangkene, endi sukma satuhu, padha mengko Allah sejati, kagyat pandhita sabrang, angrengen pamuwus, kayapa ing karsanira, dudu ujar atakon Allah sejati, pan nora warna rupa.

84

Sing sapa takon Allah sejati, padha mengko wenang ingukuman, wenang sinambeleng mangke, Amongraga gumuyu, latah-latah mangkya sarya ngling, nyata saujarira, ing wang ahlul hukum alungguh ahlul sarengat, pangawrone tan liyan ing papan tulis, lumaku tunggu sastra.

85

Ki Ragarunting nauri aris (hlm. 88), sampun dinawa ujar punika, menawa kokum temahe, Amongraga amuwus, nadyan mangke dhateng ing pati, mangsa wong gumingsira, ing panemuningsun, lah endi ananing Hyang, padha menkon jawaben den amatitis, aywa rasa rumasa.

86

Ki Ragarunting muvus ing santri, mara kabeh cekelen den inggal, lah ingukumaken age, kelawan rabinipun, lah wis ana aywana kari, santri kumrab sedaya, Ragarunting muvus, lah ta cekelen den inggal, labuwan ing segara ta depun aglis, dosane morang syara.

87

Santrine mangke tan akena usik, tabetira ayun wruh tumandanga, pan kena syerik atine, Ragarunting wus lumpuh. Lempe-lempe tan kena angling, mesem Syeh Amongraga, tumon polahepun, tuwin Ni Ken Selabrangta, aningali santri pejah keneng syerik, Ragarunting kacurnan.

88

Amongraga welas aningali, para santri ingkang samya pejah, Ki ragarunting semune, angrasa yen kaduwung, mingser-mingser denya alinggih, anedha pangapura, iku karsanipun, Amongraga pan wus wikan, tan pantara anedha maring Hyang Widi, muga waluya kena.

89

Ki Ragarunting tumulya angling, lah anedha mangke pangapura, anedha sih tuwan mangke, kalih panedhaningsun, uripena sakehe santri, sapa rowang manira, yen tan wulya iku, angucapa Ki Amongraga, punaa manira anenulahi, luwih karsaning sukma.

90

Punika wau karsanireki, dudu ingsun kang akarya ala, tan adoh lan sarirane, pan ala becik iku, pasthinira saking pribadi, pan iku karsanira, yayi ujaringsun, Ki Ragarunting angucap, lah ing mangke manira anedha idzin, lah mangke uripena.

91

Sanalika santri samya ngelilir, Amongraga angucap mangkana, ki santri uripa kabeh, santri samya papungun, padha wulya sakehe santri, Ragarunting asuka, tumon santrinepun, liwat ing panedhaningwang, Ragarunting pan arsa kundhur (hlm. 89) tumuli, anging karsa panedha.

92

Sun jaluke kae rabinereki, manira reka arsa akrama, lawan rabinira mangke, tresna ing manahingsun, aningali rabinireki, Amograga angucap, nora dana tengsun, ana kang aduwe awak, Ragarunting anereng wuwuse singgih, mangsa tan nglampahana.

93

Amongraga angucap ing rabi, kayangapa yayi karsanira, jinaluk dening dhayohe, Selabrangta anuhun, pan kewuhan karsanireki, kakang sakarsanira, kawula anuhun, yen kenging pasthi lenggana, kang sun tedha matiyeng astaning gusti, punika kang tinedha.

94

Amongraga mangke muwus aris, datan arsa iku nglampahana, Ki ragarunting wuwuse, luwih ing tuwan iku, wong pawetri darma nglampahi, yen tulus adedana, Amongraga muwus, nora sadya dana garwa, lamun uga adana dunya sun iki, anut sakarsanira.

95

Ragarunting mangke nauri, lah ta kaki endi ujarira, akarya dana jatine, Amongraga amuwus, ingkang rayi den pituturi, yayi aywa lenggana, den wruh ing pandulu, idhepun pituturingwang, Selabrangta waspane depun usapi, kakang nora lenggana.

96

Iya iku yayi sihing Widi, den atampa yayi manahira, sihe Hyang dulunen angger, Selabrangta muwus, waspa mijil lantaran pipi, anging nora lenggana, Amongraga amuwus, lah yayi sira melua, maring sabrang akrama pandhita ngarbi, prandening luwih ing Hyang.

97

Selabrangta sira nulya mijil, atur pamit dhateng ingkang raka, tansah dinulu kakunge, Amongraga sung semu, garwanira tansah den lingling, Selabrangta wus tampa, wirasaning semu, Ragarunting wus pamitan, santri kumrab sabature samya ngiring, sampun numpak ing palwa.

98

Amongraga pan kari alinggih, amusthi sira ing tingalira, anyipta tan katon mangke, pan sukma jatinepun (hlm. 90), dhukuh ilang tan ana kari, kabeh dadi segara, dening karsanepun, garwane muksa sing palwa, Ragarunting kagyat denira ningali, muksane Selabrangta.

99

Wus sinambut dening kakangneki, Selabrangta binakta ngumbara, ing madya gantang parnahe, Ragrunting winuwus, sampun kalep palwanireki nora na kari, lebur aneng samodra.

100

Ragarunting ika pan wus mati, katerajang dening umbak ika, muksa pan tambah parane, swara pating jelegur, lwir kang gunung guntur swareki, weneh kang kadya gerah, udan awor lesusu, derajate Amongraga, sakarsane dinulur dening Hyang Widi, tandhane wong sampurna.

101

Amongraga kawarnaa malih, sasirnane saking dhukuhira, tansah ngumbara lampahe, Selabrangta tan kantun, pan ingemban tansah liningling, kakang pundi sinedya, nora nyana ingsun, kakang kapanggih lan sira, Amongraga nauri wencana manis, pirang sihing Hyang.

102

Sampun tumedhak sira mring siti, Amongraga kalih ingkang garwa, ing guwa parnahe reren, ing guwa Langse iku, parnahepun denya alinggih, tulus amangun tapa, kalih garwanepun, wonten mangke wong tapa, jrone guwa awasta Ki Durmengkubudi, sawindu laminira.

103

Kagyat tumingal Ki darmengkubudi, dening murub cakraning gilingan, den dalih bencana mangke, Amongraga amuwus, sampun wikan sajrine ati, yen ana wong atapa, ing jro guwa iku, angucap sajrone nala, baya iki wong tapa asrah ing pati, tapane wus tumeka.

104

Amongraga asung salam aris, sampun sira wus sinauran, ngalekum salam saure, Durmengkubudi amuwus, lah anedha mangke kiyai, dunga saking andika, kawula anuhun, angucap (hlm. 91) Ki Amongraga, pira baya yen ana sihe Hyang Widi, luwih nugrahaning Hyang.

105

Sanalika guwa pan asalin, satkalane Amongraga, lir kadya dalem warnane, Durmengkubudi papungun, aningali wismanireki, lali yen aneng guwa, dene warnanepun, babature tundha-tundha, wawijilan toyane mijil awening, gandanepun araras.

106

Ki Durmengkubudi nuksmeng jro ati, wong iki asmu abadan sukma, katoreng teja semune, semunepun wus luhung, sakarsane iku lastari, tandhane badan sukma, angrasa ye kantun, tan purun angungkulana, guwa salin kang warna.

107

Ki Durmengkubudi micoreng ati, mangke baya ana sihing sukma, katekan wong luhung mangke, pumika karsanepun, ulih guru ingkang sejati, kaya bisa nyangkinga, maring awakingsun, ing dunya raweng akhirat, Durmengkubudi aguru sadyanireki, Amongraga wus wikan.

108

Kaya apa karsanira iki, kae jebeng manira atanya, yen sira ayun ing mangke, aguru maringsun, pan kesasar karsanireki, aguru maraningwang, kalurung sireki, Ki Durmengkubudi angucap, nadyan sasar kawula nadya tut wuri, apataya yen mangkana.

109

Pundi jebeng lah ta sun yaktera, lah mijil mangke saking guwa, miyanga segara age, yen uga sira purun, nyata sira yen anak mami, iku margane teka, manira angrungu, Ki Durmengkubudi angucap, pan sandika kawula mangke nglampahi, sigra mijil sing guwa.

110

Sawedalira sing guwa wingit, amongraga mangke sira ngucap, pan asung sipta anake, lah jebeng anakingsun, tampanana sihing Hyang Widi, iku bagya cilaka, pawarah ngong iku, sida tanpa wurung tanpa, lah ta payo ki jebeng depun atampi, iku nugrahaning Hyang.

111

Mangkana mengke Ki Durmengkubudi, tan pantara malbeng samodra lwir pindah sawat lampahé, tan katon dening alun, mung (hlm. 92) wuruke Mongraga kethi, ana kambang-kambangan, awor lawan alun, kadya alinggih ning taman, Durmengkubudi ciptane kadya wong ngipi, lwir pindah aneng swarga.

112

Amongraga mesem aningali, ing anake yen sampu tumka, ingawe ping tiga mangke, prapta ing ngarsanipun, Durmengkubudi nulya ngabakti, amongraga lingira, bapa anakingsun, wus muliha denira andon anetepi, mantuka wismanira.

113

Ki Durmengkubudi mangkya nauri, yen kinginga kawula lenggana, kawula ngelebur tapane, dening tan wisma tengsun, yen mantuka kawula mangkin, ing pundi wismaningwang, Amongraga muwus, lah jebeng sakarsanira, wus tumeka denira andon anepi, lungguha aneng praja.

114

Perandeningsun lawan sireki, wis atunggal saking karsaning Hyang, aywa pindho gawe mangke, mapan ujaring ilmu, nora beda karsaning Widi, luwih ing tampanira, sejatining pangawruh, tan ana lyan amolah, Durmengkubudi mangkya sira anauri, rama kawula nedha.

115

Lah ta poma anakingsun kaki, depun wikan paraning paningal, sampun samat wekasane, pan ananing Hyang Agung, nora esah lan sira kaki, lwir kadya wewayangan, lawan kang angilo, polahe tansah pinolah, tan pra beda eneng usikira kaki, iku saking Hyang Sukma.

116

Kabeh-kabeh jebeng janma iki, pan sawiji mangke jatinira, kang amurba sakabehe, purbane ana iku, rong parkara asalireki, iku sira den awas, Adam purwanepun, iku wiwitane jasad, pan rohira roh idhapi wijilneki, iku sira den awas.

117

Ana dene solahira kaki, sipat wau reke kawruhana, kang manjing ing dasih mangke, dok pinanjingken iku, ngeroh idhapi wiwitaneki, pinanjingen ing rasa, rarasing Hyang Agung, iku pan baboning eroh, nabi Adam pinaka nyawaning jisim, iku pinangkanira.

118

Sesampune winejangan jati, tan pantara anulya tur sembah, mundur saking ayunane, ingiden lampahepun, nulya muksa saking ardi, lwir miber (hlm. 93) tanpa elar, dening sihe guru, bisa ngambah gagana, tan asuwe anulya prapta sireki, dhukuh segara sabrang.

119

Ing Palimbang denira alinggih, sapraptane geger sanagar, nulya linggih ing masjide, lanan wadon andulu, samya cingak kang aningali, praja sedhenge rusak, wawelekpan agung, karusakan sanegara, sapraptane Ki Durmembangbudi basuki, wulya kadya tinamban.

120

Kang agering sore waras enjing, kang agering injing sore waras, samya pakenak atine, pan asru ta'dhimepun, sanegara mring Durmembangbudi, sinegeg tan ingucap, liyan kang tinutur, wonten janma kang winayang, Nusa Jawa parnahe anglaya bumi, aran Ki Ragasmara.

121

Anglelana anganteni pati, kaya bosen aneng dunya, tan arsa mukim enggene, sing tanah wus dinunung, sorengrana tan ajrih pati, satya tuhu ing lampah, awas tingalepun waspada jatining lampah, lampahepun tan kandeg ing papan tulis, nastiti tur lumampah.

122

Kang saweneh ana atetaki, tilar pangan turunira, den eber kalakohane, tan wikan yen kalurung, amartamu tan den owahi, akeh wong kung gung lampah, akeh paksa luhung, angangge tambal tinambal, paksa iya kulambi mayit den irid, tan wikan yen duraka.

123

Wanci tengangi kang Candrageni, Ragasmara denira lumampah, kumedhap-kedhap tejane, Amongraga kawuwus, aneng guwa ngesahi, mintar saking jro guwa, mancur tejanepun, sinenggih dede manusa, Ragasmara garjita sira ningali, esmunira kapranan.

124

Selamine pan dereng ningali, wong lumampah kang kadya punika, luwih mungguh pangerane, Ragasmara amuwus, saking pundi tuwan puniki, Amongraga angucap, tanpa wisma tengsun, aywa sira salah tampa, iya ing sun aparab Ki Amongraga, pan sadya anglelana.

125

Lah anedha mangke samya linggih, karsaningwang arsa pawong sanak, yen (hlm. 94) tuwan sotaha mangke, pan awon sirnanepun, nulya sira sami alinggih, sasoring wreksa gurda, linggih wong tatelu, satengahe wana wasa, pinggir marga ing riku gening pepanggih, aliru pangawikan.

126

Ni Selabrangta ika neng wuri, tan atebah kelawan kang raka, ika pinaka sabate, Ragasmara andulu, pan kapincut manhireki, tuhu luwih ngakathah, pan ingsun andulu, begjane Ki Amongraga, pawestrine ayu anom bekteng laki, gumawang tejanira.

127

Ragasmara mangkya angling aris, manira mangke arsa atanya, estri punapa parnahe, Amongraga amuwus, rabiningsun ponang pawestri, rowang sun kawlas arsa, lakung nisthaningsun, sun gawa ajajah desa, dadi banda sedalan angrarebedi, pasthi yen dadi bandha.

128

Nenggih pangrungu manira iki, pepaesane reke wong lumampah, yen sarta kundhang rabine, baguse wong lumaku, yen atampa cobaning Widi, kabeh dadi nugraha, manira angrungu, dedalan saking wanudya, bencanane mijil sing estri, sarta lawan nugraha.

129

Ki Amongraga mangkya nauri, anuhun sih mangke tutur tuwan, yen mujahadat nepsune, mapan wong wadon iku, rong parkara panarineki, akeh dadi duraka, marga pawestrek, kaping kalih mring kaswargan, anging akeh laku kundur sing pawestri, nenggih pangrungungningwang.

130

Amongraga reke angling malih, lah nedha linggih ing mendhapa, wong tetiga samya rereh, awon inggih ing lebu, sarwi udud baguse linggih, sarwi mangke amucang, Ragasmara muwus, inggih manira nedha, Ragasmar ciptane kadya angipi, tustha ing manahira.

131

Sampunira reke pareng linggih, Amongraga mangkya lon angucap, manira atanya mangke, apa arane iku, aranana den amatitis, aywa na kumalamar, ing kawruh puniku, aywa na mawi warana, sira ingsun pan tunggal jatinireki, lah mangke aranana (hlm. 95).

132

Ragasmara mangke muwus aris, kang pundi reke kang ingaranan, ing karsa andika mangke, Amongraga amuwus, aranan mandhapa iki, dening tah teka ana, iku karsanepun, kabeh iki kabeh ika, aranana sedhah woh tembako iki, lah samya aranana.

133

Nenggih reke manira amanggih, ingaranan mangke kudratullah tandhane sih iku mangke, iku manira ngerungu, kayangapa karsanireki, Amongraga angucap, autu ujar iku, endi tah enggone Allah, padha mangko jawaben den amatitis, aja rasa rumasa.

134

Nenggih reke ananing Hyang Widi, pan parnahe ana gedong ratna, tigang parkara jatine, iku ingsun angrungu, Amongraga angucap ari, nyata ing sabdanira, endi tuduhepun, lah tegese gedong ratna, Ragasmara mangke sira anauri, manira miarsa.

135

Gih punikku sasutyaning mukmin, ingaranan kakembang ing jagad, kekasihe sukma reke, Amongraga gumuyu, kapetukan karsanireki, rena panjawabira, pan larangan iku, larangan ingsun lan sira, pan pinaka padadaraning pangesthi, pilih ingwang wikana.

136

Tuhuwa endi sira lawan mami, lah jawaben mangke den apadhang, den kena lawan tartibe, den kena jatinepun, zhahir bathin lan sira mami, aywa tah sira tunggal, aywa pisah iku, sakuthu yen tah awora, Ragasmara mangke sira anauri, manira amiarsa.

137

Ragasmara angucap sireki, pan ing jagad tuha pakanira, yen pinet mangke zhahire, jatinepun puniku, nora beda lan mami, tunggal yen padha sukma, ananira iku, ing idhep tuha andika, ilmu kawruh manira nututi, mesem Ki Amongraga.

138

Ragasmara pan tinembang malih (hlm. 96), kadya pundi karsa pakanira, ana angucap mangkene, ilmu lan kawruh iku, kaya apa bedane kaki, muwah lamung tunggala, paran karsanepun, angucap Ki Ragasmara, nenggih mangke bebane kawruh lan ilmi, manira amiarsa.

139

Nenggih rekekang ingaran ilmi, ingkang manjing maring jiwaraga, kang endi rasa jatine, nugraha jatinepun, pan manira mangke amanggih, iku jatining sastra, manira angurungu, kayapa ing pakanira, Amongraga mangke sira anauri, atut lamun mangkana.

140

Amongraga tusta manahneki, tansah mesem jrone parmana, den entrog-entrog pupune, balik tuwan puniku, pan alama manira iki, mider anjajah negara, pan durung anemu, janma kadya andika, Ragasmara mangke anauri aris, mugi welasaning Hyang.

141

Basa kawruh lan punendi, manira mangke ayun wikana, ajtine punika mangke, Ragasmara amuwus, pan ing kawruh lampah sejati, tingale ika tan lwar, maring kang aluhur, wiyosing kang nama Allah, ilmu kawruh jatine nora kekalih, manira amiarsa.

142

Prelambine ingkang ilmu iki, kadya sekul mangke semunira, kang pinangan saanane, lawan kwruh puniku, kang duweni sakehe bukti, amongraga lingira, bapa ariningsun, rinangkul Ki Ragasmara, sanakingsun sadulur yayi sireki, kakang manira anedha.

143

Ki Ragasmara mangke sira ngling, manira kakang pan nora beda, pan kadya andika mangke, lawas ingsun anglangut, dereng manggih kadya sireki, kakang kadi andika, Amongraga muwus, pan ingsun kadya andika, bangga belih tunggala zhahir lan batin, dunya roweng akhirat.

144

Anging tah yayi emani iki, engenira areren lan ingwang, nora na sangune mangke, resebe manah ingsung, nora kadya sarwya ambukti, rehe amuji ing Hyang, babaguse iku, sawabe kuwat angucap, Ragasmara tumulya wau nauri, kakang pundi pinaka.

145

Ingsun iki pan ayun ambukti (hlm. 97), kaya priye yayi karsanira, Ki Ragasmara muwuse, kakang atut pukulun, nora kongang manira iki, akarya padadaran, pan dereng dinunung, angucap Ki Amongraga, nora beda ing sira kelawan mami, lah sira angucapa.

146

Ragasmara mangke sira angling, wus atampa idzining kang raka, dinulur ing sakarsane, moga wontena iku, kamurahan saking Hyang Widi, si kakang arsa dhahar, sanalika rawuh, sarwane kang dhaharan, sekul pethak sumakta ulame asri, semadya aneng arsa.

147

Ki Amongraga wau sirangling, iya iku yayi karsaningwang, payo same bukti mangke, Ragasmara amuwus, lah anedha kawula wingking, nulya samya adhahar, kalih rencangepun, sigra adan ajang-ajang, Selabragta wau sira angladeni, nulya adan adhahar.

148

Eca manaha Amongraga, lawan mangke sira Ragasmara, pan sarwya amuji mangke, Amongraga amuwus, Ragasmara dinoking liring, nanging sampun atampa, Ragasmara iku, yayi sampu kesamaran, tingkah iki den wikan jatining nabi, kabeh anging pangeran.

149

Yen langgenga mangkene iki, tingkahira andadaring lampah, pasthi duraka temahe, kewala kongangepun, tatkalane kaluwen yayi, yen sampu istipara, iku bagusepun, sampun denira dhaharan, Selabragta adan tinembang ing laki, kinon ambukti sira.

150

Sampun dhahar Ni Ken Selabragta, saya wuwuh wau tingalira, kadulur Hyang Sukma mangke, Amongraga amuwus, karsaning wong ngalapan bukti, sirna kabeh wus ilang, datan ana kantun, sapolahe Ragasukma, waliyullah kakasihira, Hyang Widi tan kena tirokena.

151

Ki Ragasmara mangkya lingnya ris, kawula kakang anedha warta, sunat lawan pardhu mangke, kawula pan dereng wruh, dhihin pundi sunat lan wajib, lawan tegese pisan, kang sunat puniku, lan tegese pardhu ika, Amongraga garwane donoking (hlm. 98) liring, lah yayi saurana.

152

Aywa sira yayi salah tapi, saurana yayi arinira, pan ingsun asaryan mangke, Selabrangta amuwus, singgih kakang anedha idzin, sarta pangaja tuwan, kawula anuhun, angucap Ni Selabrangta, patakenan Ragasmara den sauri, lan panjawabira.

153

Selabrangta wuwuse amanis, manira yayi miarsa warta, wonten wirayat mangkene, sanakira sadulur, zhahir watin tunggal sireki, ajar rasa arumasa, Selabrangta muwus, nedha halal rakanira, lah ta mara sun adu ajurit, lan yayi Ragasmara.

154

Ragasmara anauri aris, lan anedha kawula wawenang, den agung pangapurane, Amongraga amuwus, pindho karya yayi sireki, Ragasmara angucap, kawula anuhun, Ni Selabrangta angucap, nenggih reke kang pardhu jumeneng dhihin, gumanti sunat ika.

155

Ragasmara mangkya anauri, ing tegese tah kakang punapa, kang pardhu ika tegese, Selanbrangta amuwus, ing jatine mangke puniki, kang aran pardhu ika, langgeng jatinepun, mapan nora kena owah, kang wus teka ing jatine ika yai, manira amiarsa.

156

Karanepun syarengat puniki, pinugeran tan kena lenggana, anglamapahi amar mangke, pan pedhadepun agung, ingkang teka ing antep yayi, iku bakaling lampah, manira angrungu, margane ngaran ganjaran, sasemune nastiteken amamahi, mulane antuk tsawab.

157

Sadurunge teka lampah iki, nora ana basa hukum tsawab, kang sunat iku tegesa, margane langgeng iku, ananira ayayi puniki, sampune tekeng paran, ing laku puniku, tandhane yen antuk tsawab, tansah mangasinung padhang kalbuneki, awas jatining lampah.

158

Ragasmara mangke muwus aris, kasinggihan kakang ujarira, manira ataken mangke, sunat lawan pardhu iku, kadi pundi karsanereki, len ayun tunggalena, ing temah puniku, angucap Ni Selabrangti, dening apa kang sampun tumeka jati, alon Ki Amongraga (hlm. 99).

159

Yen uga yayi ingkang wus jati, ing pasthine kena tunggalena, sampun telase pardhune, nora aetang pardhu, lampahepun kang sampun jati, tansah anunggal karsa, manira angrungu, tansah mangke ingayunan, ing kawruhe nora no daluwang mangsi, dening wus olih tsawab.

160

Dadi tan etang waktu puniki, dening waktu wus anunggal, tansah papaesan mangke, Ragasmara amuwus, ayu temen bok kakang iki, luwih saking akathah, pan dereng anemu, pawestri kaya si kakang, Amongraga gumuyu tur sarya angling, yayi adaya pisan.

161

Lah ta mara yayi aywa gingsir, depun mara sira mring ayunan, perang rame iki mangke, Selabrangta amuwus, lah ta yayi andika iki, amundur wong punapa, Amongraga muwus, semana denira aprang, mara-mara den padha mara sireki, yayi sira den awas.

162

Wong adagang padha ting saleri, padha mampir tumon dhukuh anyar, pan samya kagyat manaha, lanang wadon aselur, tuha anom samya ningali, dhukuhe Amongraga, pan samya papungun, dok kapan ana pagirywan, nora nyana manira kadya wong ngipi, anglir dhukuh tatiban.

163

Selabrangta mangkya sira angling, kayangapa yayi karsanira, sira angucap mangkene, sapa aranireku, lah jawaben depun patitis, Ki Ragasmara ngucap, manira angrungu, kanugrahan araningwang, Selabrangta mangke anauri aris, yayi manira tanya.

164

Apa karane ananireki, ingaran mangke kanugrahan, lan tegese mangke, Ragasmara amuwus, nenggih kakang manira manggih, karane ingarana, kanugrahan iku, jatine yen wewayangan, ing tegese kanyatahaning Hyang Widi, iku pamiarsengwang.

165

Selabrangta mangke takon malih, kadya pundi ing karsa andika, wonten masalah mangkene, sajrone kakung iku, tur pawestri jatine yayi, sajrone wanita, wonten kakungepun, lah yayi den (hlm. 100) padhangena, anauri Ki Ragasmara amanis, kakang manira nedha.

166

Ing pasthine ing wong lanang iki, ing jasade ingaranan lanang, dening amurba estrine, sarta lan tandhanepun, nanging mangke maksih pawestri, dening maksih kapurba, dening erohepun, iku tah estri jasad, lir kurungan ananing jasad puniki, kakang manira ngrengwa.

167

Sejatine ingkang lanang iki, ananing roh mangke ingkang purba, amurba ing jasad mangke, prandening nyawa iku, ingaranan maksih pawestri, dening sira kapurba, ing estrine iku, dede satuhune lanang, satuhune kang lanang ananing widi, arah dening amurba.

168

Wong pawestri tah kadi punendi, ing jatine karsa pakanira, Ki Ragasmara saure, nora beda puniku, ing jatine kang wong pawestri, tan beda lan wong lanang, manira angrungu, manira kakang atanya, sapa sira pangeranira sejati, lah kakang ucapena.

169

Lah jawaben kakang den patitis, padha mengko aywa kumalamar, aywa atatebeng mangke, Selabrangta amuwus, iya ing sun pangeran jati, dudu mangke manira, pangeran puniku, ing sun sira tan pra beda, ing jatine pan nora nana kakalih, suka Ki Amongraga.

170

Suka temen ing sun yayi, anenonton yayi yudanira, perang gedhe iki mangke, sarwi sira guyu, suka-suka sarwi ngeploki, padha wong surengrana, digbya ing laku, mara-mara bendanana, sanegara wong aprang kadi iki, mangsa ing sun manggiha.

171

Ragasmara gumuyu sarwi ngling, samya suka lan sarowangira, tuwin Selabrangta mangke, Ragasmara amuwus, lah ta sampun kakang puniki, punapa rinasanan, Amongraga muwus, lah yayi padha mulimbang, Ragasmara sira mangke anauri, kakang manira nedha.

172

Wonten mangke winama ing kawi, wong anglangut mangke anglelana, ing Nusa Jawa parnahe, si tanah wus dinunung, Lombok Patani mwanng Kuti, Pasir Bali prang Pelimbang, Madura (hlm. 101) dumunung, Surawesthi, Sedayu ing Giri lawan Gresik, Galegang Pranaraga.

173

Pajang Mataram wus den jajahi, ing Tambayat lawan ing Kajoran, Kudus lawan Demak mangke, padha dumunung, ing Carebon sampun kawingking, tuwin mangke Jepara, Ampeldenta iku, pradata wus den jajah, ing tategal Betawi Banten lan Pathi, tuwin tanah saberang.

174

Jatiswara peparabe mangkin, pan linuwih lalana tan wisma, pandhita taruna wancine, tur satya tah ing laku, kalih sanakreki ing uni, iku samya pandhita, laksana ing laku, dinulur dening Hyang Sukma, tan kawarna wonten satengahe margi, tengahe wana wasa.

175

Madya latri lampah kinawi, Jatiswara denira lumampah ing brangti, dening angrengen swara, marmane anglangut, nenggih wonten sanakira, anglelana aparab Syeh Amongraga, iku ujaringswara.

176

Den ulati nora kepanggih, kapan baya iku katemu, Ki Amongraga wastane,
Amongraga winuwus, natkalane liwat ing margi, katingal tejanira,
Amongraga mancur, kelawan Ki Ragasmara, jatiswara kagyat sira aningali,
sinenggih dede janma.

177

Amongraga tejane nelehi, murub katong cakraning gilingan, gebyar-
gebyar paulune, Jatiswara tumanduk, saya awas tingalireki, adoh pan
pinaranan, aglis lampahepun, waspada lamun manusa, Jatiswara mangke
sira nulya angling, sampun auluk salam.

PUPUH VIII

A S M A R A D A N A

www.alangalangkunitir.wordpress.com

01

Amongraga anauri, mangke ngalekumussalam, sinungana rahmat mangke,
adan apepanggih sira, sigra anjawat tangan, ing marga parnaheriku,
kelawan Ki Amongraga.

02

Kalih Ragasmara iki, Ki amongraga angucap, sapa sinten wewangine, Ki
Jatiswara angucap, manira Jatiswara, wong ideran andon nglangut, (hlm.
102), sedya angulati wangsa.

03

Aparab Ki Amongraga, ujure tutur punika, Ki Amongraga wuwuse, sapa
kang awarteng sira, Jatiswara angucap, anenggih ujaring tutur, manusa
winong dening Hyang.

04

Syeh amongraga sirangling, ing pundi ta wismanira, muwah kang anedha kaki, Ki Jatiswara angucap, tanpa wisma manira, Ki Amongraga gumuyu, katambetan yayi sira.

05

Nyata ujar puniki, nyata kelamun manira, Ki Jatiswara wuwuse, tan wikan yen pakanira, kekasihing Hyang Sukma, Ki Amongraga amuwus, yayi ingsun wong duraka.

06

Muhal iki tutur yayi, yen uliha sih Hyang Sukma, wong kesasar ingsun mangko, lumakwa tan wruh jatinya, manira mbek welaka, wus temu sira lan ingsun, lah ta paran karsanira.

07

Ki Jatiswara nauri, lamun tulus karsa tuwan, anedha sinampar mangko, wong kasihan mindha ina, nora wikan ing krama, Syeh Amongraga amuwus, arum amanis sabdanya.

PUPUH IX

DHANDHANGGULA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Tan kawasa mangke ingsun iki, angakua babu maring sira, larangan puniku mangke, sapa atuha iku, kang ingaku sapa puniki, anging Hyang Kang Wisesa, polahira iku, kawula darma punapa, Jatiswara mangkya sira anauri, atut lamun mangkana.

02

Anging tah mangke manira iki, yen sembada lawan karsa tuwan, pasthi tan samar ing mangke, anut ujaring tutur, lamun tuwan sanak sejati, nadyan nora ngakua, manira tan kundur, angucap Ki Amongraga, aneng sira manira darma punapi, kadya lumbung pinanah.

03

Lah ta raryana mangke ing riki, lamun sira arsa pawong sanak, kelawan manira mangke, eca ganti pamuwus, sapaguywan sira lan mami, sigra sira sumimpang, saking marga agung, sanalika wonten taman, pinggir margi ingarsa asri angrawit, kagyat Ki jatiswra.

04

Taman adi saking Hyang Widi, pinggir marga tinwan asri raras, banjaran sangkep warnane (hlm. 103), tinon asri anglangut, puspa mekar tepining beji, gapurane araras, murub warnanepun, bata bang lan bata petahk, sela ireng reneka buron angrawit. Lwir gambar tiningalan.

05

Wrta sarine samya babar gadhing, puspa jenar gandanya mrik sumyar, Gambir Melathi Rowange, Menur lawan pring Kencur, Nagasari lawan Warsiki, Pucangnya babar mayang, gandanya mrik arum, rinubung dening jarahan, amrik minging Kumbangnya lwir gendhing muni, ambengengeng swaranya.

06

Toyanya mijil ngayengi panti, puspa mekar gandanya araras, kintar samirana mangke, Jatiswara papungu, sampunira samya alinggih, wonten

ing made kambang, Jatiswara muwus, saktine Ki Amongraga, Ragasmara sampun sira samya linggih, muwah Ni Selabrangta.

07

Jatiswara angrasa yen kari, aningali ing anane taman, tandhane yen luwih mangke, anging tah karsaningsun, atatanya ujar sejati, lamun mangke kajawab, estu yen wong luhung, Amongraga pan tinembang, kadi kiyai karsanireki, tuwan winastan paran.

08

Amongraga gumuu saryangling, nora wikan mangke manira, beda yen wong idhep mangke, tulus ingsun balilu, Ragasmara wau tinari, yayi menawi wikan, sira ujar iku, Ki Ragasmara angucap, yen wikan menawi kakang bok paksi, mesem Ni Selabrangta.

09

Amongraga mangkya anauri, lah tapayo yayi saurana, yen sira wruh jatine, Selabrangta amuwus, tan lenggana karsaning laki, selabrangta angucap, manira angrungu, nenggih mangke mangke kanugrahan, araningwang sejatine janma iki, manira amiarsa.

10

Jatiswara angling ing jro ati, wong puniki semune utama, katoreng semu basane, alungit semunepun, wancanane akarya sandi, bisa karya prasanda, cihnane wong luhung, masalah tibeng wanudya (hlm. 104), mundur ewuh wanacana ulih nauri, menggah Ki Jatiswara.

11

Amongraga mangkya sira angling, lah ta payo mangke saurana, wencanane estri mangke, sampun kandheg sireku, awencana lan lestari iki, sampun

rasa rumasa, yayi sampun ewuh, bulata bisa manira, lah ta yayi sampun sampun warana kajatin, Jatiswara angucap.

12

anging mangke manira puniki, lah anedha mangke pangapura, karoseng dede kramane, Amongraga amuwus, pindho karya pakanereki, kawilang wong agama, ing karsanireku, bali paran karsanira, panjawabe wong estri kadya puniku, atut wau mangkana.

13

Apa karane mangke puniki, winastan wau kanugrahan, jatine manusa mangke, Selabrangta amuwus, nenggih manira nenggih, karane ingaranan, kanugrahan iku, jenenge yen wewayangan, Jatiswara mangkya sira anauri, atut lamun mangkana.

14

Jatiswara mangke tanya aris, kadi pundi mangke karsanira, wonten masalah mangkene, wekasing Islam iku, kadi pundi karsanireki, tegese kupur ika, kayapa puniku, angucap sajrone nala, Jatiswara yan uga anjawab sireki, nyata luwih ngakathah.

15

Selabrangta mangkya angling aris, nenggih mangke manira amiarsa, tegese kang Islam mangke, tegese Islam iku, pasthi ka[ir manira manggih, tegese kapir ika, ika Islam jatine, angucap Ki Jatiswara, kadi pundi Islame mwanng kapirneki, lah mangke angucapna.

16

Selabrangta mangke anauri, nenggih mangke Islam punika, dening wus temu jatine, iku manira ngrungu, ing kapire dene tan iling, lemut tan ana

wikan, dening sih Hyang Agung, kawibuwan sihing Sukma, upamane lir katrapan api, sirna tan ana ngucap.

17

Jatiswara mangkya takon malih, ing unguhe manusa kang sirna, yen ilang endi parane, Selabrangta amuwus *hlm. 105), nenggih mangke manira manggih, ananing kanugrahan, kang purba puniku, jenenge yen wewayangan, dadya ananing dasih puniki, mulih ing jatnira.

18

Ana dene enggene puniki, sapa wruha sajrone panunggal, kang tunggal dhewene, iku manira ngrungu, anging iya wikan pribadi, wikan ing dhewekira, tan kena winuwus, prandene kang sampun nyata, ing lampaha tan kandheg ing papan tulis, tan etang tatakrama.

19

Jatiswara anuksmeng jro ati, mandahane kae Amongraga, rabine iki sehene, luwih ing wong lumaku, ingakathah ahlul surambi, nyata lamun sampurna, amongraga iku, ingsun mider anglelana, durung manggih ing wong kang kadya puniki, nyata sinisihan ing Hyang.

20

Selabrangta mangkya sira anging, pan manira kae amiarsa, wonten masalah mangkene, tegese nabi iku, kadi pundi karsanereki, tegese isbat ika, paran karsanepun, jawaben depun tetela, anauri Ki Jatiswara amanis, manira amiarsa.

21

Nenggih mangke tegese kang nabi, nyata reke sajrone kang isbat, kang jro nabi tah reke, iku manira ngrungu, pan tegese nabi puniki, mesem

Selabrangta, kayapa puniku, lah anedha padhangena, Jatiswara anulya sira nauri, manira amiarsa.

22

Ingkang napi anenggih puniki, sejatine kang aneng paesan, kang isbat tunggal jatine, nora liyan puniku, ing anane kang isbat jati, napi reke mangkana, manira angrungu, sida tanpa wurung tanpa, kang atanggap sejatine napi iki, tan kena ucapena.

23

Selabrangta mangkya muwus aris, asung sipta maring kakungira, manira asryan mangke, Amongraga amuwus, Ragasmara mangke tinuding, lah yayi gantenana, kakangira iku, manira darma miarsa, Ragasmara mangya sira anauri, kakang manira nedha.

24

Ragasmara mangke amedali, masalahe reke pan larangan, papasthine masalahe, Jatiswara (hlm. 106) tinembang, kaya priye karsanereki, wonten kang pawarta, manira angrungu, sapa wong atuwana, pira kehe wong atuha kang sejati, lan mangke ucapena.

25

Jatiswara mangke anauri, nenggih mangke wong atuwaningwang, tigang parkara kathahe, yen ingkang zhahir iku, kang istoken raga puniki, kang awal Nabi Adam, manira angrungu, ing batin Nabi Mushthagha, sampun kandheg ing kahanan ari kaki, iku jatining sukma.

26

Wonten ujaring semu puniki, sira ingsun anaking Cemara, pan putuning Asu mangke, iku pangrunguningwang, kabeh-kabeh anaking Anjing, mesem Ki Amongraga, Ragasmara muwus, sampun tah mangke winejang, Amongraga gumuyu tur sarya angling, anake Asu belang.

27

Marganing ana sira puniki, dening Asu belang pan tetiga, Ki Jatiswara wuwuse, atut ujar puniku, sapa tampa semune wadi, dadi wadaning lampah, janma luhung, lir kadya landheping pedhang, kang atanggap ing jati jatining ilmi, iku pagurukena.

28

Sapa maca lalungit puniki, depun kena kae tampanira, yen luput sasar temahe, angel ujar puniku, nora nana ing papan tulis, iku bagya cilaka, pawarah ngong iku, dudu ilmuning syarengat, Jatiswara mangkya sira angling aris, Amongraga tinembang.

29

Manira mangke ataken jati, lah anedha mangke sih pawarta, wonten masalah mangkene, punapa, nyatanepun, ing anake Asu puniki, lamun nyata punapa, endi nyatanepun, angucap Ki Amongraga, dening apa yen ora nyataa iki, Jatiswara angucap.

30

Apa karane katon puniki, lamun nyata anaking Cemara, Amongraga tah saure, apa kang katon iku, dudu iku ananing Anjing, kewala sih kurungan, ananira iku, yen sira ayun wikana, ulatana sejatining

Asu iki, lah payo tututana.

31

Payo-payo rowang ingsun iki, aja kari mapan sami muksa, anuksma tambah parane, Jatiswara pan mangu, anggraita sajrone ati (hlm. 107), nyata yen badan sukma, anane dinulur, Jatiswara pan angucap, kari paran yen ana sihing Hyang Widi, Jatiswara wus muksa.

32

Amongraga punika kinawi, angumbara aneng Madegantang, awor jaladara mangke, Jatiswara wus mumbul, lah ingendi parnahireki, ana layang-layang, awor lawan mendhung, kang mendhung-mendhung ing sukma, gebyar-gebyar tejane kawula luwih, awor padhanging andra.

33

Amongraga mesem aningali, ana linggih saluhuring mega, kalawan sarorowange, Jatiswara cinatur, ampun wikan parnahe mangkin, sigra nulya pinaran, Amongraga muwus, saktine Ki Jatiswara, sampun prapta ing sapadha wong luwih, mesem Ki Jatiswara.

34

Jatiswara mangkya sira angling, lah ta payo ingsun ulatana, wus murca saking arsane, Amongraga tan kantun, sareng muksa sarowangneki, Jatiswara neng guwa, mancur tejanepun, Amongraga sampun wikan, nulya prapta ing arsa tumulya linggih, angapa ujarira.

35

Jatiswara angling ing jro ati, nyata sakti kae Amongraga, nora nana sasambate, anging sih karsaningsun, sumbalinga dadi prajurit, mengke sun dadi toya, yen uga sireku, wikan maring raganingwang, nyata luwih dudu rowange ajurit, mundur dadi samodra.

PUPUH X

DURMA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Amongraga ing mangke sampun uninga, solahé den kawruhi, Amongraga sira, tambah tekaning palwa, suka-suka manahneki, kadya cangkrama, mangke Ki Amongraga.

02

Selabrangta kagyat ningali samodra, Ragasmara sira ngling, duk kapan neng palwa, teka nunggal baita, gawok ing manahireki, Ki Amongraga, wuwuh sukanireki.

03

Tahu ta tengsun ana ing sagara, Jitiswa mangkya ngling, kewuhan ing yuda, Amongraga punika, sun senggih kundura mangkin, Ki Amongraga anunging jurit.

04

Sagara rob umbake awor prahara, umbak agung (hlm. 108) kang prapti, umbake limbungan, genge sagunung ana, kadya kerah swaraneki, umbaknya piyak, Amongraga ningali.

05

Tansah mesem ing ati Ki Amongraga, polahé den tingali, mring Ki Jatiswara, angaben yudanira, sanalika wonten geni, amolar-molar, saomah angengneki.

06

Pan saya ageng sagunung mangke gengnika, karsaning Amongraga, angesat sagara, sun aduning kang toya, kelawan geni punika, geni wus mumbal, swara lwir gereh muni.

07

Mumbal-mumbal kang geni amangsa toya, mumbul ing luhur warih, endi ta anaa, geni amangsa toya, luwihe Ki Amongraga, datan ginanthi dhandanggendhis.

PUPUH XI

DHANDHANGGULA

www.alangalangkumitir.wordpress.com

01

Wonten masasyeh wau ginupit, ahlul sastra amangun syarengat, ing Wanacandra wismane, kalintang mantanepun, wong alinggih ahlun surambi, kinepun sinaroja, sabatepun agung, amupu ing wong kasihan, bagus anom jatmika asih ing santri lumaku lawan kundhang.

02

Asung pangan wong kang luwe iki, asung sandhang maring wong kawudan, adana weweh lampah, tur ambek wakca sadu, nora gingsir ing pangabakti, nora kibir ing lampah, nora nggungken ilmu, lakone tansah ing karsa, den srahaken tingale nyata yen napi, iku tuten ing lampah.

03

Pan Islam tansah den simpen, ing kapire sadina den sebar, den jereng nistha lampah, kalawan miskinepun, cela ina kang den ranggwani, shabar lawan tawakkal, alinggih ing kahyun, yugya tinuta ing lampah, sakathahe kang akarsa taki-taki, iku lampah kang padhang.

04

Masjide ika ageng ainggil, panatarane ika araras, mendhapa radin lepane, tinon asri anglangut, jambangane soreng Warsiki, balungbange ajembar, puspane mrik arum, sekare abebanjaran, marbuk wangi gandane arum manis, lir gandane kasuwargan.

05

Rare santri akeh padha ngaji, ageng alit (hlm. 109), samya atillawat, swarane umyang arame, weneh amaca suluk, kang asangir aganti-ganti, weneh kang aterbangan, ana turun guyu, saweneh amaca kitab, rebutlapadh maksude kitabireki, rame arebut akal.

06

Gumer swarane kang wong angaji, papantese wong ahlul syarengat, saweneh sembayang mangke, weneh aganti metu, manjing medal saba surambi, weneh ana ambakta, kitab maring guru, anedha wadining kitab, kang saweneh amasuh sabakireki, weneh ingkang nanurat.

07

Wong ngangsu ika pating saleri, tuha anom perawan wulanjar, rangdha somahan rowange, liwat ing masjid selur, teka wong maring kali, akeh lalewaniira, amedhak apupur, samya agelung pendhokan, kae santri karsane den kulenjari, semune anjawat.

08

Kang saweneh sasubrah sasumping, sangkang bapang sekare Cempaka, tur sarwi ngujiwat mangke, sasolahe asemu, kaya ana marjaka alit, rara sampun dewasa, ki santri andulu, maring kang wong alelewa, dalahane karsane arep alaki, padha gumuyu suka.

09

Samya gumuyu sakehe santri, aningali ing sapolahira, sampun wikan ing semune, Jatiswara winuwus, sampun prapta jawining masjid, arsa atetakena, wau karsanepun, anuju ana wong medal, Ki Marebut karsane dhateng ing kali, arsa adus karamas.

10

Denya lumampah andhengkul iki, nora wikan yen ana wong prapta, katungkul dhelug lakune, Jatiswara amuwus, Ki Marebut kagyat ningali, kaketegepun sumyar, wong endi kandulu, dening nora asaraba, nora wikan ing soba sela wong iki, mesem Ki Jatiswara.

11

Lah anedha paman sapureki, depun agung paman suka dika, pasthi kadadeyan mangke, singgih wikana wau, pakanira paman puniki, Ki Marebut angucap, ulate marengut, tur sarwi ambakta landha, depun cangking ing beruk wandhahireki (hlm. 110), arsa adus karanas.

12

Pan ing pundi wastane punika, kae paman manira atanya, den agung pangapurane, atut saking sireku, Ki Marebut mangkya anauri, nenggih ing Wanacandra, wastane puniku, ing pundi pinangkanira, Jatiswara mangke sira anauri, sadya wang anglelana.

13

Tampa wisma manira puniki, mider-mider lwir pindah wong moyang, karsa tetakena mangke, maring kang sampun luhung, yen anaa kang asih iki, mara ing awakingwang, ika karsanepun, wingi ingsun amiarsa, nanggih mangke ing riki wonten wong ngarib, manira yun wikana.

14

Ki Marebut mau anaauri, kalingane sadya puruhita, karsanira tah ing mangke, lah ta dhaweg tumanduk, maring masjid mangke alinggih, mangke manira warta, maring guruningsun, lah ta mangke tumanduka, Jatiswara nulya sira anaauri, paman lah karuhuna.

15

Ki Marebut sigra-sigra mulih, arsa matur maring gustinira, sampun dhateng ing wismane, yen dhatengan anom apekik, gurune lagya nindra, nyaine sumaur, baya ana karyanira, sigra-sigra teka memanasi nati, lah age wewartaa.

16

Ki Marebut nulya matur aglis, nenggih nyai andika dhatengan, ataken kiyai mangke, ing riki keng jinujug, bagus anom brangteng Hyang Widi, nyainira angucap, shabarena iku kiyai lagra anindra, Ragamana tumulya kagyat anglilir, alinggih sarya dhaham.

17

Lah undangan kaki depun aglis, aturana alinggih ing wisma, yen arsa wong sanak mangke, Jatiswara winuwus, aneng masjid denira linggih, santrine padha cingak, tumon warnanepun, Ki Marebut nulya prapta, sarya angling Jatiswara den aturi, dhaweg malebeng pura.

18

Sigra tumurun saking surambi, sampun kiring sira maring wisma, sampun manjing ing korine, Syeh Ragamana muwus, anuruni sang wau prapti, lah mangke tumanduka, den aglis sireku, sampun anggellar kelasa, Jatiswara mangke sira nulya linggih, anulya singkrama.

19

Lah bagea mangke sasutya di, saking pundi mangke pakanira, punapa sinedya mangke, Jatiswara amuwus, tanpa wisma manira iki, sadya marek ing tuwan Ragamana muwus, punapa tah karsa tuwan, wus apanggih kelawan manira iki, angling Ki Jatiswara.

20

Marmanepun kawula maring riki, nenggih tuwan kasusra ulama, tur sarya murah wartane, kadunung ilmu agung, memarahi ing mudha iki, amupu ing wong nistha, manira angrungu, Ki Ragamana angucap, kalingane manira idhep ing ilmi, asawat yen temena.

21

Ki Ragamana aseng-aseng ing rabi, lan asunga mangke panginangan, den aglis mara ing akeh, rabine nulya metu, sampun kesthil wancanane, sigra atur pawohan, munggend bokor sampun, anulya sira tinapan, Jatiswara tumulya den ancarani, lah bagus amucangan.

22

Sampunya muncang tumulya angling, Ragamana maring garwanira, rabine tinimbang mangke, lah ta nyawisa sekul, sesajia ta sira yayi, rehe adhedhayohan, den inggal sireku, lawan sira jawadaha, asuguha sadarbe darbening miskin, iki kekasihe Hyang.

23

Jatiswara mangke wus atampi, wancanane Ki Syeh Ragamana, manira anedha mangke, larangan ujar iku, kang sinihin dening Hyang Widi, pilih ingkang jatinya, ing ujar puniku, manira iki duraka, aneng dunya pan dadi satruning Widi, mesem Ki Jatiswara.

24

Kang tinedha siang lawan latri, teka kena mangke ing duraka, den kadya hewan samine, Jatiswara gumuyu, kadya pundi karsanireki, dening sedha duraka, kayapa puniku, gumuyu Ki Ragamana, Ki Marebut tan wikan semune wadi, jege lengleng miarsa.

25

Ragamana mangke (hlm. 112) sira angling, Ki Marebut yayi undhangana, sowang sanakira kabeh, mungpung dhayohan luhung, kakula warta kang jati, aja tungkul ing sastra, den wruh jatinepun, aywa katungkul sambahyang, Ki Marebut tumulya mintar tumuli, uwar sakaumira.

26

Jatiswara wuwuse amanis, kadya pundi paman karsandika, duraka iku semune, Ragamana amuwus, sampun wonten jebeng sireki, aywa ngangge warana, kaki anakingsun, pan sampun ana ing para, Jatiswara mangkya sira anauri, paman manira nedha.

27

Paman wonten tah ujar puniki, sing sapa awas maring pangeran, pan agedhe ing dosane, iku ingsun angrungu, Jatiswara mangkya nauri, atut paman mangkana, manira angrungu, angucap Ki Ragamana, angur para wus wikan semune wadi, mesem Ki Jatiswara.

28

Ki Marebut pan ingucap malih, kang auwar maring kaumira, pan kabeh tinimbang mangke, payo aja na kantun, paman sira ingundang kaki, gurunira dhayohan, ika pan wong luhung, kaume wus padha teka, tuha anom santrine wus padha prapti, pareng linggih ta sira.

29

Ki Ragmana mangke sirangling, karanira sun undang sedyo, padha kakulaka kabeh, wartaning laku iku, mungpung ana kang sampun jati, kang sampun wruh ing paran, wekasaning laku, padha sira miarsaa, malah mandar mundhaka budinireki, pah padha angadhepa.

30

Samandening bapa ingsun iki, maksih tuna ing pawartaningwang, pan wikan sejati mangke, santri pan samya matur, lah anedha mangke kiyai, lawan tah den parsaya, ing kaharsaningsun, padha angakua sanak, Jatiswara ika anauri, paman manira nedha.

31

Karane bapak tingkah iki, karanepun tan wikan ing paran, dening tan temen lakune, pilih ingkang wong purun, anerajang larangan iki, akeh medhot belabar, dadya tan sinung wruh, katungkul oleh aksara, depun (hlm. 113) puhung kitabe angaling-alingi, mesem Ki Jatiswara.

32

Jatiswara mangke anauri, kadya pundi paman karsandika, kakang laku iku mangke, dadining laku ika, lawang paran dadine iki, yen nora lawan sastra, kang jati puniku, yen nora lawan sembahyang, kadi pundi Ki Ragmana lingnya ris,

Tan won dadi duraka.

33

Upamane kang syarengat iki, prelambine kadya wong sesawah, anggaru miluku mangke, karya lerleranepun, yen wus dadi leleraneki, tumrap wiji

saking Hyang ilmu wstanepun, lamun sampun sawurena, yen wus radin
lelere nira sejati, mangke den banyonana.

34

Jatiswara mangkya muwus aris, kang punendi kang pinakta toya,
panguripe wiji mangke, Ragamana amuwus, depun nyata ing rohireki, ika
pinaka toya, ilmuning Hyang Agung, lan asangua rerasan, sampun kandheng
ing sembah kelawan puji, yen ayun wruh ing paran.

35

Yen pinuhung syarengat puniki, ingaranan reke maksih bathal, dening tan
wikan jatine, nyatane maksih kandheg tatan-tatan, pasthi gampang yen
kena ing papan tulis, manira amiarsa.

36

Upamane ing laku puniki, yen kang teka kadya wong mimitra, sarta lawan
jarumane, mapan jaruman iku, pan tetiga kathahireki, dhehin, kelawan
sastra, kapindho puniku, jaruman kalawan badan, ping tigane jaruman lan
nyawa iki, iku dadining lampah.

37

Jatiswara ika anauri, kasinggihan paman karsandika, sembah lawan
tegese, angel ujar puniku, yen tan saking nugraha jati, yaiku marga
sempurna, dumduman ranepun, wonten mangke zakat badan, pira-pira
denya nglampahi, coba lawan bencana.

38

Kang duraka tah kadi pundi, ingaranan tah lampah tah lampah sampurna,
punapa mangke tegese, (hlm. 114), Ragamana amuwus, nenggih mangke

manira manggih, iku mulane awas, ananing Hyang iku, sawuse teka ing coba, iya iku duraka ing Hyang sejati, manira amiarsa.

39

Mapan wonten kocap ing jro dalil, ingkang coba kelawan bencana, damaring wong urip mangke, iku manira ngrungu, Jatiswara mangkya nauri, nyata lamun mangkana, ing wuwus puniku, ki santri padha angucap, kadi pundi jatining warta puniki, manira yudha wikan.

40

Tamatepun carita puniki, ing wening isinen jam dwi welas, Rabingulakhir wulane, tanggale kawlas iku, tahun Ha' Hijratunnabiyyi, Shallallahu ngalehi wasallama, sewu dwi tus kawlas dasa dwika, kang kumama rarya nom bodho hiranti, den agung pangaksama, Wallahu 'alam yalashshub.

By Andreij L Tjakraningrat